


2025
JAN - MAR

Vol. 101, No. 1

**Zvidzidzo zvechikoro
cheSabata**
Boka revakuru



CHIKAMU 1

Vhangeri rakanyorwa naJohane

Mudzidzi waidikanwa unozivisa Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari unogara nekusingaperi ari zvakare mushonga wehuMwari unorapa chitema chepasi rose.

Zviri Mukati



1. Vhangeri Rakanyorwa naJohani.....	5
2. Gwayana raMwari.....	10
3. Muchato wepaKana.....	15
4. Jesu ari Mutemberi.....	20
5. Jesu naNikodimo.....	26
6. Kumutsa Manzwiwo akadzama kweMweya Mutsvene.....	31
7. Jesu naJohani Mubhabhatidzi.....	36
8. Jesu nemukadzi Musamaria.....	41
9. Kuzvarwa Kwemuparidzi	47
10. Jesu neMwanakomana weMutariri Washe.....	52
11. Jesu nemunhu Wakaoma Mutezo WepaBetsaida.....	57
12. Kodzero yeMwanakomana.....	62
13. Jesu unopa zvokudya vanhu vazhinji.....	67

Nhanganyaya

Gore rino, tichange tichidzidza muzvikamu zvina pamusoro *peVhangeri rakanyorwa naJohani*. Asingatevedzeri zvinonyanya kuitwa, munyori wevhangeri rechina haazvizi-visi pachake, kana kuzvizi-visa pachake semumwe wevadzidzi vaviri avo vakatanga kutevera Jesu (Johani 1:37). Pachinzvimbo chekuita saizvozvo, wakazvivanza achishandisa kuti “mumwe mudzidzi,” “uya mudzidzi,” “mudzidzi... uyo waaida,” “mudzidzi uyo Jesu waaida,” uye “mudzidzi uyo akapupura zvinhu izvi”(Johani 18:15; 19:26; 21:20, 23, 24). Nyaya yekuti vamwe vadzidzi vainyanya kuzivikanwa vanodomwa nemazita asi zita raJohani richidarikirwa, zvinoda kuratidza kuti anofanira kuva iye munyori wevhangeri iroro.

Maererano nezvakanyorwa neMweya weChiporofita, munyori wevhangeri rechina akanga ari Johani, “mudzidzi uyo Jesu waaida.” Wakanga ari mumwe wevadzidzi vata-tu vakaona kubwinya kwaKristu pagomo raakashandurwa uye kurwadziwa kwake kukurusa mubindu chinguva chishoma zvichitevera kusungwa kwake. Upenyu hwake muyenzaniso wakakoshesa zvikuru unoratidza kuti nenzira ipi simba raMwari rinogona kushandura zvakaopera “mwanakomana wekutinhira” achiva munhu wemaitiro ane rudo nemaonero akadzama epamweya.

“Johani akabatira pana Jesu semuzambiringa zvaunobatira pambiru yechigaro chekutonga. Nokuda kwaIshe wake akashingira njodzi dzemuimba yekutongera uye akaramba achimira—mira achitenderera pamuchinjiko, uye pamashoko ekuti Kristu wakanga amuka, akaenda nekukasira kubwiro, muchidokwa-dokwa chake achidarika kunyange Petro wainyanya kukasirisa.


“Rudo rwechivimbo nekuzvipira kusina chidini kwakaritidzwa muopenyu nechimiro chaJohani kunopa zvidzidzo zvine hukoshi husingatsananguriki kusanganano rechiKristu. Johani haana kungozvarwa ane chimiro chakanaka pakutarisa icho nhoroo yake yekupedzisira yakaratidza. Sezvaiva pakuberekwa kwake aiva nezvipomerwa zvakananyanya. Akanga asina kuzvikudza chete, nekuzvivimba pakuzvipira, nekudisa kukudzwa asi aiita zvinhu nekukurumidzisa pasina kufungisisa, nekutsamwa kana akanganisirwa. Iye nemukoma wake vaidaidzwa kuti ‘vanakomana wekutinhira.’ Kutsamwa kwakaipa, chidiso chekutsiva, mweya wekutoropodza, zvose izvi zvaiva mumudzidzi waidikanwa. Asi pasi peizvi zvose Mudzidzisi wehuMwari akaona moyo une chidokwa-dokwa, uzere nekurevesa, une rudo. Jesu akatsiura kuzvitsvakira ikoku, akarasisa zvaaidokwairira, akayera kutenda kwake. Asi akaratidza kwaari izvo zvaidokwairira mweya wake – kunaka kwehutsvene, simba rekushandura rerudo.” – The Acts of the Apostles, pp. 539, 540.

Vane simba vose vekare vanotaura kuti vhangeri raJohani rakanyorwa paEfeso kunaana A. D. 90 kana imwe nguva iri kumashure kwaiyoyi. Mudzidzi akanga aiswa mumudzimo waiva nemapfema aikwata akapukunyuka rufu nenzira inoshamisa, uye nekufamba kwenguva akadzingerwa kuchiwi chePatimosi (Zvakazarurwa 1:9). Ikoko ndiko kwaakanyorera Zvakazarurwa. Kukwira kwaNerva pachigaro chekutonga (A.D. 96) zvakaite kuti zvive nyore kwaari kuti adzokere kuEfeso, uko kunotendwa kuti akaramba achigarako kusvikira achizofa munguva yekutonga yaTrajan (A.D. 98-117). Mweya waKristu dai watitungamirira mukudzidza kwedu muchikamu chino chekutanga muzvina, uye ubate moyo yedu tichidavira kurudo rwake!

Boka rechikoro chesabata rewungano inobata pasi rose

Zvipo Zvesabata Rekutanga

Sabata, January 4, 2025



Muzinda unobata zvakasiyana-siyana zvehutano nezvedzidzo kuParaguay

Nyika ine kuzvitonga yeParaguay inyika yakakomberedzwa neivhu iri kuzasi kweAmerica, uko inoganhurana neArgentina, Bolivia, neBrazil. Huwandu hwevanhu varimo hungangosvika mamiriyoni matanhathu nezana rezvuru (1.6 million), chikamu chinovika 96.1% chinodavira kuchiKristu (88.3% vari veKatorike uye 7.8% vari vekumwe kutenda kwechiKristu); 2.6% havana chitendero chavanodavira kwachiri, uye vanosara ndevézvimwe zvitendero kana kuti havana kuzviburitsa pavari. Upfumi hwenyika iyi yose hwakabatira zvakananyanya pane zvokurima- kunyanyisa kurimwa kwesoya beans- uye makore anopfuura makumi mashanu akadarika, Paraguay yakavandudza kugadzirwa kwezvinhu zvinoshanda nesimba remagetsi zvizhinji.

Nhengo dzekutanga dzeSDA Reform Movement dzakasvika kuno dzichibva kuHungary kunaana 1940 uye basa rakaramba richipararira kunaana 1950 kuburikidza nekushumira kwekutengesa mabhuku uye nekufamba kwenguva kunaana 1970 kuburikidza nebasa rekurapa nekuparidzira. Parizvino tine boka rinoshamisa renhengo dzakatendeka mumaguta makuru.

Kwemakore akawanda takange tine muzinda wezveutano unoshandisa zvakasikwa waishanda uri muguta guru reAsunción, wakanga uchiita kuti tigone kugoverana vhangeri nemweya yakawanda uye kudzidzisa mararamiro evanhu vaMwari vemusaririwa. Neku-batsira kwaMwari uye nekusanganisa kwedu chikwata chevakadzidzira mabasa, tine tariro yekumutsa imba yekurapira - asi iko zvino kuti igone kushanda senzvimbo yatingashandira tichibva tiri muguta, tichiwedzerawo nekumaruwa kuti tizadzikise kutaura kwehuMwari:

“Budai mumaguta. Vakai dzimba dzenyu dzekurapira, zvikoro zvenyu, uye mahofisi enyu kure kubva munzvimbo dzine vanhu vazhinji.” – *Selected Messages, bk. 2, p. 357.*

Tine chiratidzo ichi mupfungwa, takatenga nzvimbo yemunda yakaratidzika zvakanaka mumaruwa eboka rekuParaguari, anogona kusvika makiromita makumi matanhathu nenhanhathu (66 km) kubva muguta guru. Tagara tine nzvimbo yekunamatira uye nzvimbo yekugara yevanotungamirira panzvimbo iyi, asi aya anongova mavambo chete.

Chinangwa ndechekuvaka muzinda unoshanda zvakasiyana-siyana une muzinda wezveutano izvo zvakafanira kunge zviri mavambo, chikoro chechechi, imba yekunamatira, nechivakwa chekuvandudza bhizimusi rekudya kune utano rinovimirira pacharo rega. Tinokumbira kukupa kwehama dzedu munashe pasi rose kuti kutibatsire kuburitsa zvi-bereko kuchinangwa ichi. Kubatira pamwe kwenyu kuchapa simba idzva kuchikamu chekapedzisira chakakosha kuti basa iri ripere. Tinozorora musimba nemunyasha dzinoshamisa dzaMwari uye tine chivimbo chekuti Ishe achakomberera kushanda kwose kwevanhu vedu pasi rose tenderere kusimbisa nekukudza kuparidzira muchikamu ichi chemunda wemuzambiringa wake.

Vana mukoma nehanzvadzi dzenyu kubva kusangano riri kuParaguay

Vhangeri rakanyorwa naJohani

Vhesi yekurangarira: “Shoko rakazova nyama, rikagara pakati pedu, (tikavona kubwinya kwake, kubwinya soko wakaberekwa mumwe chete wababa,) azere nenyasha nezvokwadi” (Johani 1:14).

Bhuku Ratingaverenga: *Patriarchs and Prophets*, pp. 44-51, 111-16.

“Kubvira munguva yose isingagumi Kristu wakanga akabatana naBaba, uye apo akatora paari chimiro chemunhu, akanga achingova mumwe naMwari.” – *Selected Messages*, bk. 1, p.228.

1. JESU, MUMWE NABABA

Sun, Dec 29

a. Shoko raMwari rinoti chii pamusoro paJesu asati atora chimiro chemunhu? Johani 1:1, 2.

“Kubvira mumazuva asingagumi Ishe Jesu Kristu aiva mumwe naBaba; wakanga ari ‘mufananidzo waMwari,’ mufananidzo wehukuru hwake hwakanyanya nehumambo hwake, ‘kupenya kwekujeka kwekubwinya kwake.’ Kwaiva kuda kuratidza kubwinya uku kwakaita kuti auye mupasi redu rino. Panyika ino ine rima rechitema akauya kuratidza chiyedza cherudo rwaMwari – kuti ave ‘Mwari anesu.’” – *The Desire of Ages*, p. 19

“Kristu, iye Shoko, wakaberekwa mumwe chete oga naMwari, aiva mumwe naBaba vasingagumi – mumwe mukuberekwa, muchimiro, muchinangwa – pazvipenyu zvose iye chete aigona kupinda mumazano ose nezvinangwa zvaMwari.” – *Patriarchs and Prophets*, p. 34.

b. Jesu aionekwa sei naBaba uye nengirozi? Mapisarema 45: 6; Isaya 9:6; VaHebheru 1:3, 6-8.

“Ngirozi vashumiri vaMwari, vanopenya nechiyedza chinongoramba chichiyerera kubva pahupepo hwake uye dzichimhanyisa nemapapiro anokurumidza kuti dziite zvidiso zvake. Asi Mwanakomana, wakazodzwa waMwari, ‘kuratidzwa kwemufananidzo wechimiro chake chemunhu,’ ‘kujeka kwekubwinya kwake,’ achitsigisa zvinhu zvose neshoko resimba rake,’ anobata hukuru pamusoro pazvo zvose.” – *Ibid.*

a. Ndiyani akasika zvinhu zvose? Johani 1:3, 10; VaKorose 1:15-17; VaHeberu 1:2.

“NdiKristu akapetenura matenga, uye akateya nheyo dzepasi. Ruoko rwake rwakaturika dzinyika mumhepo, akashongedza maruva emunda. ‘Iye, anoteya makomo nesimba rake.’ ‘Gungwa nderake, ndiye akariita.’ Mapisarema 65:6; 95:5. Ndiye akazadza pasi nekunaka, uye akazadza mhepo nerwiyo. Uye pamusoro pezvinhu zvose mune rino pasi, nemumhepo, nemumatenga, akanyora shoko rerudo rwaBaba.” – *The Desire of Ages*, p. 20.

b. Dongonodza nzira iyo dzinyika nezvinhu zvose zvakasikwa vakasikwa nayo. Mapisarema 33:6, 9; 104:1-6.

“Mwari akataura, mashoko ake akasika mabasa ake mune izvo zvose zvakasikwa. Kusika kwaMwari kunongova chete kuchengetedzwa kwezvinhu zvakagara zvakagadzirirwa iye kuti azvishandise nekukasira kuita izvo zvinomufadza.” – *The SDA Bible Commentary* [E. G. White Comments], vol. 1, p.1081.

“Apo nyika yakabuda mukati meruoko rweMusiki wayo, yakanga yakanyanyisisa kunaka. Pamusoro payo yaiva nemakomo, zvikomo, nemapani akasiyanasiyana, aiparadzaniswa nenzizi dzakanakisa nemadziva anoyevedza; asi zvikomo nemakomo zvaisava pasina kufanira uye zvaisava nemakoronga, ane mawere anotyisa zvikuru nemakomba anotyisa sezvaaita izvozvi; matombo anobaya, ane chimiro chemativi asina kuyenzana akanga akafushirwa pasi peivhu raipa zvibereko, iro kwose-kwose raiburitsa zvirimwa zvaikura zvinoyevedza zvakanakisa. Kwakanga kusina nzvimbo dzinochengeta hunyoro hwemvura dzinosemesa kana gwega risingaiti zvibereko. Pakakwirira paive pakashongedzwa nemiti yakakura zvakananyisisa kudarika yose iripo ikozvino. Mhepo, isina kusvibiswa netsvina inokwira kubva pasi, yakanga yakachena ine utano. Chimiro chenzvimbo dzose chaipfuura kunaka nzvimbo dzakashongedzwa dzehumambo dzinonyanyisisa kuzvikudza. Hondo yengirozi yakatarisa chimiro ichi nemufaro, uye yakafadzwa nemabasa anoshamisa aMwari.” – *Patriarchs and Prophets*, p. 44.

“Bhaibheri harina nguva yakareba iyo nyika yaishanduka zvisvishoma nezvisvishoma kubva mukusava nechimiro. Zuva roga-roga raitevera rokusika, zvinyorwa zvitsvene zvinopupura kuti rakanga rine madekwana nemangwanani, zvakangofanana nemamwe mazuva ose akazotevera. Pakupera kwezvura rimwe nerimwe panopiwa tuso rebasa reMusiki.” – *Ibid.*, p. 112.

a. Ndiyani muvambi weupenyu hwose nechiedza chose–uye izvivinobatsira isu sei? Johani 1:4-9; Mabasa Avapositori 17:28.

“NdiKristu wakataura kuburikidza neumwe neumwe uyo mumakore ose akapfuura akapupura shoko raMwari kuvanhu. Kwaari iye kunaka kwose kunorati-dzwa muvanhu vanoita zvinhu zvakakurisisa panyika uye zvakakwiridzirwa kwaiva kuratidzirwa kwake.” – *Education*, p. 73.

“Kristu ndiye ‘Chiedza, chinovhenekera mumwe nemumwe pakusvika kwacho panyika.’ Johani 1:9. Saizvozvo kuburikidza naKristu munhu mumwe nemumwe ane upenyu, saka zvakadaro kuburikidza naye mweya umwe neumwe unogamuchira kumwe kupenya kwechiedza chehuMwari.” – *Ibid.*, p. 29.

“Simba raMwari richiri kungoratidzwa mukutsigisa zvinhu izvo zvekusika kwake. Hazviitiki nechikonzero chekuti mushina kana uchinge wangoitwa kuti utange kushanda unobva waramba uchingoshanda nesimba rawo riri mauri zvinoita kuti tsinga dzifambise ropa, uye kufema kuchitevera kumwe kufema. Kufema kumwe nekumwe, kufambisa ropa kumwe nekumwe kwemoyo, chiratidzo chekubatikira kwaiye uyo maari matinova matinoramira ne matinofambira nematinova neupenyu. Kubvira kuchipukanana chidokosa kusvika kumunhu, chisikwa chose chinoramira zuva rimwe nerimwe chakatsamira pamusoro pekubatikira kwake....

“Simba rakakurisa rinoshanda mune zvose zvakasikwa uye rinochengeta zvinhu zvose harisi chete, sematorerwo azvinoitwa nevamwe vanhu vetsvagurudzo yezvisingaonekwi pachena, mutemo unongopinda kwose, simba rinofambisa zvose. Mwari mweya; zvakadaro anotova nechimiro chemunhu, nekuti munhu akasikwa nemufananidzo wake. Muchimiro chemunhu, Mwari akazviratidza pachake muMwanakomana wake.” – *Ibid.*, p. 131.

b. Jesu anotii pamusoro pake? Johani 9:12; 3:19; 12:46.

“Mumashoko, ‘Ndiri chiedza chenyika,’ Jesu akazviburitsa pachake kuti ndiye Mesiasi. Simon wakanga akwegura...wakanga akataura pamusoro pake ‘sechiedza chokuvhenekera vahedheni, nokurumbidzwa kwavanhu venyu vaIsraeri.’ Ruka 2:32. Mumashoko aya wakanga achishandisira kwaari chiporofita chaizikanwa muIsraeri yose. Kuburikidza nemuporofita Isaya, Mweya Mutsvene wakanga wapupura kuti, ‘Chinhu chiduku kuti uve muranda wangu kuti umutse marudzi aJakobho, nokudzozazve vakasara vaIsraeri; ndichapawo uve chiedza chavahedheni, kuti kuponesa kwangu kusvikire kumugumo wenyika.’ Isaya 49:6, R.V. Chiporofita ichi chainyanya kuzivikanwa chichitaurwa chichireva Mesiasi uye apo Jesu akati, ‘Ndiri chiedza chenyika,’ vanhu havana kukundikana kuona kupupura kwake kuti Ndiye Chipikirwa.” – *The Desire of Ages*, p. 465.

a. Isaya wakaporofitei pamusoro pezita rakristu? Isaya 7:14. Chiporofita ichi chakazadzisika riini? Mateo 1:22, 23.

“Sezvo Jesu akauya kugara nesu, tinoziva kuti Mwari anoziva zviyedzo zvedu, uye anotinzwira mukurwadziwa kwedu. Mwanakomana nemwanasikana umwe neumwe waAdhamu anogona kunzwisisa kuti Musiki wedu ishamwari yevata-dzi. Nekuti mudzidziso imwe neimwe yenyasha, vimbiso imwe neimwe yemufaro, kuita kumwe nekumwe kwerudo, kukwezva kumwe nekumwe kwehuMwari kwakaraticidzwa muupenyu hwaMuponesi pano pasi, tinoona ‘Mwari anesu.’” – *The Desire of Ages*, p. 24.

b. Jesu akaiteyi kuti atisvikire muchimiro chedu chekudonha? Johani 1:14; VaFiripi 2:5-8; VaHebheru 2:14-18.

“Kuti tigone kuva tinoziva chimiro chake cheuMwari neupenyu hwake hweuMwari, akatora maberekerwo edu uye akagara pakati pedu. HuMwari hwakaraticidzwa muhumunhu; kubwinya kusingaonekwi kukaraticidzwa muchimiro chemunhu chinoonekwa. Vanhu vakagona kudzidza zvis-ingazikanwi kuburikidza nezvinozikanwa; zvinhu zvekudenga zvakaraticidzwa kuburikidza nezvinhu zvepano pasi; Mwari akaraticidzwa mukufanana nemunhu.” – Christ’s Object Lessons, p. 17.

“Mwanakomana waMwari akarohwa padanho rimwe nerimwe nemasimba erima. Apedza kubhabhatidzwa akasundwa neMweya akaenda kurenje, uye akarwadziwa nemuyedzo kwemazuva makumi mana...Kana akanga asiri mugoverani wemaberekerwo edu, angadai asina kuyedzwa sezvakaitwa munhu. Kana zvaisava nyore kwaari kuti arerekere kumuyedzo, aisagona kuva mubatsiri wedu. Yaiva zvokwadi yekurevesa yekuti Kristu wakauya kuti arwe hondo semunhu, achimira pachinzvimbo chemunhu. Muyedzo wake nekukurira kwake zvinotitaurira kuti humunhu hunofanira kufananidzira neMuyenzaniso; munhu anofanira kuva mugoverani wemaberekerwo ehuMwari.” – *The SDA Bible Commentary [E. G. White Comments]*, vol. 5, p. 1082.

“Kuti achengete kubwinya kwake kwakavharidzirwa semwana werudzi rwakadonha, uku ndiko kuzvirovedza kwairwadza zvikurusisa uko Muchinda weupenyu aigona kuzviisa pasi pako. Ndizvo akayera simba rake naSatani. Uyo akanga akadzingwa kubva kudenga akarwa zvisina tariro kuti awane kukurira pamusoro peuyo aakanga ane shanje naye pachigaro chekumusoro kudenga. Ihondo yakanga yakaita sei iyi! Hakuna mutauro wakakwanira kuidongonodza. Asi nenguva iri mberi zvichazonzwisikwa neavo vakakurira neropa regwayana uye neshoko rekupupura kwavo.” – *Ibid.*, pp. 1081, 1082.

a. Jesu akauya kuitirei vanhu? Johani 3: 16, 17; 1:12; Ruka 19:10.

“Kristu akaitirwa sezvataiva takafanira kuitirwa, kuti zvimwe tingagona kuitirwa sezvaakafanira kuitirwa. Akawanirwa mhosva nekuda kwezvitema zvedu, umo maakanga asina mugove, kuti zvimwe tingagona kururamiswa nekururama kwake, umo matakanga tisina mugove. Akarwadziwa rufu rwaiva rwedu, kuti zvimwe tingagona kugamuchira upenyu hwaiva hwake. ‘Neshamhu dzake takaporeswa.’” – *The Desire of Ages*, p. 25.

b. Tinodzoreredzwa nechibayiro chaKristu nenzira ipi? VaGaratiya 4:5-7; VaHebheru 2:10.

“Kristu akapa chibayiro chakazara uye chakakwana, chibayiro chakakwanira kuponesa mwanakomana nemwanasikana waAdhamu anofanira kuratidza kutendeuka kuna Mwari nekuda kwekudarikira murairo wake, uye oratidza kutenda muna Ishe wedu Jesu Kristu....Kristu ndiye Mutungamiriri weruponeso rwedu, uye nekutambudzika kwake pachake nechibayiro chake akapa muyenzaniso kuvateveri vake vose wekuti kurinda nekunamata, nekushingirira kushanda, zvaiva zvakakosha kudivi ravo kana vairatidza nenzira yechokwadi rudo runogara pachifuva chake kurudzi rwakadonha.” – *Testimonies for the Church*, vol. 2, p. 664.

“Mwari ane rudo nevana vake vanoteerera. Ane humambo hwakagadzirwa, kwete yevanhu vasingateereri, asi yevana vake avo vaakayera uye vaakayedza munyika yakasvibiswa uye yakaworeswa nechitema. Sevana vanoteerera, tine mukana weukama naMwari. ‘Kana tiri vana,’ akadaro, ‘saka tiri vadyi venhaka’ kunhaka isingafi.... Kristu nevanhu vake chinhu chiimwe.” – *The SDA Bible Commentary [E. G. White Comments]*, vol. 6, p. 1077.

1. Chimiro chipi icho Kristu akanga anacho kubvira nguva isingagumi?
2. Ndiyani akapetenura matenga uye akateya nheyo dzepasi?
3. Chiedza chazvokwadi chose chinobva kunaani?
4. Jesu anodaidzwa kuti ani kuna Isaya 7:14?
5. Jesu akava chii apo akatora chimiro chedu chemunhu?

Gwayana raMwari

VHESI YEKURANGARIRA: “Akamanikidzwa, akarohwa, kunyange zvakadaro haana kushamisa muromo wake; akauyiswa segwayana rinoiswa kundobayiwa uye segwai pamberi pevavevuri varo, akanyarara, saizvozvo haana kushamisa muromo wake” (Isaya 53:7).

Bhuku Ratingaverenga: *The Desire of Ages*, pp. 132-143.

“Regai mutadzi unotendeuka aise maziso ake ‘paGwayana raMwari, rinobvisa zvitema zvenyika.’” – *The Faith I Live By*, p. 107.

1. KUPUPURA KWAJOHANI MUBHABHATIDZI

Sun, Jan 5

- a. **Johani mubhabhatidzi akapupura chii maererano naJesu? Johani 1: 15-18.**
- b. **Johani anozvizivisa pachake kuvatungamiriri vechitendero nenzira ipi? Johani 1:19-23. Chiporofita chipi chaakazadzisa - uye tinobatandzwa nacho sei? Isaya 40:3-5.**

“Mudanho rimwe nerimwe renhoroondo yepasi rino Mwari akanga ane vami-ririri vake kuti vaendese basa rake kumberi, rinofanira kuitwa nenzira yake yaakatara. Johani mubhabhatidzi aiva nebasa rakakosha, iro raakaberekerwa uye kwariri kwaakagadzwa basa rekugadzirira nzira yaIshe....

“[Kushumiri kwake kwemurenje] kwaiva kuzadzisika kuri pachena kwechipo-rofita, kunoshamisa.” – *The Southern Watchman, March 21, 1905.*

“Ishe akapa [Johani mubhabhatidzi] shoko rake. Akaenda here kuvapisita nevatongi akandobvunza kana zvaigona kuti aparidzire shoko iri? – Kwete, Mwari akamuisa kure navo kuti arege kukanganiswa nemweya waiva mavari uye nedzidziso dzavo. Aiva inzwi reunodanidzira ari murenje, [Isaya 40:3-5 vhesi yakashandiswa]. Iri ndiro shoko chairo rinofanira kupiwa kuvanhu vedu; tava pedyo nekupera kwenguva, uye shoko nderiri, Gadzirai mugwagwa mukuru wamambo; bvisirai kure matombo; simudzirai vanhu chiyero. Vanhu vanofanira kumutswa. Haisi nguva ikozvino yekudanidzira rugare neku-chengetedzeka.” – *Selected Messages*, bk. 1, p. 410.

- a. **Apo Jesu akauya kuna Johani kuti abhabhatidzwe, Johani akamuziva sei uye akapupura chinangwa chake kuruzhinji? Johani 1:9, 34. Chiporofita chipi chakazadziswa neizvi? Isaya 53:4-7.**

“Kristu waingova Mudzikinuri wemunhu mukuvamba kwenyika sezvaangori nhasi. Asati afukidza huMwari hwake nehumunhu nekuuya panyika yedu, shoko revhangeri rakapiwa naAdhamu, Seti, Enoki, Metusera, naNoa. Abhurahamu munyika yeKenani naRoti muSodhomu vakatakura shoko, uye kubva pane rumwe rudzi kuenda pane rumwe rudzi nhume dzakatendeka dzakapupura Uyo Waiuya. Tsika dzeupfumi hwechiJudha dzakagadzwa naKristu pachake. Ndiye aiva nheyo yemaitiro avo ezvipiriso zvezvibayiro, mukuru waimirira chinamoto chechitendero chavo chose. Ropa raidewurwa apo zvibayiro zvaipirwa zvainongedzera kuchibayiro cheGwayana raMwari. Mifananidzo yezvipiriso zvose yakazadzikiswa maari.” – *Christ’s Object Lessons*, p. 126.

- b. **Johani wakazivisa Jesu kuvadzidzi vake sei? Johani 1:35, 36. Mashoko ake akaitei pavari – uye chii chakatevera kuitika muupenyu hwake pachake? Johani 1:37.**

“Muzuva rakatevera [mushure mekubhabhatidzwa kwaKristu, apo vadzidzi vaviri vakanga vakamira pedyo, Johani zvakare akaona Jesu ari pakati pevanhu. Zvakare chiso chemuporofita chakajekeswa nekubwinya kwaibva Kusingaonekwi, apo akadanidzira achiti, ‘Tarirai Gwayana raMwari! Mashoko aya akafadza moyo yevadzidzi. Havana kuanzwisisa zvakakwana. Zita iro Johani raakanga amupa rairevei – ‘Gwayana raMwari’? Johani pachake akanga asina kuri tsanangura. Vachisiya Johani, vakaenda kundotsvaka Jesu.’” – *The Desire of Ages*, p. 138.

“Johani akazivisa vadzidzi vake kuti Jesu akanga ari Mesiasi wakavimbiswa, Muponesi wenyika. Apo basa rake rakanga rava kunopera, akadzidzisa vadzidzi vake kutarisa kuna Jesu, nekumutevera seMudzidzisi Mukuru. Upenyu hwaJohani hwaiva nekusuwa nekuzviramba. Akazivisa kuuya KwaKristu kwakutanga, asi haana kutenderwa kuti aone zvizhamiso zvake, nekuva nemufaro nesimba rairatidzwa naye. Apo Jesu aifanira kuzvigadza pachake semudzidzisi, Johani akaziva kuti iye pachake aifanira kufa. Inzwi rake raisagara richinzwikwa, kunze chete kwemurenje. Upenyu hwake hwaiva hwekuva ega. Haana kubatira pamhuri yababa vake, kuwana mufaro pakuve navo, asi akavasiya kuti agone kuzadzisa chinangwa chake.” – *Early Writings*, p. 154.

- a. Ndevapi vakanga vari vamwe vadzidzi vaJesu vekutanga? Mateo 4:18, 21. Ndoupi mufaro muna Kristu wavakaraidza uye kusangana uye kusangana kwavo kwekutanga naye kwakatora nguva yakareba zvakadini? Johani 1:38, 39.

“Umwe wevaviri [vakatevera Jesu] aiva Andrea, munun’una waSimoni; mumwe aiva Johani muparidzi wevhangeri rechiKristu. Ava ndivo vaiva vadzidzi vaKristu vekutanga. Vachisundwa nechidiso chinongonyuka chavaisagona kurambidza, vakatevera Jesu – vane chidokwa-dokwa chekutura naye, asi vakashamisika uye vakanyarara, vakarasika mukukosha kwekusimba kwemufungo wekuti, ‘Uyu ndiye here Mesiasi?’

“Jesu aiziva kuti vadzidzi vakanga vachimutevera. Vakanga vari zvizereko zvekutanga zvekushumira kwake, uye makanga mune mufaro mumoyo meMudzidzisi wehuMwari apo mweya iyi yakadavira kunyasha dzake. Asi achitendeuka, akabvunza chete, ‘Munotsvakeiko?’ Aida kuvasiya vakasununguka kuti vatendeuke vadzokere kana kuti vataure zvaiva zvidiso zvavo. Maererano nechinangwa chimwe-chete chete ndicho chavakanga vachiziva. Huvepo humwechete ndihwo hwaizadza mifungo yavo. Ivo vakati kwaari, Rabhi,... munogarepiko?’ Munhaurirano yemuchidimbu parutivi penzira havaikwanisa kugamuchira izvo zvavaidokwairira. Vakava nechidiso chekuva vari vega naJesu, kuti vagare patsoka dzake, vanzwe mashoko ake...

“Kana Johani naAndrea vakanga vane mweya wekusatenda wevapirisita nevatongi, vangadai vasina kuwanikwa sevadzidzi vari patsoka dzaJesu. Vangadai vakauya kwaari sevawaniri vemhosva, kuti vatonge mashoko ake. Ndizvo vazhinji vanovhara musiu wemukana wakakoshesesa. Asi vadzidzi ava vekutanga havana kuita saizvozvo. Vakanga vadavira kukudaidza kweMweya Mutsvene mukuparidza kwaJohani mubhabhatidzi. Ikozvino vakaziva inzwi remudzidzisi wekudenga. Kwavari mashoko aJesu akanga azere nehutsva nezvokwadi nekunaka. Kujekesera kwehuMwari kwakajekera pamusoro pedziso yemagwaro echitenderano chekare. Madingindira ane mativi akawanda ezvokwadi akabuda achimira ari muchiedza chitsva.” – *The Desire of Ages*, pp. 138, 139.

- b. Vadzidzi vekutanga vakaitei vachangobva kusangana naJesu? Johani 1:41, 42.

“Andrea akatsvaka kuti ape mufaro uyo wakanga wakazadza moyo wake. Achienda achinotsvaka mukoma wake Simon, akadanidzira achiti, ‘Tawana Mesiya.’ Simon haana kumbomirira kugombedzera kwechipiri. Iyewo zvakare akanga anzwa kuparidza kwaJohani mubhabhatidzi, akabva akurumidza kuenda kuna Muponesi.” – *Ibid.*, p. 139.

a. Dongonodza zvakaitika apo Jesu akaidza mudzidzi aitevera kuti amutevere. Johani 1:43-45.

“Firipo akateerera zvaakarayirwa, uye pakarepo iyewo akabva ava mushandi waKristu. Firipo akaidza Natanaeri.” – *The Desire of Ages*, p. 139.

b. Tinodzidza chii kubva kunzira iyo Kristu akagona kukurira kusada kwaNatanaeri? Johani 1:46-49.

“Natanaeri paakatarisa pana Jesu, haana kuwana zvaaitarisira. Murume uyu, akatakura zviratidzo zvekushanda zvine simba neurombo, anogona here kuva Mesiasi? Zvisinei Natanaeri haaigona kufunga kuramba Jesu, nekuti shoko raJohani rakanga raunza kugutsikana kumoyo wake.

Panguva iyo Firipo akamudaidza, Natanaeri akanga aenda kunzvimbo ine miti yakavanda yakanyarara kuti anofungisisa pamusoro pezvakanga zvaziviswa naJohani uye zviporofita zvaiva nechekuita naMesiasi. Akanamata kuti kana uyo akaziviswa naJohani akanga ariye mudzikinuri, zvigone kuziviswa kwaari, uye Mweya Mutsvene wakabva wagara pamusoro pake nevimbiso yekuti Mwari akanga ashanyira vanhu vake uye akavasimudzira mudenga nyanga yeruponeso....

“Jesu akapindura akati kwaari, Firipo asati akudana, uri munyasi momuvonde, ndakakuvona.’

“Zvakanga zvakakwana. Mweya wehuMwari wakanga wapupura kuti wakaona Natanaeri ari mumunamato wake oga pasi pomuti womuvonde ikozvino wakataura kwaari mumashoko aJesu. Kunyange akanga asingatendeseki, uye achirekerera kusvika pane chimwe chiyero kukutenda kune zvaakajaira, Natanaeri akanga auya kuna Kristu nechidiso chekurevesa chekuda chokwadi, uye ikozvino wakasanganira chidiso chake. Kutenda kwake kwakaenda kumberi kupfuura kwake uyo wakanga amuwuyisa kuna Jesu. Akapindura akati, ‘Rabhi, ndimi Mwanakomana waMwari, ndimi Ishe waIsraeri.’

“Kana Natanaeri akanga akaisa kuvimba kwake kuvaRabhi kuti vamutungamirire, angadai asina kumbowana Jesu. Kwaiva kuburikidza nekuona uye nekuzvitongera pachake kwakaita kuti ave mudzidzi. Saka muzvimiro zvavazhinji nhasi avo kutenda kwemaitiro avakajaira kunovarambidza kuenda kune zvakanaka. Pangadai pane tuso yakasiyana zvakadini kana vaigona ‘kuuya vakaona’!

“Apo vanoisa kuvimba kwavo kukutungamirira kwesimba revanhu, hakuna kana mumwe achazosvika kuruzivo rwechokwadi chinoponesa. Sezvakafanana naNatanaeri, tinoda kuti tizvinzverere shoko raMwari pachedu, uye tonamatira kujekesera kweMweya Mutsvene. Uyo akawona Natanaeri pasi pemuvonde uchatiwona panzvimbo yekunamatira yakavanda. Ngirozi dzinobva kunyika yechiedza dziri pedyo kune avo mukuzvinipisa vanotsvaka kutungamirira kwehuMwari.” – *Ibid.*, pp. 139-141

a. Kristu akavimbisei Natanaeri—uye chikonzero nei? Johani 1:50, 51

“[Johane 1:50, 51 vhesi yakashandiswa.] Apa Kristu zvisina kupedzeredzwa akati, pamhenderekedzo pejoridhani matenga akavhurika, uye Mweya waka-buruka senjiva pamusoro pangu. Chiitiko ichocho chaingova chiratidzo chekuti ndiri mwanakomana waMwari. Kana ukatenda kwandiri ndiri saizvozvo, kutenda kwako kuchapiwa simba idzva. Uchaona kuti matenga akavhurika, uye haazomboharwi zvakare. Ndakamavhurira kunewe. Ngirozi dzaMwari dziri kukwira, dzakatakura minamoto yevanoshaya nevakashungurudzika kuna Baba vari kumusoro, uye dzichidzika, dzichiuya nechikomborero netariro, kushinga, nerubatsiro, neupenyu kuvana vevanhu.” – *The Desire of Ages*, pp. 142, 143.

b. Chii chinaitika kana tikagamuchira Kristu? Johani 4:14; Zvakazarurwa 22:17.

“Kana mumwe achinge agamuchira chokwadi mukuva nerudo nacho anoita kuti izvi zviratidzwe mukukurudzirwa kwemaitiro ake uye nematauriro einzwi rake. Anoita kuti zvizivikanwe izvo iye pachake akanzwa, akaona, nekubata zveshoko reupenyu, kuitira kuti vamwe vagone kuwadzana naye kuburikidza neruzivo rwaKristu. Kupupura kwake, kunobva pamuromo wakabatwa nezimbe romoto rinopfuta raburwa kubva paaritari, ichokwadi kumoyo unogamuchira, uye kunoshanda ruchenuro pamusoro pechimiho....

“Mwari angadai akasvika pachinangwa chake mukuponesa vatadzi pasina kubatsira kwedu; asi kuti isu tigone kuvandudza chimiro chakafanana necha-Kristu, tinofanira kugoverana mubasa rake. Kutigone kupinda mumufaro wake-mufaro wekuona mweya ichiponeswa kubva kuchitema kuburikidza nechibayiro chake-tinofanira kutora rupande mukushanda kwake kuti vaponeswe kubva kuchitema.” – *Ibid.*, p. 142.

1. Chikonzero nei Johani Mubhabhatidzi akadanidzirwa kurenje?
2. Tinogona kushandisa mararamiro aJohani Mubhabhatidzi mukurarama kwedu nenzira ipi?
3. Chii chatinogona kudzidza kubva kuna Johani naAndrea apo vakasangana naJesu?
4. Tinogona kukurudzirwa sei nekupupura kwekutanga kwaNatanaeri?
5. Chii chinoratidza kuti kutenda kwangu muna Kristu ndekwe chokwadi kana kuti hakusi kwechokwadi?

Muchato wepaKana

VHESI YEKURANGARIRA: “Itai zvose zvaanokuudzai” (Johani 2:5, chikamu chekupedzisira).

Bhuku Ratingaverenga: *The Desire of Ages*, pp. 144-153;
Messages to Young People, pp. 403-418.

“Jesu akatanga basa rerumutsiridzo nekuuya mukunzwira tsitsi kwepedyo nevanhu.” – *The Desire of Ages*, p. 150.

1. KUTANGA KWEHUSHUMIRI HWAKRISTU

Sun, Jan 12

a. Jesu akatangira hushumiri hwake kupi pano pasi? Johani 2:1, 2.

“Jesu haana kutangira hushumiri hwake nemamwe mabasa makuru pamberi pemakurukota paJerusarema. Pakuungana kwepamusha muraini doko reGari-rea simba rake rakaiswa kuti riwedzere kumufaro wemutambo wemuchato. Ndizvo akaratidza kunzwira tsitsi kwake vanhu, uye chidiso chake chekushumira kukufara kwavo. Ari murenje remuyedzo Iye pachake akanga anwa mukombe wekutambudzika. Akauya naizvozvo kuti ape kuvanhu mukombe wechikomborero, nekunamatira kwake kuchengetedza kwehuMwari kuti ahuite hutsvene hukama hweupenyu hwevanhu.” – *The Desire of Ages*, p. 144.

b. Chii chakaitika nguva iri kumashure mutambo wemuchato uchigere kupera? Johani 2:3.

“[Maria] aidokwairira kuti aratidze kuruzhinji rwavanhu kuti akanga ari iye zvirokwazvo Unokudzwa waMwari. Aiva netariro yekuti panogona kuva nemukana kwaari kuti aite chiratidzo pamberi pavo.

“Yaiva tsika yenguva iyoyo yekuti mitambo yekuwana iyenderere mberi kwemazuva akawanda. Pachiiitiko ichi, mutambo usati wapera zvakawanikwa kuti waini kwayaitorwa yakanga yapera. Kuzikanwa kweizvi kwakakonzera kuvhiringika kukuru nekuzvidemba. Chaiva chisiri chinhu chakajairika kutendera kusavepo kwewaini pazviitiko zvemitambo, uye kusavepo kwayo kwai-gona kuratidza kusakwanira pakugamuchira vayeni zvakana.” – *Ibid.*, pp. 145, 146.

a. Mai vaKristu vakati chii, uye iye akapindura achiti chii? Johani 2:3, 4.

“[Johani 2:4 vhesi yakashandiswa.] Mhinduro iyi, yakauya nenguva diki sez-vainoratidza kwatiri, yaisaratidza kusave nerudo kana kusave neruremekedzo. Matauriro akaita Muponesi kuna amai vake akanga achienderana netsika dzenyika dzekumabudazuva dziri nechekumberi. Aishandiswa kune vanhu vaunenge waita chidiso chekuratidza ruremekedzo. Kuita kwoga-kwoga kweu-penyu hwaKristu hwepanyika kwaipindirana nemurayiro iye pachake waakanga akapa, ‘Kudza baba vako namai vako.’ Ekisodho 20:12. Ari pamuchinjikwa, muchiitiko chake chekupedzisira chekuratidza rudo kuna mai vake, Jesu zvakare akataura kwaari nenzira imwechete, apo akamupira kukuchengeta kwemudzidzi wake waaidisa zvikurusa. Zvose pamutambo wekuwana nepaiva pamuchinjikwa, rudo rwakaratiidzwa neinzwi nekutarisa nemaitiro rwakadudzira mashoko ake.” – *The Desire of Ages*, p. 146.

b. Mai vaKristu vakati chii kuvaranda – uye mashoko aya nenzira imwechete anoshanda kwatiri nhasi nenzira ipi? Johani 2:5.

“[Kristu] vateveri vake vanofanira kuramba vachiva simba mukuparidzwa kwechokwadi apo vanoramba vachiswera pedyo kukukwanira kwekutenda nekwerudo kuhama dzavo mukutenda. Mwari akapa rubatsiro rwehuMwari kumatambudziko ose anongoyerekana atiwire ayo zvatina zvo sevanhu hazvikwaniri kwaari. Anopa Mweya Mutsvene kuti ubatsire mune zvose zva-kaoma, kuti usimbise tariro yedu nechivimbo chedu, kuti ujekesere pfungwa dzedu nekuchenura moyo yedu. Anoreva kuti zvinhu zvakakwana zvichapiwa kuti zvishande kuburitsa mazano ake. Ndinokurayira kuti utsvake zano kubva kuna Mwari. Mutsvake nemoyo wose, uye ‘itai zvose zvaanokuvudza.’ Johani 2:5.” – *Testimonies for the Church*, vol. 6, pp. 414, 415.

c. Jesu akataurira varanda kuti vaitei pamuchato? Johani 2:6-8.

“Parutivi rwenzira yepamuswi paiva pamire makate anoisirwa mvura emabwe aiva akakura ari matanhatu, uye Jesu akaraira varanda kuti vazadze makate aya nemvura. Zvakaitwa saizvozvo. Zvino apo waini yakanga yava kudikanwa kuti ishandiswe nekukasira, akati kwavari, ‘Cherai zvino, muise kumukuru wemutambo.’ Pachinzvimbo chemvura iyo midziyo yakanga yazadzwa nayo, pakayerera naizvozvo waini.” – *The Desire of Ages*, p. 148.

a. Apo waini yakapiwa vanhu kuti vamwe, mukuru wemutambo akaita sei? Johani 2:9, 10.

“Paive pasina kunyange mukuru wemutambo kana vayeniwo zvavo aiziva kuti waini kwayaitorwa yakanga yapera. Pavakaravira iyo yaiva yaunzwa nevaranda, mukuru wemutambo akaiwana iriyo yaiva pamusoro kupinda dzimwe dzose dzaakambenge akambomwa, uye yaiva yakasiyana zvakanyanyisa kubva kune yakapiwa vanhu pakutanga kwemutambo.” – *The Desire of Ages*, p. 148.

b. Iwaini yerudzi rupi yakapiwa naKristu? Isaya 65:8.

“Waini iyo yakapiwa naKristu achiitira mutambo, uye iyo yaakapa kuvadzidzi semufananidzo weropa rake pachake, yaiva muto wemazambiringa usina chaunopomerwa. Kune iyoyi ndiko muporofita Isaya anonongedzera apo anotaura nezvewaini itsva ‘musumbu remizambiringa,’ mumwe akati, ‘Usariparadza, nokuti mukomborero urimo.’....

“Waini isina kuvidzwa iyo yaakapa kuvayeni vakakokwa kumuchato yaiva kumwa kwakakwana uye kunopa simba. Tuso yayo yaiva yekuuyisa kunaka kwayo mukupindirana nehavi yekudya ine utano,” – *Ibid.*, p. 149.

c. Magwaro anotii pamusoro pewaini yakaviriswa? Zvirevo 20:1; 23:29-35.

“Aiva Kristu uyo muchitenderano chekare akapa yambiro kuIsraeri, ‘Waini mudadi, doru mupopoti; ani naani anobatwa nazvo, haana kuchenjera.’ Zvirevo 20:1. Uye iye pachake haapi kumwa kwakadaro. Satani anonyengera vanhu kuti vagutse havi inozodzimaidza kufunga kwakanaka nekuisa kusadavira kukuziva kwepamweya, asi Kristu anotidzidzisa kuti tiise kuchiva kwenyama pasi pekudzorwa. Upenyu hwake hwose hwaiva muyenzaniso wekuzviramba. Kutu agone kupwanya simba rehavi yekudya, akarwadziwa pachinzvimbo chedu nekuyerwa kunorwadza zvakanyanyisisa kuti vanhu vagone kutsungirira. Aiva Kristu akarayira kuti Johani mubhabhatidzi arege kumwa kunyange waini kana doru. Aiva iye akapa rayiro imwechete yekusiyana nezvinodhaka pamudzimai waManoa. Uye akaisa kutukwa pamunhu anoisa bhodhoru pamuromo wemuvakidzani wake. Kristu haana kupikisana nedzidziso yake pachake.” – *Ibid.*

- a. **Zvinangwa zvipi zvakazadzisika zvose kuburikidza nehuvepo hwa-Kristu uye nechiratidzo chake pamutambo wemuchato, kunyange nekWatiri nhasi? Johani 2:11**

“Kristu aiziva zvinhu zvose; akatarisa achidzaka makore mazhinji kusvika panguva yedu in, uye akaona chaizova chiri chimiro chemagariro evanhu mukuvharwa kwenhorooondo yerino pasi. Akaona zvuru pamusoro pezvuru zvichiparara mukushandiswa kwewaini nedoro. Nyika yaizouya zvishoma nezvishoma muchimiro chimwechete sechayaiva mumazuva ayo murove usati waitika. Asi denga rakasimudza yambiro yenjodzi, kuti vanhu zvimwe vangagona kutora yambiro uye voshandizana naMwari kuitira kuchengetedza kwavo pachavo. Akatipa miyenzaniso yekusiya zvakakwana, uye akapa rayiro yekuti, kana ikatevedzerwa inozopa tuso rekusikwa nekuchengetedzwa kwesimba, kugona kuziva nekukwanira muna zvose kwevana vedu.” – *The Signs of the Times, April 16, 1896.*

- b. **Dongonodza rudzi rwemaitiro anopa simba idzva ayo Kristu akajekesa nekupa muyenzaniso muhushumiri hwake hwose. Mateo 11:29.**

“Jesu akatanga basa rerumutsiridzo nekuuya mukunzwira tsitsi kwepedyo nevanhu. Apo airatidza ruremekedzo rwakakurisisa kumutemo waMwari, akatsiura ruremekedzo rwekunyepera rwevaFarisi, uye akaedza kusunungura vanhu kubva kumitemo yaisareva chinhu iyo yaivasunga. Aiva achitsvaka kupwanyira pasi miganhu iyo yaipatsanura mapoka akasiyana ari mukugara, kuti agone kuunza vanhu pamwechete sevana vemhuri imwe. Kuvepo kwake pamutambo wemuchato kwaiva kwakarongwa kuti kuve danho rakanangana nekuzadzisa izvi.” – *The Desire of Ages, p. 150.*

“Jesu akatsiura kugutsa zvidiso zvechindini muzvimiro zvazvo zvose, asi aiva ari munhu aiwadzana nevamwe mukuberekwa kwake. Aitenda kugamuchirwa kwakanaka semuyeni kwemapoka ose, achishanyira dzimba dzavapfumi nevarombo, dzevakadzidza nevasina kudzidza, uye achitsvaka kusimudzira mifungo yavo kubva kumibvunzo yakajairika yeupenyu kuzvinhu izvo zvinova zvepamweya nezveupenyu husingaperi. Haana kutendera kushandiswa kwezvinhu kusina kubatikira, uye hapana mumvuri wekusarevesa wenyika wakasvibisa kuita kwake; asi aiwana mufaro muzviitiko zvemafaro asina chitema, uye kuburikidza nehuvepo hwake akatendera kuwungana kwekuwadzana. Wanano yechiJudha yaiva chiitiko chaifadza, uye mufaro wayo waiva usina kusafadza kuMwanakomana wemunhu. Nekuvepo pamutambo uyu, Jesu akakudza wanano semutemo wehuMwari.” – *Ibid., pp. 150, 151.*

a. Chii chatinofanira kudzidza kubva kumuyenzaniso waKristu icho chakamusiyanisa zvinopikisana nevatongi vechitendero venguva yake? Zvirevo 18:24.

“Hushumiri hwaKristu hwaiva nemusiyano unoonekwa kune uhwo hwevakuru vechi-Judha. Matorero avaiita zvetsika nekubatira pane zvinotevedzwa zvakatemwa zvaiva zvakaparadza rusununguko rwose rwazvokwadi rwemufungo kana rwekuita. Vaigara mukungoramba vachingotyva kusvibiswa. Kuti varege kuswedera pedyo ‘nezvakasviba,’ vaizviisa kure, kwete chete kubva kuvahedheni, asi kubva kuvanhu vakawanda verudzi rwavo, vasingatsvaki kuti vavabatsire kana kuti vawane hushamwari navo. Nekugara nguva dzose panyaya idzi, vakanga vaita kuti pfungwa dzavo dzipfupikiswe nekuita kuti maitiro ehupenyu hwavo ave akamanikana. Muyenzaniso wavo waikurudzira kuzvikudza nekusada kuona nekuremekedza musiyano wemaonero pakati pemapoka ose evanhu.” – *The Desire of Ages*, p. 150.

b. Chii chinofanira kuva chinangwa chedu mukuwadzana kwekushandidzana kwose? Zvirevo 11:30.

“Tinogona kuratidza kubatikira kudoko kunosvika churu mumashoko ane hushamwari nekutarisa kunofadza, uko kunopenya kuchidziswa kwatiri zvakare. MaKristu asingafunggi anoratidza nekusabatikira kwavo vamwe kuti havana kubatana naKristu. Hazvigoneki kuva wakabatana naKristu asi wova usinganzwiri vamwe tsitsi nekukanganwa kodzero dzavo.

“Tose tinofanira kuva zvapupu zvaJesu. Simba rekuwadzana, rakachenurwa nyenya dzaKristu, rinofanira kuvandudzwa mukuwanira mweya kuna Muponesi. Regai nyika iwone kuti hatina kubatikira nechindini mune zvatnofarira zvedu pachedu, asi kuti tinodisa vamwe kuti tigoverane navo zvikomborerero zvedu nemikana yedu. Regai vaone kuti chitendero chedu hachitiiti kuti tive tisinganzwiri tsitsi kana kunyanya kuomesera. Regai vose vanodavira kuve vakawana Kristu vashumire sezvaakaita kuti vanhu vabatsirike. Hatifaniri kutombopa kunyika kuratidza kwemanypopo kwekuti maKristu vanhu vakasuruvara, vasina mufaro.” – *The Adventist Home*, p. 428.

1. Dongonodza zvizereko zvepamweya zvakaberekwa nechiratidzo chaKristu muKana.
2. Dongonodza ukama huri pakati pakristu namai vake.
3. Chikonzero nei mukuru wemutambo akaratidza kushamisika?
4. Iwaini yerudzi rupi inomirira zvakanfanira ropa raKristu?
5. Pawungano dzekuwadzana, chii chatinofanira kurangarira kubva kumuyenzaniso waKristu?

Jesu ari Mutemberi

VHESI YEKURANGARIRA: “Asi Jehovha ari mutemberi yake tsvene, nyika yose ngairambe inyerere pamberi pake” (Habhakuku 2:20).

Bhuku Ratingaverenga: Testimonies for the Church, vol. 5, pp. 491-500

“Nzvimbo yose yakapoteredza pasangano inofanira kupiwa ruremekedzo rutsvene.” – *Testimonies for the Church, vol. 5, p.*

1. TEMBERI YAKASVIBISWA

Sun, Jan 19

a. Dongonodza chimiro chakanga chavamo mutemberi yepaJeru-saremapakutanga kwekushumira kwaKristu kuruzhinji. Johane 2:13, 14.

“MuJudha umwe neumwe aidikanwa kuti abhadhare pagore roga roga chidimbu cheshekeri ‘sechiitiko chekusunungurwa kubva kuhutapwa kwemweya wake.’... Kunze kweizvi, mari zhinji yaiuyiswa sezvipi zvinopiwa sekuda kwako, kuti iyiswe muhomwe yetemberi. Uye zvaidikanwa kuti mari yose yesimbi yekune dzimwe nyika yaifanira kuchinjwa kuyiisa kumari yesimbi yainzi shekeri retemberi, iyo yaigamuchirwa pakunamata kwepanzvimbo tsvene. Kuchinjiswa kwemari kwakapa mukana wokuita zvokunyengera nekudhurisa kwakanyanyisa, uye zvakanga zvakura zvokuva kutenga nokutengesha kunorambidzwa nemutemo kunonyadzisa, yakanga iri nzira yekuita mari kuvapisita.

“Vaichinjanisa vakanga vachida mitengo inodhurisa yemhuka dzaitengeswa, uye vaizogovana mari dzavo dzavaiwana nevapisita nevatongi, avo vaizvipfumisa pachavo vachidzvanzirira vanhu.” – *The Desire of Ages, p.155.*

b. Izvi zvakakanganisa sei zvinamato zvepatemberi? Ezekieri 22:26 (chikamu chekupedzisira).

“Zvibayiro zvizhinji zvaipiwa panguva yePaseka, uye mari dzekutengesha patemberi dzainge dzakawanda. Nyongano yaitevera yairatidza nzvimbo ine ruzha yekutengesera mombe pane kuva temberi tsvene yaMwari. Paigona kunzwickwa kudanidzira kwepamusoro kwekutsvaka kudzikisirana mutengo, kukuma kwemombe, kuchema kwemakwai, kurira kwenjiva, kwakasangana nekurira kwemari yesimbi nekukakavadzana kwekutsamwa. Saka nyongano iyi yaiva yakakura zvekuti vanamati vaivhiringidzwa, uye mashoko aita urwa kune Wokumusoro-soro ainyura mubongozozo raiva rapinda mutemberi.” – *Ibid.*

a. Mwari anatora sei nzvimbo iyo anoratidza huvepo hwake – uye chii chaakatanga kurayira pagomo reSinai? EkiSodho 3:1-5; 19:12, 13.

“Apo Jehovha akadzika pagomo reSinai, nzvimbo iyi yakaitwa tsvene nehuvepo hwake....Ndizvo pakadzidziswa chidzidzo chekuti pose-pose apo Mwari anoratidza huvepo hwake, nzvimbo iyoyo itsvene.” – *The Desire of Ages*, pp. 155,156.

b. Kristu akaita sei kumaitiro ekumhura mweya mutsvene? Johane 2:15, 16.

“Apo Jesu akapinda mutemberi, akatora maari chimiro chose. Akaona kusayenzanisirana kwekuchinjana. Akaona kushungurudzika kwevarombo, avo vaifunga kuti pasina kudeuka kweropa hapagoni kuva nekuregererwa kwezvitema zvavo. Akaona nzvimbo yekunze yetemberi yake ichishandurwa kuva nzvimbo isiri tsvene yekutengesa nekutenga kusiri pamutemo. Mukati maiva mutsvene makanga mava nzvimbo imwe yakakura yekuchinjana.” – *Ibid.*, p. 157.

“Achidzika madanhu zvishoma nezvishoma, uye achisimudza tyava yerwonzi yaakatora akasimudza paakapinda mukati, akarayira vazhinji vaitaurirana pamitengo yekutenga nekutengeserana kuti vabude vabve mukati metemberi. Nechidokwa-dokwa uye nekujekesa kwakanyanyisisa kwaakanga asina kumbobvira aratidza nguva iri kumashure yose, akawisa matafura avaichinja mari. Mari yesimbi yakadonha, ichiririsa pamusoro pepakavakwa nematombo akawomarara. Hapana wakada kumubvunza simba rake. Hapana wakada kumira kuti awunganidze zvavakanga vavana nenzira isina kunaka zvavo. Jesu haavarovi netyava yerwonzi, asi muruwoko rwake tyava iyoyo yakajairika yakaratidzika ichityisa semunondo unopfuta. Vatariri vemutemberi, vapirisita vaiva nefungidziro, vaitengesera vamwe nevaitengesera nekutenga mombe, nemakwai nemombe dzavo, vakatiza vachibva panzvimbo iyi, vaine mufungo umwe wekupukunyuka kubva kukuwanira mhosva kwehuvepo hwake.” – *Ibid.*, p. 158

c. Kuita kwaKristu kwekuchenesa temberu kwaimirirei? Maraki 3:1-3.

“Nzvimbo iri kunze kwetemberi yepaJerusarema, yakazadzwa neruzha rusiri rutsvene rwekutengesa nekutenga kusiri pamutemo, zvaimirira zvikuru zvirokwazvo temberu yemoyo, yakasvibiswa nehuvepo hwehavi dzekuchiva kwenyama nemifungo isiri mitsvene. Mukuchenesa temberu kubva kuvatengi nevatengesi vepano pasi, Jesu wakazivisa chinangwa chake chekuchenura moyo kubva kukusvibisa kwechitema – kubva kuzvidiso zvenyika, kuchiva kwechindini, maitiro akaipa, ayo anowodza mweya.” – *Ibid.*, p. 161.

a. Chinangwa chaMwari chokutanga chaiva chei mukugadza nzvimbo yake tsvene pakati pevanhu vake? Ekisodho 25:8.

“Temberi iyoyo, yakavakwa kuve ugaro hweuvepo hwewuMwari, yaiva yakarongwa kuti ive chidzidzo chine chinangwa kuIsraeri uye nekunyika yose. Kubvira munguva isingagumi chaiva chinangwa chaMwari kuti zvinhu zvose zvine upenyu zvakasikwa, kubvira kuserafi inopenya uye tsvene kusvika kumunhu, zvaifanira kuva temberi yokuti Musiki agare.” – *The Desire of Ages*, p. 161.

**b. Chikonzero nei vatendi vachionekwa setemberi yaMwari – uye nenzi-
ra ipi tichifanira kuchengeta nemoyo wose hutsvene hwetemberi iyi? 1
VaKorinde 3:16, 17; Isaya 57:15.**

“Nekuda kwechitema, vanhu vakarega kuva temberi yaMwari. Vakasviba nekusvibiswa nezvakaipa, moyo wemunhu haucharatidzi kubwinya kweUyo une huMwari. Asi kuburikidza nekutora moviri wemunhu kweMwanakomana waMwari, chinangwa chedenga chinozadzisika. Mwari anogara muvanhu, uye kuburikidza nenyasha dzinoponesa moyo wemunhu novva zvakare temberi yake.” – *Ibid.*

“Kana tichitenda kuti kuguma kwezvinhu zvose kwava pedyo, ‘Chimiro chevanhu vakadini chatinofanira kuva mukutaura kwose kutsvene nekunamata Mwari?’

“Mweya umwe neumwe uyo unotenda zvirokwasvo chokwadi uchava nemabasa anoyenderana. Vose vachava vanorevesa uye vanoremekedza, uye vasinganeti mukushanda kwavo kuwanira mweya kuna Kristu. Kana chokwadi chakadyarwa zvakadzika pakutanga mumweya yavo pachavo, ipapo vachazotsvaka kuchidyara mumoyo yevamwe. Chokwadi chinochengetwa zvakazara zvakanyanyisa kunze kwetemberi. Chiuyise mukati metemberi yomweya, chigadze pachigaro mumoyo, uye worega chotungamirira upenyu. Shoko raMwari rinofanira kunzverwa nekuteererwa, ipapo moyo uchawana zororo nerugare nemufaro, uye zvidiso zvinodikanwa zvicharerereka kukwira kudenga; asi kana chokwadi chikachengetwa chakaparadzaniswa kubva kukurarama, kunze kwetemberi, moyo haudziyiswi nemoto unopfuta wekunaka kwaMwari.

“Chitendero chaJesu, nevazhinji chinochengeterwa mamwe mazuva, kana zvimwe zviitiko, uye pane dzimwe nguva chinosiswa parutivi uye chinoshayirwa hanya. Mutemo unogara wechokwadi hausi chete wenguva shoma nomusi wesabata, kana wemabasa mashoma erudo, asi unofanira kuuyiswa mumoyo, uchinatsa nekuchenura chimiro.” – *Testimonies for the Church*, vol. 5, p. 547.

- a. **Chii chatinofanira kuona pamusoro pechimiro chedu chekusagona kuzvibatsira mukutsvaka kuchenesa temberi? Jeremia 2:22; Jobho 14:4.**

“Hakuna munhu iye pachake anogona kuburitsa zvakaipa zvizhinji izvo zvakatora kutungamirira moyo.” – *The Desire of Ages*, p. 161.

- b. **Chii chakavanzika chinoita kuti ugone kumira pamberi paMwari mutsvene nemoyo wakachena? Ezekieri 36:25-27; Zakaria 3:3-5.**

“Jakobho akanga ane mhosva yechitema chikuru mukuita kwake kuna Esau; asi akanga atendeuka. Kudarika kwake kwakanga kwaregererwa, nechitema chake chakanga chabviswa; naizvozvo aigona kuramba achirarama aona zvakarurwa zvehuvepo hwaMwari. Asi pose-pose vanhu vaiuya pamberi paMwari apo vachichengeta zvakaipa nekuzvidira, vaiparadzwa. Pakuuya kwa-Jesu kwechipiri usakarurama uchavurawa ‘nomweya womuromo wake,’ uye achaparadzwa ‘nokuvonekwa kwokuuya kwake.’ 2 VaTesaronika 2:8. Chiedza chekubwinya kwaMwari, chinopa upenyu kune vakarurama, chichavuraya vasina kururama.

“Munguva yaJohani mubhabhatidzi, Kristu akanga ava kuda kuonekwa semuradidzi wechimiro chaMwari. Huvepo hwake chaihwo hwaizoratidza kuvanhu chitema chavo. Kana chete vaiva nechidiso chekucheneswa kubva kuchitema ndizvo zvaizoita kuti vapinde mukuwadzana naye. Avo chete vakachena mumoyo ndivo vanogara muhvepo hwake.” – *Ibid.*, p. 108.

“NdiKristu chete anogona kuchenesa temberi yemweya. Asi haazomanikidzi kuti apinde. Haawuyi mumoyo sezvaakaita kutemberi yekare; asi anoti, ‘Tarira, ndimire pamukova, ndichigogodza; kana munhu akanzwa inzwi rangu, akazarura mukova ndichapinda kwaari.’ Zvakazarurwa 3:20. Anouya, kwete kwezuya rimwechete chete; nekuti anoti, ‘Ndichagara mukati mavo, nokufamba mukati mavo; ndichava Mwari wavo, ivo vachava vanhu vangu.’ ‘Achatsika zvakaipa zvedu pasi petsoka dzake; muchakandira zvivi zvavo zvose mukudzika kwegungwa.’ 2 VaKorinde 6:16; Mika 7:19. Huvepo hwake hunozochenura mweya nekuuita mutsvene, kuitira kuti ugone kuva temberi tsvene kuna Jehovha, uye ‘kuti muve vugaro bwaMwari muMweya.’ VaEfeso 2:21, 22.” – *Ibid.*, pp. 161, 162.

“Apo Jesu ari kushumira munzvimbo tsvene kudenga, achingori kuburikidza neMweya wake mushumiri wesangano iri pano pasi.” – *Ibid.*, p. 166.

- a. **Nenzira ipi Mwari anosungira vatungamiriri vevanhu vake kuti vazv-davire pakubatikira kuchengetedza hutsvene hweimba yake? Habhakuki 2:20; Ezekieri 44:23.**

“Nzvimbo yose yakapoterredza temberi yaMwari ingadai yakatorwa iri tsvene. Asi mugakava rekuwana zvakawedzera zvose izvi hazvina kuonekwa.

“Vapirisita nevatongi vakadaidzwa kuti vave vamiririri vaMwari kurudzi rwose; vangadai vakagadzirisa kukanganisirwa kwaitwa nzvimbo iri kunze kwetemberi. Vangadai vakapa kuvanhu muyenzaniso wehunhu hwakakwana nekubatwa nekunzwira tsitsi.” – *The Desire of Ages*, p. 156.

“Zvakanyanyisa kuva chokwadi kuti kuremekedzwa kweimba yaMwari kwakanga kwava pedyo nekupera. Zvinhu zvitsvene nenzvimbo tsvene hazvinzwisisikwi; zvitsvene nezvakakwidziridzwa hazvinzwisisikwi zvakakwana....Mwari akapa mitemo yekurongeka, yakakwanira, yechokwadi chakakwana, kuvanhu vake venguva yekare. Chimiro chake chakashanduka here? Hazvinganaki kwatiri isu here kazhinji kuti tiverenge makwara akapiwa naMwari pachake kuvaHebheru, kuti isu tine chiedza chechokwadi chinobwinya chichipenyera pamusoro pedu tingagona kufananidzira ruremekedzo rwavo rwekuimba yaMwari?” – *Testimonies for the Church*, vol. 5, pp. 495,496.

- b. **Tsanangura kukurira kwakakosha kunofanira kuwanikwa musimba raKristu. Mateo 5:8; 1 Johani 3:1-3.**

“Ndinodaidza pamusoro peumwe neumwe anozviti iye mwanakomana waMwari kuti asambokanganwa chokwadi ichi chakakura, chekuti tinoda Mweya waMwari matiri kuti tigone kusvika kudenga, nebasa raKristu riri kunze kwedu kuti rigone kutipa zita rinotiyendesa kunhaka isingafi.” – *Testimonies to Ministers*, p. 442.

1. **Ndivanaani vaiva vatungamiriri vechitema chokutenga nekutengesa mutemberi?**
2. **Ndeapi anofanira kuva maitiro emumwe nemumwe anouya pamberi paMwari?**
3. **Tsanangura kukosha kwepamweya temberi yepaJerusarema kwayaifanira kuva nako.**
4. **Kristu akapupura chii mukuchenesa temberi?**
5. **Nenzira ipi chete moyo yedu yehumunhu ine mhaka ingagona kucheneswa?**

Zvipo Zvesabata Rekutanga

Sabata, January 4, 2025



Kubatsira Matambudziko anowira Pasi Rose



Hapana mubvunzo wekuti zvokurwa, guhwa rezvokurwa, tsaona dzinotyisa, kusanaya kwemvura, mafashamo, mvura zhinji ine mhepo, kudengenyeka kwenyika, moto, nezvire zvinopararira zviri kuwanda kutenderera pasi rose nekukurumidza kwakanyanyisisa – vrose izvi zvichizadzisa zviporofita zveBhaibheri zvatinodzidza. Zvirokwasvo, mukurasikirwa kwakakura kwose uku tinogona kunzwisisa zvajakema mutsindo wekuda kusvika kwaMwari. Zvuru zvizhinji zvinorwadziwa zvikuru kubva kuzvinhu izvi zvakaoma zvakanyanyisisa, zvichidaidzira kurubatsiro rwakasiyana-siyana kubva kuvaminiri vaJe-su Kristu kuti vaise muti webharisami weGiriyadhi unorapa

Muzvimiro izvi zvakaoma kubuda mazviri, GC Welfare Department yakagovera zvikomborero zvakapiwa kubva mukupa kwedu kuburikidza nezvipo zvakatumirwa nemi, hama dzedu mukutenda dzakatenderedza pasi rose. Zvipo izvi zvinotumirwa semumwe nemumwe nenzira yakajeka kuti zvbatsire zvinodikanwa, kana kuti zvakare kuburikidza nezvipo zvesabata rekutanga. Vadikanwi hama, zvipo zvenyu zvakashanda sepekugara kune avo vakarasikirwa nemisha yavo muzvitiko zvekurasikirwa kukuru zvinongoitika zvega; zvakapa zvekudya kumazana emhuri nekubatikira kunherera nechirikadzi, zvichipa kurarama nerubatsiro kwavari. Zvipo izvi zvakabatsirawo zvakare vabereki mukuwana mbeu dzekudya kuti vawane zvokudya zvemhuri dzavo kana kutanga bhizimusi doko kuitira kuti vanhu vasingaverengeki vekutenda kwedu vagone kuwana nzira yekuwana mari nebaso izvo zvaigona kusava nyore kwavari.

Tinotenda Mwari kuti munguva ino yekuyerwa, vazhinji vakabatwa kuti vaise kupa kwavo paaritari yaMwari. Pachinzvimbo cheavo vachabatsirwa, tinokutendai zvine udzamu! Asi zvakadaro, zvinodikanwa hazviperi – zvichipikiswa, ari kuramba achiwedzera zuva nezuva, saka kupa zvakapfukidzisa kwenyu kunobatsira zvikurusa.

“Muchinjikwa waKristu unokumbirisa kukupa kwemuteveri umwe nemumwe waMuponesi wakaropafadzwa. Mutemo unoratidzwa ipapo ndewekupa, ipa. Izvi, zvikaitwa mukupa kwazvokwadi nemumabasa akanaka, ndicho chibereko chazvokwadi cheupenyu hwechikristu.” – *Counsels on Stewardship*, p. 14.

Nhasi, paunopa chipo chako chakakosha chesabata rekutanga, ndinokumbirisa kuti uite zvikuru zvaunogona kuti ukudze Mwari. Zvisinei nekuti zvishoma kana kuti zvakaomwa, vose vanogona kuita zvaunogona zvakananyanyisisa kunaka. Kubva pamari yose yerudo urwu rwagoverwana, ticharamba tichipa zvikomborero kuhama dzedu dziri pasi rose.

“Uyo anopa kune vanoshaya anokomborera vamwe, uye anokomborerwa pachake muchiyero chakakura zvakare” (Ibid., p. 13). Mwari dai akukomborerai zvikuru!

General Conference Welfare Department

JESU NANIKODIMO

VHESI YEKURANGARIRA: “Jesu akapindura akati kwaari: Zvirokwazvo, zvirokwazvo ndinoti kwauri: kana munhu asingaberekwi kutsva haangavoni vushe bwaMwari” (Johani 3:3).

Bhuku Ratingaverenga: Steps to Christ, pp. 67-75.

“Chitubu chemoyo chinofanira kucheneswa hova dzisati dzagona kuva dzakachena. Uyo uri kuyedza kusvika kudenga nemabasa ake pachake muku-chengeta mutemo ari kuyedza izvo zvisingagonekani.” – *The Desire of Ages*, p. 172.

1. MUNHU ANOZIVIKANWA ANOTSVAKA JESU

Sun, Jan 26

a. Nikodimo aiva ani, uye aiwonekwa sei mumaziso evanhu? Johani 3:1, 10.

“Nikodimo aiva nechigaro chikuru chekuvimbwa naye murudzi rwevaJudha. Akanga akadzidza zvikuru, uye aiva nekugona kwekuzvarwa nako kwechimiro chisina kujairika, uye aiva nhengo yairemekedzwa yeboka revaitungamirira... Kunyange aiva mupfumi, akadzidza, uye achikudzwa, akanga akwezviwa zvisina kujairika nemuNazareta wakazvidzika.” – *The Desire of Ages*, p. 167. Aiva muFarisi akanga asingatenderi kubva pachiyero, uye aizvikudza pachake pamabasa ake akanaka. Aikudzwa kusvika kure nekuda kwekuratidza kunzwira tsitsi kwake uye kupa kwake pachena mukutsigira kunamata patemberi, uye ainzwa achikwanira kunyasha dzetsitsi dzaMwari.” – *Ibid.*, p. 171.

b. Yaiva nguvai iyo Nikodimo akaenda kunosangana naJesu? Johani 3:2 (chikamu chekutanga).

“Achiziva nekubvunza kune chinangwa nzvimbo yekuzororera muGomo reMirivhi yaMuponesi, akamirira kusvikira guta ranyarara mukurara; uye ipapo akabva amutsvaka.” – *Ibid.*, p. 168.

a. Chii chinoratidza maitiro ekunzwisisa aJesu mukugamuchira muyenzi wake nguva yapera zvakadaro usiku? Mapisarema 31:20, 21.

“Nikodimo aidisa zvikuru nhaurirano naJesu, asi akatya kumutsvaka pachena. Zvaiva zvinonyadzisa zvakanyanya kumutongi wavaJudha kuti azvigamuchire pachake achinzwirana tsitsi nemudzidzi uyo panguva iyo anga asati anyanya kuzivikanwa. Uye kana kushanya kwake kukazivikanwa namakurukota, kwaiunza pamusoro pake kusamuremekedza kwavo nekumuwanira mhosva. Akawana zano rekuita nhaurirano pakavanda, achipa sechikonzero chekuita izvi achiti kana aienda pachena, vamwe vaizogona kutevera muyenzaniso wake.” – *The Desire of Ages*, p. 168.

b. Dongonodza kuti Nikodimo wakatanga sei nhaurirano yake naJesu. Johani 3:2.

“Muhuvepo hwaKristu, Nikodimo akanzwa kutya kusina kujairika, uko kwaakayedza kuviga pasi pekuita kwekugadzikana mupfungwa uri mukushungurudzika nekuremekedza. ‘Rabhi,’ akadaro, ‘tinoziva kuti muri Mudzidzisi wakabva kuna Mwari; nokuti hakuna munhu anogona kuita zviratidzo izvozvo zvamunoita, kana Mwari asinaye. Nekutaura nezvezvipo zvaKristu zvisinganyanyi kuwanikwa semudzidzisi, uye zvakare nesimba rake rinoshamisa rekuita zviratidzo, aiva netariro yekuvhura nzira yenhaurirano yake. Mashoko ake akanga akarongwa kuti aratidze kuvimba nekukoka kuvimba; asi zvirokwasvo akararatidza kusatenda. Haana kugamuchira Jesu kuti angava Mesiasi, asi semudzidzisi chete akatumwa kubva kuna Mwari.” – *Ibid.*

c. Npfungwa ipi iyo Kristu akangoerekana ashamisa Nikodimo? Johani 3:3.

“Pachinzvimbo chekuona kuremekedzwa uku, Jesu akarerekera maziso pamusoro pemutauri, zvichiita sekuti akanga achiverenga mweya wake chaiwo. Muhuchenjeri hwake husingagumi akaona pamberi pake mutsvaki wechokwadi. Akaziva chinangwa chekushanya uku, uye nechidiso chekudzamisa kujekeserwa kwakanga kwagara kuri pamusoro pepfungwa dzemuteereri wake, akauya asingatendereri panyaya yake, achitaura nekurevesa, asi ane kunzwira tsitsi achiti, ‘Zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwauri: Kana munhu asingaberekwi kutsva haangavoni vushe bwaMwari,’ Johani 3:3.

“Nikodimo akanga auya kuna Ishe achifunga kuti apinde munhaurirano naye, asi Jesu akaisa pachena nheyo dzemitemo yechokwadi.” – *Ibid.*, pp. 168-171.

- a. **Nikodimo akapindura achiti kune izvo zvakataurwa naKristu kuti aizvida – uye, tichifanana naye, chikonzero nei tose tichida nhoroono yekuzvarwa kutsva? Johani 3:4-8.**

“Mufananidzo wekuzvarwa kutsva, uyo Jesu akanga ahandisa, zvaisaireva kuti wakanga usingazivikanwi zvachose kuna Nikodimo. Vaitendeuka vachibva kune zvekunamata Mwari asiri wechiJudha vachiuya kukutenda kwelIsraeri kazhinji vaifananidzirwa nevana vachangoberekwa. Saka anofanira kunge akaona kuti mashoko aKristu aiva asingafaniri kutorwa sezvaakanga ari. Asi nekuda kwechimiro chake chekuberekwa semuIsraeri akazvitora pachake ari pachokwadi chekupa nenzvimbo muhumambo hwaMwari. Ainzwa kuti haana shanduko yaaida. Saka akashamisika pamashoko aMuponesi. Akatsamwiswa nekushandiswa kwawo pedyo paari. Kuzvikudza kwemuFarisi kwaiva kuchirwisana nechidiso chekurevesa chemutsvaki wechokwadi. Akashamisika kuti Kristu angataura kwaari sematauro aakaita, asingaremekedzi chigaro chake semutongi mulraeri.

Achishamisika asingagoni kutungamirira masimba epfungwa ekuziva, akapindura Kristu mumashoko akazara nekutika, ‘Munhu ungangoberekwa seiko ava mukuru?’ Sezvakafanana nevamwe vazhinji kana chokwadi chinocheka chikauyiswa chikabata ndangariro, anoratidza nyaya yekuti munhu sekuberekwa kwake haagamuchiri zvinhu zveMweya waMwari. Maari hamuna chinhu chinodavira kuzvinhu zvepamweya; nekuti zvinhu zvepamweya zvinonzwisikwa pamweya.

Asi Muponesi haana kusangana negakava nerimwe gakava. Achisimudza ruwoko rwake neruremekedzo rwekurevesa rune runyararo, akarovedza chokwadi mumoyo nechivimbiso chakakurisa achiti, ‘Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri: Kana munhu asingaberekwi nemvura nomweya, haangagoni kupinda muvusha bwaMwari.’ – *The Desire of Ages*, p. 171.

- b. **Riini uye nenzira ipi mumwe nemumwe anogona kuzvarwa patsva? Johani 1:12, 13.**

“Mwari wakada nyika, nokudaro wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwechete oga,’ kuti vanhu vagone kuyananiwa kuna Mwari. Kuburikidza nekunaka kwaKristu anogona kudzoreredzwa kukupindirana neMusiki wake. Moyo wake unofanira kusikwa kutsva nyenyasha dzeuMwari; anofanira kuva neupenyu hutsva hunobva kumusoro. Shanduko iyi ndiko kuzvarwa kutsva, pasina izvi, anodaro Jesu, ‘haagoni kuona humambo hwaMwari.’” – *The Great Controversy*, p. 467.

“Kuburikidza nekuita kuri nyore kwekutenda kuna Mwari, Mweya Mutsvene unenge watobereka upenyu hutsva mumoyo mako. Wakafanana nemwana azvarwa kuti apinde mumhuri yaMwari, uye anokuda sezvaanoda Mwanakomana wake.” – *Steps to Christ*, p. 52.

a. Chii chinomirira kucheneswa nehupenyu hutsva hunouya nekuzvarwa patsva? Mako 16; 16 (chikamu chekutanga).

“Simba rekutendeutsa raMwari rinogona kushandura maitiro anotorwa muku-berekwa neanouya nokuita kwako; nekuti chitendero chaJesu chinosisimudzira. ‘Kuzvarwa patsva’ zvinoreva kushandurwa, kuzvarwa patsva muna Kristu Jesu.” – *The Adventist Home*, p. 206.

“Kristu akaita kuti kubhabhatidzwa kuve chiratidzo chekupinda kuumambo hwake hwepamweya. Akaita kuti izvi zvive chimiro chechokwadi icho vose vanofanira kuita zvinoenderana nacho vane chidiso chekugamuchirwa sevari pasi pesimba raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Munhu asati awana pekugara musangano, asati apfuura pamusiwo wehumambo hwaMwari hwepamweya, anofanira kugamuchira chiratidzo chezita rehuMwari, ‘Jehovha ndiye kururama kwedu.’ Jeremia 23:6.

“Rubhabhatidzo kurevesa kwakanyanyisisa kwekusiya nyika. Avo vanobhabhatidzwa mumazita matatu anoti Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, pakutopinda kwavo muupenyu hwavo hwechiKristu vanopupura pachena kuti vakasiya kubatira Satani uye vava nhengo dzemhuri yehumambo, vana vaMambo wekudenga. Vakateerera kurayira kwekuti: ‘Budai pakati pavo, muzviravure,...Musabata chinhu chine tsvina.’ Uye kwavari kwakazadziswa chipikirwa chekuti: ‘Ini ndichakugamuchirai, ndichava Baba venyu, nemi muchava vanakomana navanasikana vangu, ndizvo zvinotaura Ishe unesimba rose.’ 2 VaKorinde 6:17, 18.” – *Testimonies for the Church*, vol. 6, p. 91.

b. Chii chinopupurwa pamusoro pekuipa kwechimiromo chemaberekerwo edu uye nezano raMwari rekutishandura isu? Johani 3:6; Jeremia 17:9; VaEfeso 5:26, 27.

“Hazvigoneki kuti isu, pachedu, kuti tipukunyuke kubva mugomba rechitema umo matakanyura. Moyo yedu yakaipa, uye hatigoni kuishandura....Dzidzo, tsika, zvidiso zvinoraramwa, kushanda kwemunhu, zvose izvi zvine pazvinokwana, asi apa hazvina simba. Vanogona kuburitsa maitiro akanaka ekunze, asi havagoni kushandura moyo; havagoni kuchenesa zvitubu zveupenyu. Panofanira kuva nesimba rinoshanda riri mukati, upenyu hutsva hunobva kumusoro, vanhu vasati vagona kushandurwa kubva kuchitema kuenda kuhutsvene. Simba iroro ndiKristu. Nyasha dzake chete ndidzo dzinogona kuupa upenyu kumasimba ekuziva emunhu asisina upenyu, nekumakwezvera kuna Mwari, kuhutsvene.” – *Steps to Christ*, p. 18.

- a. **Ishoko ripi vaapositora vaifanira kuzonyora pakupedzisira mayererano neshanduko yatakanangana nayo inouya nekuzvarwa patsva? VaGaratia 2:20; 1 Johani 2:15-17.**

“Simba raMwari rekutendeutsa rinogona kushandura maitiro anotorwa mukuberekwa neanouya nokuita kwako; nekuti chitendero chaJesu chinoshimudzira. ‘Kuzvarwa patsva’ zvinoreva kushandurwa, kuzvarwa patsva muna Jesu Kristu.” – *The Adventist Home*, p. 206.

“[Pauro] waiva akagutsikana kuti kana pfungwa dzevanhu dzaigona kuuyiswa kuti dzinzwisise chibayiro chinoshamisa chakagadzirwa namambo wekudenga, chindini chose chinobva chadzingwa kubva mumoyo yavo. Anotungamirira pfungwa pakutanga kuchigaro icho Kristu akanga anacho kudenga, pachifuva chababa vake; akazomuzivisa nepamberi achiita sekuti aibvisa kubwinya kwake, achizvirereka pachake nekuzvidira kuzvimiro zvose zvakazvidzika zvemaberekerwo emunhu, achitora mabasa emuranda, uye achiva anoteerera kusvika murufu, uye rufu rwacho rwaiunza kunyadzisa nekusafarirwa kukurusisa, rwainyadzisa zvakanyanyisisa, rwairwadza zvakanyanyisisa – rufu rwemuchinjikwa. MaKristu anogona kufungisisa pamusoro pekuratidzira uku kunoshamisa kwerudo rwaMwari vasina kunzwa kwakasimba mavari kwerudo nekuona kune kuziva kwepfungwa yekuti hatisi vedu pachedu? Ishe wakadaro haafaniri kushumirwa kubva muzvikonzero zvemaitiro zvidoko, zvekuchiva, zvechindini.” – *Testimonies for the Church*, vol. 4, p. 458.

“Ndinozotaura kwamuri sezvakataura Kristu kuna Nikodimo: ‘Unofanira kuzvarwa patsva.’ Avo vana Kristu achitonga mukati mavo havazonzwi mavari chidiso chekufanana nekuratidzira kwenyika. Vachazotakura kuenda kwose-kwose chiyero chemuchinjiko, vachingoramba vachipupura zvinangwa zvepamusoro nemandingindira akakwiridzirwa kudarika izvo vanhu venyika vakabatwa mazviri. Kupfeka kwedu, pamisha yedu, nhaurirano dzedu, zvinofanira kupupura kuzvipira kwedu kuna Mwari. Isimba ripi raizotevera avo vanoratidza kuti vakasiya zvose nokuda kwaKristu.

1. **Nechikonzero chemabasa ake akanaka, Nikodimo wakanga achizviona sei pachake?**
2. **Nikodimo akaita maitiro api muwuvepo hwaKristu?**
3. **Zvinorevei kuti ‘kuzvarwa patsva’?**
4. **Kuzvarwa patsva kunoitika nenzira ipi?**
5. **Ishanduko ipi mumaitiro inouya nekuda kwekuzvarwa patsva, uye chikonzero nei?**

Kumutsa Manzwiro Akadzama KweMweya Mutsvene

VHESI YEKURANGARIRA: “Mosesi sezvaakasimudza nyoka murenje saizvozvo Mwanakomana womunhu unofanira kusimudzwa vo, kuti aninani unotenda kwaari arege kuparara ave novupenyu bwusingaperi” (Johani 3:14, 15)

Bhuku Ratingaverenga: Christ’s Object Lessons, pp. 95-102.

“Tarisa, Haiwa tarisa kuna Jesu uwane upenyu!” – *Christian Education*, p. 76

1. KUBVUNZA KUNOBATSIRA

Sun, Feb 2

a. Mubvunzo upi waNikodimo unoratidza kuti moyo wake wakanga uchipfava? Johani 3:9.

“Jesu asingapedzeredzi akati kuna Nikodimo: Harisi gakava richazobatsira chimiro chako: hakusi kukakavadzana kuchazounza chiedza kumweya. Unofanira kuva nemoyo mutsva, kana kuti haugoni kunzwisisa humambo hwekudenga. Hachisi chiratidzo chakakurisa chichakuunza panzvimbo yakafanira, asi zvinangwa zvitsva, zvitubu zvitsva zvemaitiro. Unofanira kuzvarwa patsva. Kusvikira shanduko iyi yaitika, ichiita zvinhu zvose zvitsva, zviratidzo zvakasimbisa zvinogona kuratidzwa zvinenge zvisingashandi. Kusakwanira kuri mumoyo mako pachako; zvinhu zvose zvinofanira kushandurwa, kana kuti haugoni kuona humambo hwaMwari.

“Aya aiva mashoko ainyadzisa zvakanyanyisisa kuna Nikodimo....Aiva asina pfungwa dzepamweya zvakakwana kuti anzwisise zvaireva mashoko aKristu. Asi Muponesi haana kusangana negakava nerimwe gakava....

“Kumwe kujekesa kwechokwadi kwaiva kuchipinda mupfungwa dzemutongi. Mashoko aKristu akamuzadza nekushamisika, uye akatungamirira kubvunza kuti, ‘Zvinhu izvi zvingagoitwa seiko?’ Nekurevesa kwakadzama Jesu akapindura akati kwaari, ‘Iwe uri mudzidzisi wavaIsraeri haunzwisisi zvinhu izvozvo here?’ Mashoko ake akaunza kuna Nikodimo chidzidzo chekuti, pachinzvimbo chekunzwa kutsamwa pamusoro pemashoko akajeka echokwadi, nekugutsa chidiso chekutuka aifanira kuva nemaonero akazvidzika zvakanyanyisisa zvikuru aazviita pachake, nechikonzero chekusaziva kwake zvepamweya. Zvakadaro mashoko aKristu akataurwa nekuremekedza kwekurevesa kwakadaro, uye zvose kutarisa nekutaura zvakaratidza rudo rwekurevesa kwaari zvakadaro, zvokuti haana kutsamwa paakaona chimiro chake chinonyadzisa.” – *Testimonies to Ministers*, pp. 368, 369.

a. Mune zvipi izvo vaFarisi vaizvikudza pachavo? Ruka 18:9-12.

“VaJudha vakanga vatanga kudaidzwa mumunda wemuzambiringa waJehova, nechikonzero ichi vakanga vachizvikudza uye vaiva nekukurama kwekuzvipa. Makore avo akawanda ekushanda vaiakudza sekuti anovapa kodzero yekugamuchira mugove wakakurisa kudarika vamwe. Hapana chaiva chichitsamwisa zvakanyanyisisa kwavari kudarika kusajekerwa kwakakwana kwekuti vaHedheni vaizotenderwa kumikana yakayenzana navo pachavo muzvinhu zvaMwari.” – *Christ’s Object Lessons*, p. 400.

b. Jesu wakaridza nenzira ipi basa reMweya Mutsvene mumoyo? Johani 3:8.

“Mhepo inonzwikwa pakati pematavi emiti, ichifambisa mashizha namaruva; zvakadaro haionekwi, uye hakuna munhu unoziva painobva napainoenda. Zvakafanana nebasa reMweya Mutsvene pamoyo. Harigoni zvino kutsanangurika kudarika kusatsanangurika kwemafambiro emhepo. Munhu haagoni kuziva nguva kana nzvimbo chaiyo, kana kutevedza zvimiro zvose mugwara rekutendeuka; asi izvi hazviratidzi kuti haana kutendeuka. Kuburikidza nechombo chisingaonekwi sezvakaita mhepo, Kristu anoshanda nguva dzose pamoyo.” – *The Desire of Ages*, p. 172.

c. Kuratidzira kwehuMwari kunoiswa nenzira ipi mumoyo? Isaya 30:21; Jeremia 42:3; Mateo 16:17.

“Zvishoma nezvishoma, zvimwe nekusatoziva kune anogamuchira, kuratidzira kunoitwa kunowanzo kwezvera mweya kuna Kristu. Izvi zvinogona kugamuchirwa kuburikidza nekufunga kwakadzama pamusoro pake, kuburikidza nekuverenga magwaro, kana kuburikidza nekunzwa shoko kubva kumuparidzi mupenyu. Nekukurumidza, apo Mweya unouya nekugombedzera kuri pachena zvakanyanyisa, mweya unozvipira pachawo nemufaro kuna Jesu. Nevazhinji uku kunonzi kungoerekana watendeuka; asi ituso yekuratidza rudo kwenguva yakareba yeMweya waMwari – chiitiko chekutsungirira, chenguva yakareba.” – *Ibid.*

“Tenderai moyo yenyu kuti ipfaviswe nekuiswa pasi pekutungamirira kweMweya waMwari. Regai Mweya yakavharirwa muchando inyongodeke pasi pekushanda kweMweya Mutsvene.” – *Letters and Manuscripts*, vol. 12, Letter 53, 1897.

a. Nenzira ipi kushanda kwemukati kweMweya Mutsvene kunoratidzwa kunze? VaGaratia 5:22-25.

“Apo mhupo pachayo isingaonekwi, inoburitsa zvinoitika zvinoonekwa nekunzwikwa. Saka kushanda kweMweya pamusoro pemweya kunozoviratidza mumaitiro ose ake unenge anzwa simba rawo rekuponesa. Kana Mweya waMwari ukatora nzvimbo mumoyo, unoshandura upenyu. Pfungwa dzechitema dzinobvisirwa kure, zviito zvakaipa zvinosiyiwa; rudo, kuzvininipisa, nerugare zvinitora nzvimbo yekutsamwa, godo negakava. Mufaro unотора nzvimbo yekusuruvara, nechiso chinoratidzira chiedza chekudenga.” – *The Desire of Ages*, p. 173.

b. Ndiriini apo munhu anogamuchira chikomborero chekushandurwa? VaRoma 10:9, 10; 1 Johani 1:9.

“Hakuna unoona ruoko runosimudza mutoro, kana kuona chiedza chinodzika kubva kuzvigarro zvekumusoro. Chikomborero chinouya apo nekutenda mweya unozvipira pachawo kuna Mwari. Ipapo simba iroro iro risina ziso remunhu rinogona kuriona rinosika munhu mutsva mumufananidzo waMwari.” – *Ibid.*

“Kana une Mweya Mutsvene uchiumba nekugadzira moyo wako zuva rimwe nerimwe, ipapo unozova nemaonero ehuMwari kuti uzive chimiro chehumambo hwaMwari. Nikodimo akagamuchira chidzidzo chaKristu uye akava mutendi wechokwadi.” – *Testimonies to Ministers*, pp. 369, 370.

c. Kristu anoyenzanisa nenzira ipi maitikiro ekushandurwa uku? Mateo 13:33.

“Mbiriso yakaiswa muvupfu inoshanda zvisingaonekwi kuunza upfu hwose pasi pemaitiro ekuvidza kwayo; saka mbiriso yechokwadi inoshanda zvakananzika, zvakananyarara, zvisishoma nezvishoma, kushandura mweya. Zvakajairirwa zvemaberekerwo zvinopfaviswa nekuiswa pasi pekutungamirirwa. Mafungiro matsva, manzwiro matsva, zvikonzera zvamaitiro zvitsva zvinoiswa mupfungwa. Chiyero chitsva chechimiro chinogadzwa – Upenyu hwaKristu. Pfungwa dzinoshandurwa; masimba ekuziva epfungwa anomutswa kuti ashande muzvinhu zvitsva. Munhu haapiwi masimba ekuziva epfungwa matsva, asi masimba ekuziva epfungwa aanawo anochenurwa. Mafungiro anomutswa. Tinopiwa maitiro echimiro anoita kuti isu tigone kubatira Mwari.” – *Christ’s Object Lessons*, pp. 98, 99.

a. Jesu anoyenzanisa kurovererwa kwake kwakanga kwava pedyo kuitika nenzira ipi? Johane 3:14, 15.

“[Johani 3:14, 15 vhesi yakashandiswa.] Apa ndipo paizivikanwa naNikodimo. Mufananidzo wenyoka yakasimudzwa wakajekesa kwaari chinangwa chaMuponesi. Apo vanhu veIsraeri pavaifa nekurumwa nenyoka dzinotyisa, Mwari akaraira Mosesi kuti agadzire nyoka yendarira, uye kuti aiise pakakwirira pakati pewungano. Ipapo shoko rakadanidzirwa kwose kwose kumisasa kuti vose avo vachatarisa panyoka vachawana upenyu. Vanhu vainyatsa kuziva kuti pachayo nyoka yakanga isina simba rekuvabatsira. Yaiva mufananidzo waKristu. Sezvo mufananidzo wakagadzirwa wakafanana nenyoka dzinouraya wakasimudzwa mudenga kuti vaporeswe, saka Mumwe wakagadzirwa ‘nomufananidzo wenyama yezvivi’ aifanira kuva Mudzikinuri wavo. VaRoma 8:3. Vazhinji vavaIsraeri vaikudza chinamato chezvibayiro sechine kunaka pachacho kuti chivasunungure kubva kuchitema. Mwari akadisa kuvadzidzisa kuti chakanga chisina kukosha kwakanyanyisa kudarika nyoka iyo yendarira. Yaifanira kutungamirira pfungwa dzavo kuna Muponesi. Zviri zvekurapwa kwemaronda avo kana kuregererwa kwezvivi zvavo, hapana chavaigona kuzviitira pachavo asi kuratidza kutenda kwavo muChipochi chaMwari. Vaifanira kutarisa vawane upenyu.” – *The Desire of Ages*, pp.174, 175.

b. Zvisinei nezvakanga zvapiwa, chikonzero nei vamwe vakafa? 1 VaKorinde 10:9; VaHebheru 3:12.

“Vazhinji vevaIsraeri havana kuona rubatsiro mukurapa uko Denga rakanga ragadza. Vakanga vafa nevaifa vaiva vakavapoteredza kwose kwose; uye vaiziva kuti, pasina rubatsiro rwehuMwari, zvaifanira kuitika kwavari vaizviziiva zvisina mubvunzo; asi vakaramba vachichema maronda avo, marwadzo avo, nerufu rwavo rwechokwadi, kusvikira simba ravo rakapera, nemaziso avo akaneta, apo vaigona kunge vakawana kupora kusinganonoki.” – *Patriarchs and Prophets*, p. 432.

c. Kana tichida kuponeswa, tinofanira kutarisa kupi? VaHebheru 6:19, 20.

“Zviitiko zvakaipisira zvechitema zvinogona kubviswa chete nezvakapiwa izvo Mwari akapa. VaIsraeri vakaponesa upenyu hwavo nekutarisa panyoka yakasimudzwa. Kutarisa ikoko kwairereva kutenda. Vakarama nechikonzero chekuti vakatenda shoko raMwari, uye vakavimba mune zvakapiwa kuti vapore. Saka mutadzi anogona kutarisa kuna Kristu, akararama. Anogamuchira kuregererwa kuburikidza nekutenda muchibayiro chekuripa... Kristu ane simba nekunaka maari pachake kuti arape mutadzi unotendeuka.” – *Ibid.*, p. 431.

- a. **Chidzidzo chipi nenguva iri mberi chakazonzwisikwa naNikodimo chatinoda kuti titore – uye kuchichengetedza nguva dzose mupfungwa? VaEfeso 2:8; Ruka 13:20, 21.**

“Kakawandisa mubvunzo uyu unosimuka, chikonzero nei, zvakadaro, kuti mune vakawanda, vanoti vanotenda kushoko raMwari, umo mavari musina kuonekwa rumutsiridzo mumashoko, mumweya, nemuchimiro? Chikonzero nei mune vakawanda avo vasingagoni kutakura kupikiswa kuzvinangwa zvavo nehurongwa hwavo, avo vanoratidza kutsamwa kusiri kutsvene, uye avo vane mashoko akaoma, ane kuzvikudza, uye ane kutsamwa? Munoonekwa muupenyu hwavo rudo rumwechete rwechindini, kugutsa havi dzechindini kumwechete, kutsamwa nekukurumidza kutaura kumwechete, sekunoonekwa muupenyu hwemunhu wemunyika. Mune kuzvikudza kunokuvadza kumwechete, kurerekera kune zvakajairirwa zvemaberekerwo kumwechete, kutsauka pachimiro chehunhu kumwechete, sekuti chokwadi havana kumbobvira vachiziva. Chikonzero ndechekuti havana kutendeuka. Havana kuisa mbiriso yechokwadi mumoyo. Haina kuwana mukana wekuita basa rayo. Zvakaiipa zvemaberekerwo avo nezvinouya nekuita kwavo hazvina kuiswa pasi pesimba rekushandura kwayo. Upenyu hwavo hunoratidza kusavepo kwenyasha dza-Kristu, kusatenda musimba rake kuti rishandure chimiro.

“‘Kutenda kunouya nokunzwa, nokunzwa kunouya neshoko raMwari.’ VaRoma 10:17. Magwaro ndiwo chombo chakakura mukushandurwa kwechimiro. Kristu akanamata, ‘Muvaite vatsvene muzvokwadi; shoko renyu izvokwadi.’ Johani 17:17. Kana rikanzverwa nekuteererwa, shoko raMwari rinoshanda mumoyo, kuisa pasi pekutongwa kuita kwose kusiri kutsvene. Mweya Mutsvene unouya kujekesa chitema, uye kutenda kunonyuka kuchikura mumoyo kunoshanda nerudo kuna Kristu, kuchitifananidza isu pamuviri, pamoyo, nepamweya kumufananidzo wake pachake. Ipapo Mwari anogona kutishandisa kuita zvidiso zvake. Simba ratakapiwa isu rinoshanda richibva mukati richibuda kunze, richititungamirira kuti titaure vamwe chokwadi chatakataurirwa isu.” – *Christ’s Object Lessons*, pp. 99, 100.

1. Ndechipi chaiva chimiro chakakosha chevaFarisi mumazuva aKristu?
2. Tsanangura kuti tinounzwa kuhupenyu hutsva mukufanana naKristu nenzira ipi.
3. Kushandurwa kwemoyo kunoratidzwa nenzira ipi?
4. Tsanangura zvinomirirwa nemufananidzo wenyoka yakasimudzwa.
5. Mufananidzo wembiriso unoratidza kukura munyasha dzaMwari nenzira ipi?

Jesu naJohani

Mubhabhatidzi

VHESI YEKURANGARIRA: “Iye unofanira kukura, asi ini ndinofanira kudukupiswa” (Johani 3:30).

Bhuku Ratingaverenga: *Testimonies for the Church, vol. 5, pp. 721-729.*

“Johani mubhabhatidzi wakapupurwa naMuponesi wedu kuti muporofita mukuru kuna vose. Zvakadaro musiyano wakadini uri pakati pematauriro emunhu uyu waMwari nekutaura kwevazhinji avo vanodavira kuva vashumiri vemuchinjikwa. Paakabvunzwa kana aiva iye Kristu, Johani akapupura pachake kuti waiva asina kufanira kunyange kusunungura shangu dzaIshe wake.” – *Testimonies for the Church, vol. 5, p. 224.*

1. DAMBUDZIKO PAKATI PEVADZIDZI

Sun, Feb 9

a. Mubvunzo upi wakasimuka pakati pevadzidzi vaJohani nevaJudha? Johani 3:25.

“Vadzidzi vaJohani vaitarisa negodo pamusoro pekukura kwekuzivikanwa kwaJesu. Vaiva vakamira vakagadzirira kutsoropodza basa rake, uye hazvina kutora nguva vasati vawana mukana. Mubvunzo wakasimuka pakati pavo nevaJudha wekuti saka rubhabhatidzo runoshanda kuchenesa mweya kubva kuchitema here; vakaramba vachitsigira kuti rubhabhatidzo rwaJesu rwakasiyana kukosha kubva kune rwaJohani. Pasina kupera nguva vakava mugakava nevadzidzi vaKristu mayererano nechimiro chemashoko akafanira kushanda parubhabhatidzo, uye pakupedzisira nekodzero zvachose yekuti vadzidzi vaKristu vabhabhatidze.” – *The Desire of Ages, p. 178.*

b. Vadzidzi vaJohani vakaratidza godo ravo pamusoro pebasa raKristu nenzira ipi – uye ndeipi mhinduro yakanaka iyo yaakapa? Johani 3:26, 27.

“Johani pamaberekerwo ake akanga ane kusakwanira neutera hunowanikwa muvanhu, asi kubata kwerudo rwehuMwari kwakanga kwamushandura. Aigara muchimiro chisina kusvibiswa nechindini uye chidokwa-dokwa, uye kure pamusoro pekusvibisa kwegodo. Haana kuratidza kunzwira tsitsi nekusagutsikana kwevadzidzi vake, asi akararatidza kuti aiziva zvakajeka sei kubatana kwake kuna Mesiasi, uye kuti akagamuchira nemufaro sei Uyo waiva iye waakanga agadzirira nzira.” – *Ibid., p. 179.*

a. Johani akaratidza sei kuti aiziva chinangwa chake? Johani 3:28, 29.

“Johani akazviratidza pachake seshamwari iyo yakashanda senhumwe pakati pevavimbisana kuroorana, ichigadzira nzira yekuti varoorane. Apo chikomba chakagamuchira mwenga, chinangwa cheshamwari chakabva chazadziswa. Akafara mumufaro weavo kubatanidzwa kwavo akaendesa kumberi. Saka Johani akanga akadaidzwa kuti aratidze vanhu kuna Jesu, uye waiva mufaro wake kuti aone kubudirira kwebasa raMuponesi.” – *The Desire of Ages*, p. 179.

b. Dongonodza basa raJohani – uye neredu. Johani 1:23, 29.

“Achitarisa mukutenda kune Mudzikinuri, Johani akanga asimuka kusvika pachiyero chekusiya zvaafarira zvake. Akanga asingatsviki kukwezvera vanhu kwaari, asi kusimudza mifungo yavo kudenga denga, kusvika vachizorora paGwayana raMwari. Iye pachake akanga achingova chete inzwi, kungodanidzira murenje. Ikozvino nemufaro akagamuchira runyararo nekusaonekwa pachena, kuti maziso avose agone kutendeutsa kuChiedza cheupenyu.

“Avo vari pachokwadi kukudaidzwa kwavo senhumwe dzaMwari havazozvitsvakiri kukudzwa kwavo pachavo. Rudo rwechindini runozomedzwa murudo kuna Kristu. Hakuna kukwikwidzana kunozokanganiisa chinangwa chakakosha chevhangeri. Vachazoono kuti ibasa ravo kuti vazivise, sezvakaita Johane mubhabhatidzi, ‘Tarirai Gwaiana raMwari, rinobvisa zvivi zvenyika.’ Johane 1:29. Vachazosimudzira Jesu kumusoro, uye pamwechete naye vanhu vose vachazosimudzirwa kumusoro. ‘Nokuti zvanzi noAkakwirira Arikumusoro anogara mukusingaperi, ane zita rinonzi Dzvene, Ndinogara pakakwirira napanzimbo tsvene, uye noane mweya wakapwanyika anozvinipisa, kuti ndiponesezve moyo wowakapwanyika.’ Isaya 57:15,” – *Ibid.*, pp. 179, 180.

“Usatsvaka mufaro wako pachako nekuti zvikunakire iwe pachako, asi tsvaka kuziva nekuita chidiso chaMwari. Regai mumwe nemumwe abvunze. Handigoni kunongedzera umwe mweya kuGwaiana raMwari, rinobvisa zvitema zvenyika? Handigoni kunyaradza umwe asisina tariro here? Handigoni kuva nzira yekuponesa umwe mweya muhumambo hwaMwari here. Tinoda kumutsa manzwiwo akadzama kweMweya Mutsvene mumoyo yedu, kuti tisagona chete kuzviwanira pachedu nguwo chena, asi kuti tigonewo kukwezva vamwe kuti mazita avo agone kunyorwa mubhuku reupenyu, asingazombo dzimwizve.” – *Historical Sketches*, p. 140.

a. Vanhu vazhinji vakaita sei kushoko raKristu? Johani 3:32.

“Vadzidzi vaJohani vakanga vapupura kuti vanhu vose vakanga vachiuya kuna Kristu; asi nemaonero akajeka, Johani akati, ‘Hakunomunhu unogamuchira kupupura kwake,’ vashoma –shoma vakanga vakagadzirira kumugamuchira saMuponesi anobvisa kubva kuchitema. Asi ‘uyo wakagamuchira kupupura kwake, wakasimbisa kuti Mwari ndowa zvokwadi.’ Johani 3:33, RV.” – *The Desire of Ages*, p. 181.

b. Ndepanaani panoiswa chipo cheMweya Mutsvene? Johani 3:34.

Tinogona kugamuchira chiedza chinobva kudenga chete patinova nechidiso chekubvisa chindini? Hatigoni kunzwisisa chimiro chaMwari, kana kugamuchira Kristu nekutenda, kunze kwekuti tatenda kukuunzwa muutapwa kwemufungo wose kukuteerwa kwaKristu. Kuna vose vanoita izvi Mweya Mutsvene unopiwa usina chipimo. Muna Kristu ‘kuzara kwovuMwari kunogara maari pamuviri, uye maari nemivo makazadzwa.’ VaKorose 2:9, 10, RV.” – *Ibid.*

c. Chinhu chakakosha kukugamuchira chiyero chakakura cheMweya Mutsvene chinoratidzwa kuenda kumberi mumagwaro nenzira ipi? Johani 14:15-17; Mabasa Avaapositori 5:32.

“Hatifaniri kungoti chete, ‘Ndinotenda,’ asi kurarama chokwadi. Kuburikidza nekuzvifananidza kuzvidiso zvaMwari mumashoko edu, mumaitiro edu kuna vamwe, muchimiro chedu, kunoita kuti tiratidze kubatana kwedu naye. Pogapoga apo mumwe anosiya chitema, kunova kudarikira murayiro, upenyu hwake hunozounzwa mukufananidzwa kumutemo waMwari, mukuteerera kwakakwana. Iri ibasa reMweya Mutsvene. Chiedza cheshoko chikanzverwa zvakanaka, inzwi remufungo, kuyedza kune simba kweMweya, kunogadzira mumoyo rudo rwazvokwadi kuna Kristu, uyo akazvipa pachake sechibayiro chakakwana kuti adzikinure munhu akakwana, muviri, moyo, nemweya. Uye rudo runoratidzwa mukuteerera. Mutsetse wemuganhu unozova wakajeka uye uchionekwa nyore pakati peavo vanoda Mwari uye vanochengeta mirayiro yake, neavo vasingamudi uye vasingateereri mirayiro yake.” – *Testimonies for the Church*, vol. 6, p. 92.

a. Chikonzero nei zvakakosha kunzwisisa danho ratiri kutora kuna Kristu apo tinoita sarudzwo yokubhabhatidzwa? Johani 3:36.

“Pasina Kristu, rubhabhatidzo, sezvakaita zvimwe zvose zvingaitwa, kuita kusina maturo.” – *The Desire of Ages*, p. 181.

“Hazvidi gakava rekuti rubhabhatidzo rwaKristu here kana kuti rwaJohani rinochenesa kubva kuchitema. Inyasha dzaKristu dzinopa upenyu kumweya.” – *Ibid*.

“Kuburikidza chete naKristu kunogona kuita kuti kusafa kuwanikwe. Jesu akadarwo: ‘Unotenda kuMwanakomana unovupenyu bwusingaperi; asi usingatereri Mwanakomana haangavoni vupenyu.’ Johani 3:36. Mumwe nemumwe anogona kuuya mukuwana chikomborero ichi chisina mutengo kana achinge azoita zvinoenderana nezvinodikanwa. Vose ‘avo kuburikidza nekuramba vachitsungirira mukuita zvakana vanotsvaka kubwinya nekukudzwa nekusafa.’ vachazowana ‘upenyu husingaperi.’ – *The Great Controversy*, p. 533.

“Rubhabhatidzo kusiya nyika kwekurevesa zvakanyanyisisa. Vose vanobhabhatidzwa mumazita matatu anoti Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, pakutanga kupinda kwavo muupenyu hwechiKristu vanopupura pachena kuti vakasiya kubatira Satani uye vava nhengo dzemhuri yehumambo, vana vamambo wekudenga.” – *Testimonies for the Church*, vol. 6, p. 91.

b. Tsanangura mashoko anoshamisira aJohani mubhabhatidzi anoratidza kudzama kwekuzvipira kwazvokwadi kweupenyu hwose kunoratidzwa nerubhabhatidzo? Ruka 3:7, 8.

“Johani akaisa demo kumudzi wemuti. Akatsiura chitema asingatyi zvaizoitika, uye akagadzira nzira yeGwaiiana raMwari.

“Herodhi waiva akabatwa paakateerera kukupupura kwakasimba, kwaijekesa pachena kwaJohani, uye nekufarira kwakadzama akabvunza kuti angaiti kuti ave mudzidzi wake. Johani waiva achiziva nyaya yokuti wakanga ava kuda kuroora mukadzi wamukoma wake, apo murume wake wakanga achiri mupenyu, uye nekutendeka wakataurira Herodhi kuti zvakanga zvisiri pamutemo.” – *Early Writings*, p. 154.

“Johani mubhabhatidzi akasangana nechitema nekutsiura kuri pachena muvanhu vemabasa akazvidzika uye muvanhu vechiyero chepamusoro. Akapupura chokwadi kumadzimambo nekune vanoremekedzwa, zvisinei nekuti vaizochinzwa kana kuchiramba. Aitaura iye pachake uye achijekesa pachena.” – *Selected Messages*, bk. 2, p. 149.

a. Apo akaona kuti vaFarisi vakanga vachiedza kugadzira dambudziko pakati pake naJohani, Jesu akaita sei? Johani 4:1-3.

“Jesu akaziva kuti [vaFarisi] hapana chavaizosiya vasina kuita kuti vagadzire nyongano pakati pevadzidzi vake iye pachake neavo vaJohani. Akaziva kuti dutu rakanga richisimuka iro raizokukurira kure umwe muporofita mukurusisa asina kumbobvira akapiwa kunyika. Achidisa kudzivirira zviitiko zvose zvekusanzwisisana kana gakava, muchinyararire akasiya basa rake, akadzokera Gareria. Kana nesuwo, apo tichiteerera kuchokwadi, tinofanira kuedza kudzivirira zvose zvinogona kutungamirira kunyongano nekusanzwisisana. Nekuti poga poga apo izvi zvinoitika, zvinogumisira mukurasikirwa nemweya. Poga poga apo chimiro chinoitika chinoratidza kukonzera nyongano, tinofanira kutevera muyenzaniso waJesu naJohani mubhabhatidzi.” – *The Desire of Ages*, p. 181.

b. Chii chatinofanira kudzidza kubva pamaitiro aJohani kuti apedze dambudziko? Johani 3:30.

“Sezvakananana nevadzidzi vaJohani, vazhinji vanonzwa kuti kubudirira kwebasa kwakabatira pamushandi wekutanga. Kubatikira kunoiswa pamusoro pemunhu pachinzvimbo chekuiswa kuhuMwari, kugodoka kunouya kuchipinda, uye basa raMwari rinobva rasvibiswa. Uyo unokudzwa zvakarika chiyero unoyedzwa kuti ave nekuzvivimba pachake. Haaoni kutsamira kwake pana Mwari. Vanhu vanodzidziswa kutsamira pamunhu kuti vawane rayiro, ndizvo vanodonhera mukurasika, uye vanotungamirirwa kuenda kure kubva panaMwari.

“Basa raMwari harifaniri kutakura mufananidzo nekunyora kwemunhu. Nguva nenguva Jehovha uchazounza vamiririri vakasiyana, kuburikidza navo chinangwa chake chinogona kuzadzisika zvakanwana. Vane mufaro avo vanodisa kuti pachavo vaninipiswe, vachitaura naJohani mubhabhatidzi vachiti, ‘Iye unofanira kukura, asi ini ndinofanira kudukupiswa.’” – *Ibid.*, p. 182.

1. Chikonzero nei vadzidzi vaJohani vakagodokera basa raKristu?
2. Johani akapupurei kuvadzidzi vake?
3. Nechinangwa cheyi chipo cheMweya Mutsvene chinopiwa?
4. Rubhabhatidzo runozadzisa chinangwa charwo chechokwadi sei?
5. Jesu naJohani vakaita sei apo vakaona njodzi yedambudziko pakati pevadzidzi vavo?

Jesu nemukadzi Musa- maria

VHESI YEKURANGARIRA: “Asi aninani unomwa mvura yandichamupa ini, haachazovi nenyota nokusingaperi asi mvura yandichamupa, ichava mukati make tsime remvura, inovhaira kusvika kuvupenyu bwusingaperi” (Johani 4:14).

Bhuku Ratingaverenga: Testimonies for the Church, vol. 4, pp. 384-387.

“Uyo unotsvaka kudzimura nyota yake pazvitubu zvenyika ino achazomwira chete kuti azova nenyota zvakare. Kwose kwose vanhu havana kugutsikana. Vanodokwairira chimwe chinhu kuti chipe zvinodikanwa nemweya. Umwechete chete ndiye anogona kuzadzisa zvinodikanwa izvozvo. Chinodikanwa nyenika, ‘Chidiso chemarudzi ose,’ ndiKristu.”- *The Desire of Ages*, p. 187.

1. JESU MUSIKARI

Sun, Feb 16

a. Ari murwendo rwake kuenda kuGareria, Jesu navadzidzi vake vakamira papi? Johani 4:6.

“Apo Jesu paakagara parutivi petsime, wakanga oziya kubva kunzara nenyota. Rwendo rwaakanga atanga mangwanani rwaiva rwakareba, uye ikozvino zuva remasikati rava kurova pamusoro pake. Nyota yake yakawedzerwa kuburikidza nekufunga kutonhorera, kwemvura inopa simba idzva yaiva pedyo kudaro, asi asingagoni kuisvikira; nekuti wakanga asina tambo kana gaba rekucheresa mvura, uye tsime raiva rakadzika. Zvinowira vanhu zvaimuwirawo naiye, akabva amirira mumwe munhu kuti auye kuzochera mvura.”- *The Desire of Ages*, p. 183.

b. Ndiyani akauya patsime, uye Jesu akakumbira kuitirwei naye – uye tinofanira kudzidzei kubva pane izvi? Johani 4:7.

“Ruvengo rwaiva pakati pevaJudha nevaSamaria rwakadzivisa mukadzi kubva kukuitira tsitsi kuna Jesu; asi Muponesi wakanga achitsvaka kuwana nzira yokupinda mumoyo uyu, uye nekungwarira kunozvarwa nerudo rwehuMwari, akabvunza, asina kupiwa, zvaakanga akumbira. Kukumbira kuitirwa tsitsi kunogona kunge kwaiva kwarambwa; asi kuvimba kwakamutsa kumwe kuvimba. Mambo wekudenga akauya kumweya uyu wakarambwa, achikumbira rubatsiro rwaiva pamaoko ake. Uyo wakasika nyika, notungamirira mvura zhinji yakadzika zvikuru, wakavhura zvitubu nenzira dzepanyika, akazorora kubva kukuneta kwake patsime raJakobho, uye wakanga achivimba pakunzwira tsitsi kwemupfuuri kunyange pachipo chemvura yekumwa.”- *Ibid.*, p. 184.

a. Jesu akaidza kubatikira kwemukadzi kuchipo cheruponeso nenzira ipi? Johani 4:10.

“Mvura iyo Kristu akanga achireva yaiva kuzarurwa kwenyasha dzake mushoko rake; Mweya wake, dzidziso yake, yakaita sechitubu chinogutsa kumweya wose. Hwaro humwe hwose uhwo vangatsvaka rubatsiro hunozovaraidza kuti hawugutsi. Asi shoko rechokwadi rakaita sehova dzinotonhorera, dzinomiririrwa semvura dzeRebhanoni, dzinogutsa nguva dzose. Muna Kristu mune mufaro wakazara munguva iri mberi.” – *Testimonies to Ministers*, p. 390.

b. Mukadzi akaita sei kune zvakapiwa naKristu? Johani 4:11, 12.

“Kunzwisisa kwemukadzi hakuna kunzwisisa zvaireva Kristu; akafungidzira kuti aiva achitaura pamusoro petsime raiva pamberi pavo.” – *The Spirit of Prophecy*, vol. 2, pp. 140, 141.

c. Jesu akasiyanisa pakati perudzi rumwe rwemvura nerumwe – uye shoko iri rinotikomborerawo isu nenzira ipi? Johani 4:13, 14; Zvazarurwa 22:17.

“Tinofanira kuva nerudo nekutenda, tinofanira kutarisa kuna Jesu uye tova tinoshandurwa tichifanana nechimiro chake. Tuso reizvi rinozova kuvimba kwakawedzerwa, tariro, kutsungirira, nekushinga. Tichange tichimwa kubva pamvura youpenyu iyo Kristu akataura kumukadzi weSamaria. Akati kwaari: ‘Dai waiziva chipo chaMwari, vuye kuti ndiani unoti kwauri, ndipei vo ndimwe, ungadai waikumbira kwaari, akakupa mvura mhenyu... Asi aninani unomwa mvura yandichamupa ini, haachazovi nenyota nokusingaperi asi mvura, yandichamupa, ichava mukati make tsime remvura, inovhaira kusvika kuopenyu bwusingaperi.’ Mvura iyi yaimirira upenyu hwaKristu, uye mweya umwe neumwe unofanira kuve nayo nekuuya mukubatana kupenyu naMwari. Ipapo kuvimba kwakaropafadzwa, kwakazvidzika, kune kutenda kuchazova mutemo unogara mumweya. Kutya kwekusatenda kuchazokukurirwa kure pamberi pekutenda kupenyu. Tichazofungisisa pamusoro pechimiro chake uyo wakatida isu pakutangana.” – *Testimonies to Ministers*, p. 226.

a. Mukadzi Musamariya akaratidza nenzira ipi kuti akanga asina kunzwisisa zvakare mashoko aKristu? Johani 4:15.

“Nyasha dzehuMwari idzo Iye chete anogona kupa, dzakafanana nemvura mhenyu, inochenesa, inobvisa kuneta, nekupa simba kumweya.

“Jesu haana kupa pfungwa yekuti kumwiwa kumwechete chete kwemvura yeupenyu kunobva kwagutsa mugamuchiri. Uyo unoravira zvinobva murudo rwaKristu anozoramba achidokwairira zvimwe zvakawanda; asi haana zvimwe zvaanozotsvaka zvakare. Upfumi, kukudzwa, nemufaro wenyika hazvimukwezvi. Kudanidzira kunoramba kurimo mumoyo make ndekwekuti, Zvakawanda zvenyu. Uye uyo unoratidza kumweya zvakaushera akamirira kugutsa nzara nenyota yawo. Rubatsiro rwavanhu nekutsamira pavanhu kwose kuchazoratidza kusakwanira. Mudziyo wakakura wekuchengetera mvura unozopera mvura, madziva anosvika pakuoma; asi Mudzikinuri wedu chitubu chisingapwi. Tinogona kumwa, tigomwa zvakare uye tigoramba tichingwana imwe itsva. Uyo maari Kristu anogara ane mukati make pachake chitubu chechikomborero – ‘tsime remvura inovhaira ichikwira kuupenyu husingaperi.’ Kubva pahwaro uhu anogona kutora simba nyasha dzinokwana pane zvose zvaanoda.” – *The Desire of Ages*, p. 187.

b. Sezvakafanana nemukadzi muSamariya nevapfuuri murenje vari kuna Ekisodho, nenzira ipi tinokundikana kakawanda kuona nyasha dzinoshamisa dzinoyerera dzichibva pana Kristu? Mapisarema 78:15, 16, 19, 20 (chikamu chekutanga); 114:7, 8.

“Mozisi akarova dombo, asi waiva Mwanakomana waMwari uyo, akavharirwa mushongo yegore, akamira parutivi rwaMozisi, uye akaita kuti mvura inopa upenyu iyerere. Kwete Mozisi nevakakwegura chete, asi newungano yose yaiya yakamira nechekure, vakaona kubwinya kwaJehovha; asi dai gore rakanga rabviswa, vangadai vakaurawa nekujeka kwake kunotyisa uyo unogara imo.” – *Patriarchs and Prophets*, p. 298.

“Huvepo hwenyasha dzaKristu mushoko rake dzinotaura nguva dzose kumweya, dzichimumiririra setsime remvura mhenyu inobvisa kuneta kumweya une nyota. Mukana wedu kuti tive naMuponesi mupenyu, anogara nokusingaperi. Ndiye hwaro hwesimba repamweya rakadzikwa midzi yakadzama matiri, uye kukwezva kwake kunozoyerera naizvozvo mumashoko nemukuita, kuchipa simba idzva vose vari muzviitiko zvekukwezva kwedu, zvichibereka mavari zvidiso nezvidokwa-dokwa zvekuva nesimba nekuchena, zvekuva vatsvene nekuva nerunyararo, uye nekuda kwemufaro iwoyo usingaunzi kusuruvara nawo. Iyi ituso yaMuponesi anogara matiri.” – *Testimonies to Ministers*, p. 390.

- a. **Chidzidzo chipi chitsva Jesu akauyisa munhaurirano yake nemukadzi Musamariya – uye akapindura nenzira ipi? Johani 4:16, 17 (chikamu chekutanga).**

“Jesu ikozvino akangoerekana ahandura nhaurirano. Mweya uyu usati wagona kugamuchira chipo chaaidokwairira kuti awupe, mukadzi uyu aifanira kuunzwa kuti aone chitema chake uye Muponesi wake. Jesu ‘akati kwaari, Enda, undodana murume wako ugovuya pano.’ Mukadzi akapindura, akati kwaari, ‘Handino murume.’ Ndizvo akava netarisiro yekudzivirira kubvunzwa kwose kwakarerekera ikoko.” – *The Desire of Ages*, p. 187.

- b. **Jesu akawedzera mhinduro yake nenzira ipi – uye izvi zvinorangaridza chii kwatiri pamusoro pazvose izvo zvaanoziva pamusoro peumwe neumwe wedu ari oga? Johani 4:17 (chikamu chekupedzisira), 18; Mapisarema 139:7, 8, 11, 12.**

“Ukuru hwaMwari kwatiri hwakaoma kuhunzwisisa. ‘Jehovha chigaro chake choushe chiri kudenga’ (Mapisarema 11:4); zvakadaro kuburikidza neMweya wake kwose kwose ariko. Ane ruzivo rwepedyo, rwemabasa ose eruwoko rwake, uye nekuva nekufarira pachake, mumabasa ose eruwoko rwake.” – *Education*, p. 132.

“Ngirozi dzekudenga dzinoongorora basa rinoiswa mumaoko edu; uye apo panenge pakaita kutsauka kubva pamitemo yechokwadi, ‘kusakwanira’ kunonyorwa muzvinyorwa.” – *Child Guidance*, p. 155.

“Mutemo waMwari unosvika kumanzwiro nezvinangwa zvemaitiro zvimwechetezvo nemabasa ekunze. Unoratidza zvakananzika zvemoyo, uchivhenekera chiedza pamusoro pezvinhu zvakananga zvakanavigwa murima nenguva iri kumashure. Mwari anoziva mufungo yose, chinangwa chose, zano rose, chinangwa chemaitiro ose. Mabhuku ekudenga anonyorwa zvitema zvingadai zvakanitwa dai pakaita mukana. Mwari uchaunza basa rose mukutongwa, nezvinhu zvose zvakananzika. Kuburikidza nemutemo wake anoyera chimiro chemunhu mumwe nemumwe. Sezvinoita uyo unotora mufananidzo wezviri kumeso achizviyendesa pamucheka, saka zviri pachimiro cheumwe neumwe zvichaendeswa kumabhuku ekudenga. Mwari ane mufananidzo wakakwana wechimiro chemunhu mumwe nemumwe, uye mufananidzo uyu anowuyenzanisa nemutemo wake. Anoratidza kumunhu kusakwanira kunokanganisa zvikurusisa upenyu hwake uye anomudaidza kuti atendeuke asiye chitema.” – *The Bible Commentary* [E. G. White Comments], vol. 5, p. 1085.

- a. **Mukadzi aiva patsime akazopedzisira aziva chii pamusoro paJesu? Johani 4:19. Kuziva uku kwakanga kwakakwanira here?**

“Muteereri akadedera. Ruwoko rusinganzwisiki rwakanga rwuchivhura mapepa en-horoondo yeupenyu hwake, ruchiunza pakuonekwa izvo zvaakanga akatarisira ku-chengeta akazviviga nokusingaperi. Aiva iye ani aigona kuverenga zvakavanzika zveupenyu hwake? Kwakauya kwaari mifungo yekurarama kusingagumi, yerutongo ruri mberi, apo zvose zvakavanzika ikozvino zvicharatidzwa. Muchiedza charwo, mufungo wakamutswa.

“Hapana chaakagona kuramba; asi akaedza kudzivirira kutaurwa kwose kwechinhu icho chaakanga asingafariri. Nekuremekedza kwakadzama, mukadzi akati kwaari, ‘Ishe ndinovona kuti muri muporofita.’ Zvadarwo, achitarisira kunyaradza kujekerwa, akatendeukira kuzvinhu zvine gakava zvechitendero. Kana uyu akanga ari muporofita, zvirokwazvo aigona kumupa rayiro maererano nezvinhu izvi izvo zvakanga zvichika-kavanzanwa pazviri kwenguva yakareba.” – *The Desire of Ages*, pp. 187, 188.

- b. **Apo mukadzi akaratidza tariro mukuuya kwaMesiasi, Jesu akati chii kwaari? Johani 4:25, 26.**

“Rukoko rwevhangeri harufaniri kudzikiswa kuva rudoko, uye ropiwa chete kuvashoma vakasarudzwa, avo, tinofungidzira kuti, vanoza kuti tiremekedzwe kana vakachigamuchira. Vhangeri rinofanira kupiwa kuna vose. Kwose kwose kune moyo yakavhurika kuti igamuchire chokwadi, Kristu akagadzirira kuti avaraire. Anoratidza kwavari Baba, uye kunamata kunogamuchirika kwaari uyo unoverenga moyo. Kune vakadaro akanga asingashandisi mifananidzo. Kwavari, sezvakaita mukadzi wepatsime, Jesu anoti, ‘Ini ndinotaura newe, ndini iye.’” – *The Desire of Ages*, p. 194.

1. **Chikonzero nei Jesu asina kumbobvira aziitira chiratidzo iye pachake?**
2. **Ndechipi chinhu chakashandiswa naJesu kutungamirira mukadzi weSamaria kuvhangeri?**
3. **Ishe vakati kudini maererano nemvura yeupenyu?**
4. **Chikonzero nei Jesu akataura upenyu hwakanangana nemukadzi Musamariya?**
5. **Doma chipikirwa chakabatana nekuuya kwaMesiasi.**

Zvipo Zvesabata Rekutanga

Sabata, March 1, 2025



“Children of Character”

Nzvimbo yekudzidzira iri kuRomania

“Kudzidza kwekutanga kwevechidiki kazhinji kunogadzira zvimiro zvavo kweupenyu hwose.” – *Testimonies for the Church, vol. 3, p. 135.*

Mashoko akafemerwa anotaiturira pamusoro penhoroondo inokurudzira apo “misangano yevana, kudzidza Bhaibheri kwevana vari kugadzirirwa kuzonotanga kudzidza kwemuzvikoro zveprimary, kwakaita basa rakanaka. Zvidzidzo zvinopiwa zvinodzokororwa nevana pavanenge vari kumba kwavo, uye vanaamai vanoratidza kufarira kwavo nekugadzirira vana kuti vange vakachena vachiuya kuchikoro. Vazhinji vevana ava vabereki vavo havasi vokutenda kumwechete nesu.” – *Evangelism, p. 538.* Nzvimbo yekudzidzira “yeChildren of Character yakavambwa mugore ra2019 kuFargas guta riri mugomo rekuRomania. Vana vanobva pamakore maviri kusvika pamashanu vari kukura zvinofadza panzvimbo iyi. Kuwedzera pane zvinoitwa nevana vari pazera iri, vanodzidza nyaya dzemuBhaibheri, kunamata, kuimba uye nekuita Mwari shamwari yavo. Vari vadiki sezvavakaita, vanonzwisisa kuti Mwari arikutungamirira uye vanodzidza kumukumbira rubatsiro pamatambudziko avo. Chimiro chavo chinovakwa zuva nezuva. Kuburikidza nenyasha dzaMwari tinogona kuona shanduko inoshamisa muupenyu hwevana vadiki ava. Mune ramangwana, tinoda kudzidzisa avo zvimiro zvavari zvingazvitenderi.

Mugore rekutanga takatanga nevana gumi nevaviri; mugore rechina takanga tava nevana vaisvika makumi matatu nevaviri, makumi maviri nevaviri vaibva kunze kwesangano. Parizvino, kudzidzwa kunoitwa mumakamuri mana akapiwa nemuzinda wemubatanidzwa weRomania, asi makamuri aya arikuratidza kuti akazarisa sezvo zvikumbiro zvehuwandu hwevana zvichipfuura chiyero chatinokwanisa. Kuburikidza neizvi, tinonzwisisa kuti Mwari anoda kuti tienderere kumberi uye kuti tivandudze basa iri rinoshamisa uye ndizvo tinouya kusangana nevana vakawandisa nemhuri dzavo dzakawandisa sezvingagonekwa. Saka, mugore ra2021, pane nzvimbo yemunda yakatengwa kunze kweguta uye takawana matsamba akakosha kuti titange kuvaka. Ikozvino nheyo yakatoiswa nechekare. Tinotenda zvikusisa Mwari nekuva akabata moyo yenyu – vamwe venyu vakatsigira basa iri kusvika parasvika izvozi uye vamwe venyu vachapa pachena ikozvino. Nechipi chako, unozopa mukana kuvana vasingazivi Mwari kuti vaue pedyosa naye vagamuchire dzidziso yechiKristu. Tinokumbirisa kukunzwira tsitsi kwenyu uye tine chokwadi chekuti hamuzorambi musina hanya, asi kuti muchazotitsigira kuti tiunze basa iri pakubudirira pakupedzisira nekutitakura muminamoto yenyu zvakare.

Vana mukoma nehanzvadzi dzenyu kubva kumubatanidzwa weRomania.

Kuzvarwa kweMuparidzi

VHESI YEKURANGARIRA: “Ko imi hamuti: kwasara mwedzi mina, kucheka kwasvika? Tarirai, ini ndinoti kwamuri: simudzai meso enyu, vonai minda, kuti yatoibvira kucheka” (Johani 4:35).

Bhuku Ratingaverenga: *Testimonies for the Church, vol. 5, pp. 182-187.*

“Jesu akanga atanga kupwanyira pasi madziro emuganhu waiva pakati peva-Judha navaHedheni, nekuparidza ruponeso kunyika. Kunyange aiva muJudha, waisangana zvakasununguka nevaSamaria, asingakoshi tsika dzerudzi rwake dzevaFarisi.” – *The Desire of Ages, p. 193.*

1. UPENYU HUTSVA ZVEKUKOSHESA ZVITSVA

Sun, Feb 23

a. Apo paakaona Jesu ari iye Mesiasi, mukadzi weSamaria akabva aita sei nekukasira? Johane 4:28, 29.

“Mukadzi akanga azadzwa nemufaro apo akanga achiteerera kumashoko aKristu. Zvakazarurwa zvinoshamisa zvakanga zvirira pedyo kumukurira. Achisiya chirongo chake, akadzokera kuguta, kuti ayendese shoko kune vamwe. Jesu akaziva chikonzero chakanga chaita kuti ayende. Kusiya chirongo chake chakataura zvisina mubvunzo zvakanga zvaitwa nemashoko aJesu. Chaiva chidiso chekurevesa chemweya wake kuti awane mvura mhenyu; akabva akanganwa chinangwa chake chekuuya kutsime, akakanganwa nyota yaMuponesi, iyo yaaiva aronga kuti ape. Nemoyo waipfachukira nemufaro, akakasira ari munzira achienda, kuti ape kune vamwe chiedza chakakosha chaakanga agamuchira.” – *The Desire of Ages, p. 191.*

b. Vagari vekuSikari vakaita sei apo vakanzwa kupupura kwechizvarwa cheumwe wavo? Johani 4:30.

“Mashoko emukadzi uyu akabata moyo yavo. Pakange pane kuratidzika kutsva pachiso chake, shanduko pakutaridzika kwake kwose. Vakanga vachifarira kuti vaone Jesu.” – *Ibid.*

a. Apo Jesu akaona vagari vekuSikari vachiuya, akati chii kuvadzidzi vake? Johani 4:35-38.

“‘Unocheka,’ akadaro, ‘unopiwa mubairo, unovunganidza zvibereko muvupenyu bwusingaperi; kuti unokusha nounocheka vafare vose. Nokuti shumo ndeya zvokwadi, inoti: Mumwe unokusha, mumwe achicheka.’ Kristu apa wakanongedza pachena basa dzvene rakakweretwa kuna Mwari neavo vanogamuchira vhangeri. Vanofanira kuva vimiririri vake vanorarama. Anoda kushanda kwavo umwe neumwe. Zvakare zvisinei nekuti tinodyara kana kuti tinokohwa, tose tiri kushandira Mwari. Mumwe unokusha mbeu; mumwe unoshanda kuwunganidza goho; uye vose mudyari nemukohwi vanopiwa muripo. Vanofara pamwechete mumubayiro wekushanda kwavo.” – *The Desire of Ages*, pp. 191,192.

b. Kupupura kwemukadzi pamusoro paKristu kwakava nekuita kupi – uye tinogona kudzidzeyi kubva kukuita kune simba kwakwakava nako? Johani 4:39.

“Kana takabatanidzwa kuna Kristu, tine mufungo waKristu. Kuchena nerudo kunopenya naizvozvo muchimiro, hunyoro nechokwadi zvinotungamirira upenyu. Kuratidzika chaiko kwechiso kunoshanduka. Kristu anogara mumoyo anoisa simba rekushandura; uye zviri kunze zvinopupurira kurugare nemufaro unotonga mukati. Tinomwa murudo rwaKristu, sedavi zvarinomwa kudya kwakakwana kubva kumuzambiringa. Kana takanyudzwa muna Kristu, kana tsinga dokosa netsinga dokosa takabatanidzwa neMuzambiringa Unorarama, tichapa chiratidzo chazvo kuburikidza nekubereka zvisumbu zvine upfumi zvemichero inorarama. Kana takabatanidzwa neChiedza, tichava nzira yechiedza, uye mumashoko nemabasa edu ticharatidzira chiedza kunyika....

“Kuburikidza nekutarisa tinofanira kuva tinoshandurwa; uye patinofungisisa pamusoro pekukwanira kweMuyenzaniso wehuMwari, tichava nechidiso chekuva takashandurwa zvakakwana, uye kusikwa kutsva mumufananidzo woku-chena kwake. Kuburikidza nekutenda muMwanakomana kunoita kuti kushandurwa kutore nzvimbo muchimiro, uye mwana wokutsamwa anova mwana waMwari. Anopfuura achibva kurufu achienda kuupenyu; anova ari mumweya uye anonzwisisa zvinhu zvepamweya. Huchenjeri hwaMwari hunojekesera pfungwa dzake, anobva aona zvinhu zvinoshamisa kubva mumurairo wake. Semunhu zvaanotendeutsa nechokwadi, basa rekushandurwa kwechimiro rinoenderera mberi.” – *Selected Messages*, bk. 1, pp. 337, 338.

- a. **Chikumbiro chipi icho vaSamaria vakaita kuna Jesu – uye nechikonzero chei? Johani 4:40.**
- b. **Dongonodza tuso yakavepo nokuda kwenguva yakava Kristu muSamaria. Johani 4:41.**

“Mumashoko akataurwa kumukadzi patsime, mbeu yakanaka yakanga yasimwa, uye nekukurumidza zvakadini goho rakagamuchirwa. VaSamaria vakauya vakadzwa Jesu, uye vakatenda kwaari. Vachiwungana vakamukomberedza patsime, vakamuturikidzira mibvunzo, uye nechidokwa-dokwa vakagamuchira tsanangudzo dzake dzezvinhu zvakawanda zvakanga zvakavanzika kwavari. Apo vaiteerera, kuvhiringika kwavo kwakatanga kuenda kuchipera. Vakanga vakafanana nevanhu vari murima rakakura vari kukwira vachitevera kujeka kwechiedza changonyuka kusvikira pavakawana zuva. Asi havana kugutsikana nenhaurirano iyi yenguva diki. Vaiva nechidokwa-dokwa chekunzwa zvakawanda, uye kuti shamwari dzavowo dziteerere kumudzidzisi uyu unoshamisa. Vakamukoka kuti auye kuguta ravo, vakamugombedzera kuti agare navo. Kwemazuva maviri akanga ari Musamaria, uye vazhinji kwazvo vakatenda kwaari.” - *The Desire of Ages*, p. 192.

“Kristu wakaraidza Mwari kuvadzidzi vake nenzira yakaita basa rinokosha mumoyo mavo, rimwechete raaitigombedzera isu nguva yakareba kuti timutendere kuti aite mumoyo medu. Pane vazhinji avo, mukugara zvakanyanyisisa pamusoro petsanangudzo yechokwadi, vakarasa kuona simba rinorarama remuyenzaniso waMuponesi. Vakarasa kumuona semushandi wakazvidzika, unozviramba. Chavanoda kutarisa Jesu. Zuva nezuva tinoda kuzarurwa kutsva kwehuvepo hwake.” - *Reflecting Christ*, p. 302.

- c. **VaSamaria vazhinji vakapupurei pavakange vagamuchira Jesu saMesiasi? Johani 4:42.**

“VaFarisi vakatarisira pasi kuzvidzika kwaJesu. Havana kubatikira kuzviratidzo zvake, uye vakakumbira nechisimba chiratidzo chekuti iye aiva Mwanakomana waMwari. Asi vaSamaria havana chiratidzo chavakakumbira, uye Jesu haana zviratidzo zvaakaita pakati pavo, kunze chete mukuratidza zvakavanzika zveupenyu hwake kumukadzi wepatsime. Asi zvakadaro vazhinji vakamugamuchira. Mumufaro wavo mutsva vakati kumukadzi, ‘Hatichatendi nokureva kwako; tazvinzwira timene, tinoziva kuti uyu ndiye Kristu Muponesi wenyika zvirokwaswo.’” - *The Desire of Ages*, pp. 192, 193.

a. Pamusoro pechiporofita chipi icho vaSamaria vaibatira kutenda kwavo muchipikirwa chaMesiasi? Genesisi 49:10.

“VaSamaria waitenda kuti Mesiasi aizouya seMudzikinuri, kwete wevaJudha chete, asi wenyika. Mweya Mutsvene kuburikidza naMozisi wakanga wakamutaura semuporofita akatumwa kubva kuna Mwari. Kuburikidza naJakobho kwaiva kwakapupurwa kuti kwaari ndiko kunofanira kuwunganidzirwa vanhu; uye kuburikidza naAbhurahamu, kuti maari marudzi ose epanyika acharopafadzwa. Pamagwaro aya vanhu veSamaria vakanga vakabatira kutenda kwavo muna Mesiasi. Nyaya yekuti vaJudha vakanga vakaminamisa vaporofita vekupedzisira, vachipa kukuuya kwekutanga kubwinya kunova kwekuuya kwaKristu kwechipiri, kwakatungamirira vaSamaria kuti varase zvinyorwa zvose zvitsvene kunze kweizvo zvakapiwa kuburikidza naMozisi. Asi apo Muponesi akakukurira kure kududzira uku kwemanyepo, vazhinji vakagamuchira zviporofita zvakauya pakupedzisira, uye mashoko aKristu pachake mayererano nehumambo hwaMwari.” – *The Desire of Ages*, p. 193.

b. Chii chatinogona isu nhasi kudzidza kubva panyaya yekuti vaSamaria vakabuda pachena kuchokwadi zvinoshamisa? Muparidzi 11:4, 5.

“Pasi rose kwose kwose varume nevakadzi vari kutarisa kudenga nekusuruvara kwakadzama. Minamoto nemisodzi nemibvunzo zvinokwira kumusoro zvichibva kumweya inodokwairira kuwana chiedza, nyasha neMweya Mutsvene. Vazhinji vari pamuganhu wehumambo, vachimirira chete kuti vawunganidzirwe mukati.” – *The Acts of the Apostles*, p. 109.

c. Mumwe nemumwe anova akaita sei apo vanogamuchira Kristu pachokwadi? Ipa muyenzaniso. Mako 5:18-20; 7:31-32.

“Mweya [waKristu] unozovandudza mumunhu zvose izvo zvinozopa kusimudzirwa kwechimiro nekuisa kuremekedzwa pachimiro. Unozovaka munhu achikwira kuti Mwari akudzwe mumuviri, mumoyo nemumweya.... Uye mweya yakabva pakudzoreka kwehunhu ichiva zvombo zvasatani inogona zvakare kuburikidza nesimba raKristu kushandurwa ichiva nhume dzekururama, uye yotumwa naizvozvo neMwanakomana waMwari kuti uvaudze izvo ‘zvinhu zvikuru zvawakaitirwa naShe, napawakaitirwa ngoni napo.’” – *The Desire of Ages*, p. 341.

a. Zvidzidzo zvipi zvatinodzidza kubva kumukadzi muSamaria? 1 Johani 1:1-3; 2 VaKorinde 5:14 (chikamu chekutanga).

“Achingobva mukunge awana Muponesi mukadzi Musamaria akauya nevamwe kwaari. Akazviratidza pachake kuva anogona zvakananyisa kuparidza kudarika vadzidzi vake pachake. Vadzidzi havana chavakaona muSamaria kuti chiratidze kuti waiva munda une tariro. Pfungwa dzavo dzaiva dzakabatira pamusoro pebasa rakakura raizoitwa nenguva iri kumberi. Havana kuona kuti pakatenderedza nzvimbo yavakanga vari paiva nekukohwa kwaifanira kuwunganidzwa. Asi kuburikidza nemukadzi uyo wawaizvidza, guta rose rakazara rakaunzwa kuti rinzwe Muponesi. Akatakura chiedza asingapedzi nguva achi-chiendesa kuvanhu vekunyika kwake.

“Mukadzi uyu anomirira kushanda kwekutenda kunoraramwa muna Kristu. Mudzidzi mumwe nemumwe wechokwadi anozvarwa muhumambo hwaMwari semuparidziri. Uyo unomwa kubva pamvura mhenyu anova chitubu cheupenyu. Mugamuchiri anova mupi. Nyasha dzaKristu mumweya dzakafanana nechinyuka mugwega, chinobuda chichikwira kuti chipe simba idzva kuna vose, uye chichiita kuti avo vakagadzirira kuparara vave nechidokwa-dokwa chekuti vanwe kubva pamvura yeupenyu.” – *The Desire of Ages*, p. 195.

b. Nenzira ipi nhoroondo iyi inotikurudzira isu nhasi? Muparidzi 11:6.

“Hazvidi kuti tiende kune dzimwe nyika kuti tive vaparidziri vaMwari. Kwose kwakatitenderedza isu kune minda, ‘yatoibva kare kuti ikohwewe,’ uye wose ane chidiso anogona kuwunganidza ‘muchero kuupenyu husingaperi.’ Mwari anodaidza pamusoro pavakawanda vari kuBattle Creek vari kufa nekuda kweunyope hwepamweya hwekuti vaende uko basa ravo rinodikanwa muzvinangwa zvake. Budai mubve muBattle Creek, kunyange kana zvichida kuzvipira kunoda mari. Endai kumwe kuti muve chikomborero kune vamwe. Endai uko kwamunogona kusimbisa rimwe sangano risina kusimba. Shandisai masimba ayo Mwari akakupai.” – *Testimonies for the Church*, vol. 5, p. 187.

1. Mukadzi akaita sei paakaona Jesu ari iye chete Muponesi?
2. Tsanangura zvinorehwa nekuti minda iri muchimiro chekuyibva kare kuti kohwewe.
3. Jesu akagara nevaSamaria kwemazuva mangani?
4. Kupupura kupi uko vaSamaria vakapa maererano naJesu?
5. Chii chinoitika kuvanhu pavanongo gamuchira Jesu muupenyu hwa-vo?

JESU NEMWANAKO- MANA WEMUTARIRI WASHE

VHESI YEKURANGARIRA: “Zvino, iye unesimba rokuita zvikuru kwazvo zvinopfuura zvose zvatinokumbira kana zvatinofunga, nesimba rinobata mukati medu, ngaave nokubwinya mukereke muna Kristu Jesu, kusvikira kumarudzi ose nokusingaperi-peri. Amen” (VaEfeso 3:20, 21).

Bhuku Ratingaverenga: *Testimonies for the Church*, vol. 9, pp. 107, 108, 164-166.

“Kwete nechikonzero chekuti tinoona kana kuti tinonzwa matiri kuti Mwari anotidzwa zvinoita kuti titende. Tinofanira kuvimba muzvipikirwa zvake. Kana tikauya kwaari nekutenda, kukumbira kwose kunopinda mumoyo maMwari. Kana tichinge takumbira chikomborero chake, tinofanira kutenda kuti tinochigamuchira, nekumutenda kuti tatochigamuchira. Ipapo tinofanira kuenda tichiiita mabasa edu, tine chivimbo chekuti chikomborero chichazozadziswa

1. KUWANA KUBATIKIRWA

Sun, Mar 2

zvapakwana apo tichachida zvakananyisisa.” – *The Desire of Ages*, p. 200.

a. Apedza mazuva maviri ane vaSamaria, Jesu akaenda kupi – uye ndiyani akakwezvewa nemashoko aya? Johani 4:43-46.

“Mashoko ekudzokera kwaKristu kuKana akapararira nekukasira Garirea rose, achionza tariro kune vairwadziwa nevaishungurudzika. MuKapernaume mashoko aya akakwezva kubatikira kweumwe muJudha mutariri washe waiva nechidanho chikuru mukubatira mambo.” – *The Desire of Ages*, p. 196.

b. Chikonzero nei mukuru airemekedzwa akaenda kunoona Jesu? Johani 4:47.

“Mwanakomana wemukuru airemekedzwa waiva achirwadziwa kubva kune zvaitaridzika kuva chirwere chisingarapiki. Varapi vakanga vakundikana vakamusiya kuti afe; asi apo baba vake vakanzwa nezvaJesu, akazvipira kutsvaka rubatsiro kubva kwaari.” – *Ibid.*, p. 197.

a. Dongonodza kuti Kristu akaratidza sei kurwadziwa kukurusisa kwemukati memoyo mumutariri washe uyo akamutsvaka kuti arape mwanakomana wake muKapernaume. Johani 4:48.

“Mwana wakanga arukutika, uye, zvakanga zvichityirwa, kuti anogona kusararama kusvikira pakudzoka kwake; zvakadaro mutariri washe akadzwa maari kuti aifanira kupira nyaya iye pachake. Aiva netarisiro yekuti minamoto yababa yaigona kumutsa kunzwira tsitsi kweMurapi Mukuru.

“Paakasvika Kana akawana chawunga chevanhu chakakomberedza Jesu. Nemoyo waidokwaira akasunda achipinda kuenda kwaiva naMuponesi. Kutenda kwake kwakazununguswa apo akaona chete murume akapfeka zvakazvidzika, ane huruva uye akasakadzwa nekufamba. Haana kugutsikana kuti munhu uyu aigona kuita izvo akanga auya kukumbira kwaari; zvakadaro akatsvaka kuita nhaurirano naJesu, akataura zvaakanga afambira, uye akanyengerera Muponesi kuti ayende naye kumba kwake. Asi kusuruvara kwake kwakanga kwazikanwa naJesu kare. Mutariri washe paakanga asati abva pamusha pake, Muponesi akanga aona kushungurudzika kwake.

“Asi aiziva zvakare kuti baba, mupfungwa dzavo, vakanga vagadzira zvimiro zvemayererano nekutenda kwavo muna Jesu. Kunze kwekuti chikumbiro chake chikava chinopiwa, haaigona kumugamuchira saMesiasi....

“Asingatarisi zviratidzo zvose zvokuti Jesu waiva iye Kristu, mukumbiri wakanga azvipira kugadzira kutenda kwake maari pachimiro chekutenderwa kwechikumbiro chake pachake.”- *The Desire of Ages*, pp. 197, 198.

b. Kana tichinge tayedzwa kuti titsvake zviratidzo, chii chatinofanira kurangarira? Mateo 12:38, 39.

“Kristu wakanga arwadziwa kuti vanhu vake pachake, avo kwavari Zvinyorwa Zvitsvene zvakanga zvakapiwa, vakundikana kunzwa inzwi raMwari richitaura kwavari muMwanakomana wake.” – *Ibid.*, p. 198.

“Vanhu vanoda chiratidzo, semumazuva aKristu. Ipapo Ishe akavataurira kuti hapana chiratidzo chichapiwa kwavari. Chiratidzo icho chinofanira kuratidzwa ikozvino uye nguva dzose kushanda kweMweya Mutsvene pamusoro pepfungwa dzemudzidzisi, kuitira kuti Shoko rigadzire kuita kwakasimba sezvaringagona. Shoko raMwari harisi tsanangudzo yakafa, isina chainacho, asi mweya neupenyu. Satani hapana chaanoda chakanaka kudarika kudaidza pfungwa kure kubva paShoko, kuti dzidokwairire nekutarisira zvimwe zvinhu kubva kunze kweShoko kuti dzigone kuziva.” – *Selected Messages*, bk. 2, p. 95.

a. Tsanangura musiyano uri pakati pevaJudha nevaSamaria mayererano nekutenda kwavo muna Kristu. Mako 6:2-6; Johani 4:40-42.

“VaFarisi vaidokwairira zvakadini kutsvaka kuti varatidze kuti Kristu munyengeri! Vaiwongorora zvakadini shoko rake rimwe nerimwe, vachitsvaka kuminamisa nekududzira zvisizvo zvaaitaura zvake zvose! Kuzvikudza neku-batira pakutenda kune zvakajairwa nezvaifarirwa zvakavhara nzira dzose dzemweya kubva kukupupura kweMwanakomana waMwari. Apo akatsiura pachena zvitema zvavo uye akapupura kuti mabasa avo anoratidza kuti ivo vana vaSatani, vakapotsera vachidzoserwa kupomerwa mhosva nekutsamwa, vachiti, ‘Hatina kutaura zvakana here kuti iwe uri muSamaria, uye une mweya wakaipa?’” – *Selected Messages, bk. 1, p. 70.*

“Muponesi akapa musiyano wekubvunzurudza kwekunyunyuta uku nekutenda kusina hunyengeri kwevaSamaria, vasina kukumbira kuitirwa chishamiso kana chiratidzo. Shoko rake, chiratidzo chinongogara chiriko chehuMwari hwake, rakanga rine simba raipa kugutsikana iro rakasvika mumoyo yavo.” – *The Desire of Ages, p. 198.*

“Kunyange [Jesu] akanga ari muJudha, aisangana akasununguka nevaSamaria, asingaremekedzi tsika dzechiFarisi dzevaJudha mayererano nevanhu ava vaizvidzwa. Akarara mudzimba dzavo, akadya patafura dzavo, uye akadzidzisa mumigangwa yavo.” – *The Acts of the Apostles, p. 19.*

b. Dongonodza nhoroondo yevazhinji avo vakataura chokwadi chenguva yavo kuvanhu vanodavira kuti ndevaMwari mumakore ose akadarika. Jeremia 20:8-11.

“Kutaura kwose kwairovedzwa pana Kristu kwakanga kwakavakirwa manyepo. Ndizvo zvakanga zvakafanana napana Stephen, uye pana Pauro. Asi mashoko asina simba uye asina kuvimbika zvakanyanyisisa akaitwa kurutivi rusirwo akanga ane chekuita, nechikonzero chekuti pakanga pane vazhinjisa avo moyo yavo yakanga isina kuchenurwa, vakanga vachidisa mashoko iwayo kuti ave echokwadi. Vakadaro vanongodokwairira kuti vabatanidze pamusoro peizvo zvingafungirwa kuti hazvisirizvo kana kuti kukanganisa muna avo vanotaura kwavari chokwadi chisinganakidzi.

“Hazvifaniri kutishamisa kana zvakaipa zvinobva pamashoko asina umbowo zvichibvutwa pamusoro pazvo nemakaro semashoko echokwadi neavo vane havi yemanyepo. Vapikisi vaKristu nguva nenguva vakanga vachivhiringika uye vachinyaradzwa nehuchenjeri hwemashoko ake; asi vakadaro vakanga vachingoramba vachiteerera nechidokwa-dokwa kumakuhwa ose, uye vakanga vachiwana humwe hunyengeri hwekumusungwa zvakare nemibvunzo yekumupikisa.” – *Selected Messages, bk. 1, pp. 70, 71.*

a. Apo kutenda kwemutariri washe pakwakabatira pana Kristu, akataura chikumbiro chake nenzira ipi? Johani 4:49.

“Sekupenya kwechiedza, mashoko aMuponesi kumutariri washe akaisa pachena zvaiva mumoyo make. Akaona kuti zvinangwa zvemaitiro ake mukutsvaka Jesu zvakanga zvine chindini. Kutenda kwake kusina kugadzikana kwakaratiidzwa kwaari muchimiro chako chechokwadi. Mukushungurudzika kwakadzama akaona kuti kusatenda kwake kwaigona kuda kuti arasikirwe neupenyu hwemwanakomana wake. Akaziva kuti akanga ari muhvepo hweUyo akanga achigona kuverenga mifungo, uye uyo kwaari zvinhu zvose zvakanga zvichigoneka....Kutenda kwake kwakabatira pana Kristu sezvakaita Jakobho, apo, achirwisana neMutumwa, akadanidzira akati, ‘Handingakuregei kuti muende, musati mandiropafadza.’ Genesisi 32:26.” – *The Desire of Ages*, p. 198.

b. Chii chatinodzidza kubva pane zvakaitwa naJesu pachinzvimbo chekuenda kumba kwemutariri washe? Johani 4:50.

“Jesu akanga ane chipo chikurusa chekuti ape. Akanga achidisa, kwete kuporesa mwanachete, asi kuita mutariri neveimba yake vagoverwi muzvikomborero zveruponeso, uye kubatidza mwenje muKapernaume, umo nenguva shoma-shoma makanga muchizova munda wake wekushandira pachake. Asi mutariri washe aifanira kuona chaaaida chakakosha asati aita chidiso chenyasha dzaKristu. Mutariri wepachigaro choushe uyu akanga achimirira vakawanda verudzi rwake. Vakanga vachifarira Jesu zvichibva muzvinangwa zvekuita kwechindini. Vakanga vane tariro yekugamuchira rumwe rubatsiro rwakakoshesesa kuburikidza nesimba rake, uye vakanga vasungirira kutenda kwavo pakupiwa rubatsiro rwaidarika urwu; asi vakanga vasingazivi mayerano nechirwere chavo chepamweya, uye vakanga vasingaoni chavaida chakakosha chenyasha dzehuMwari....

“Muponesi haagoni kuzvibvisa kubva kumweya unobatira paari, uchigombederera chaunoda chikuru. ‘Enda hako,’ akadaro kwaari; ‘mwanakomana wako mupenyu.’ Mutariri washe akabva pamberi paMuponesi nerugare nemufaro waakanga asina kumbobvira amboziva. Haana kutenda chete kuti mwanakomana wake akanga achizoporeswa, asi nekuvimba kwakasimba akavimba muna Kristu seMudzikinuri.” – *Ibid.*, pp. 198,199.

“Tose tinodisa mhinduro inokurumidza uye iri pachena kuminamoto yedu, uye tinoyedzwa kuti tive tinoshaya tariro kana mhinduro ikanonoka kana kuti ikauya nenzira yatisina kutarisira. Asi Mwari ane huchenjeri hwakanyanyisisa nekunaka kwakanyanyisisa kuti apindure minamoto yedu nguva dzose nenguva yacho chaiyo uye nenzira yacho chaiyo yatinoda. Anozoitira zvakanaka uye zvakanaka kwatiri pane kuzadzisa zvidiso zvedu zvose....Nhorooondo idzi dzinoyera kutenda dzinobatsira isu.” – *The Ministry of Healing*, pp. 230, 231.

- a. **Nenzira ipi Jesu akarapa mwanakomana wemutariri washe? Johani 4:51-53. Ichokwadi chipi chazvinodaidza mupfungwa? VaEfeso 3:20, 21.**

“Panguva iyoyo chaiyo apo kutenda kwababa kwakabatira pachivimbiso chekuti, ‘Mwanakomana wako mupenyu,’ rudo rwehuMwari rwakabata mwana aiva ari kufa.” – *The Desire of Ages*, p. 199.

“Panguva imwecheteyo varindiri vaiva parutivi rwemwana aiva ari kufa mumusha waiva kuKapernaume vakaona shanduko muchinguva chidoko yai-shamisa. Mumvuri werufu wakasimudzwa kubva pachiso chewairwadziwa. Kupisa kwefivhiri kwakapa nzvimbo kukupenya kwakapfava kwehutano hwaidzoka. Maziso aiva asisina kujeka akanga ajekeswa neruzivo, uye simba rakadzoka kumuviri waiva usisina simba, waiva waparara. Hakuna zviratidzo zvekurwara kwake zvakaramba zviripo pamwana. Nyama yake yaiva ichipisa yakanga yapfava ine hunyoro, uye akabva anyura mukurara kwakanyarara. Fivhiri yakanga yamusiya mukupisa kwemasikati chaiko. Mhuri yakashamisika, uye kwakava nemufaro wakakura.” – *Ibid.*

- b. **Jesu anopindura nenzira ipi kune umwe neumwe anogombederera rubatsiro? Mateo 11:28-30.**

“Muponesi haagoni kuzvibvisa kubva kumweya unobatira kwaari, uchigombederera chaunoda chikuru.” – *Ibid.*, p. 198.

“Unonzwa here mauri kuti nechikonzero chekuti uri mutadzi haugoni kuva netariro yekugamuchira chikomborero kubva kuna Mwari? Rangarira kuti Kristu wakauya panyika kuti aponese vatadzi. Hatina chatinacho isu chinoita kuti tigamuchirike kuna Mwari; chikumbiro chatinogona kupa ikozvino uye nekusingaperi chimiro chedu chekusagona kuzvibatsira zvachose, chinoita kuti simba rake rekudzikinura rive rakakosha. Tichisiya kuzvimiririra pachedu kwose, tinogona kutarisa kumuchinjiko weKarivhari tichiti:

“‘Handina chekumupa, ndouya kumuchinjiko.’” – *The Ministry of Healing*, p. 65.

1. **Chikonzero nei kazhinji vaporofita vasinga gamuchirwi munzvimbo dzavo pachavo?**
2. **Mashoko api emutariri washe akaratidza kusatenda kwake?**
3. **Kristu akaita sei kukusatenda kwevanhu?**
4. **Ndiyani akaratidza kutenda kukurusa muna Jesu – vaJudha kana vaHedheni?**
5. **Chii icho Jesu anovimbisa kuna vose vanogamuchira rukoko rwake?**

Jesu Nemunhu

Akaoma Mutezo wepaBetsaida

VHESI YEKURANGARIRA: “Asi Jesu wakapindura, akati: Baba vangu vano-bata kusvikira zvino, neni ndinobatavo” (Johani 5:17).

Bhuku Ratingaverenga: *Testimonies for the Church, vol. 1, pp. 560-567.*
 “Basa raKristu mukuporesa vanorwara rakanga richipindirana zvakakwana nemutemo. Raikudza sabata.” – *The Desire of Ages, p. 207.*

1. MVURA DZAIRAPA

Sun, Mar 9

- a. **Nechinangwa chei vanhu vakawanda vakaremara vakanga vachienda kuJerusarema? Johani 5:2, 3**
- b. **Kutenda kupi kwakanga kune vanhu pamusoro pedziva reBetsaida? Johani 5:4.**

“Nedzimwe nguva mvura dzemudziva iri dzaibvongodzwa, uye zvakanga zvakajairirwa kutendwa kuti izvi zvakanga zvichikonzerwa nesimba risingaonekwi, uye kuti ani nani waitanga kupinda mumvura idzi dzichinge dzabvongodzwa, aiporeswa chero chirwere chipi chaakanga anacho. Mazana nemazana evairwara vakashanyira nzvimbo iyi; asi mhomho yevanhu yakanga yakakura zvekuti apo mvura yaibvongodzwa vaimhanyira kumberi, vachitsikirira pasi petsoka varume, vakadzi nevana, vaiva vasina kusimba kuvadarika. Vazhinji vaisagona kuuya pedyo nedziva. Vazhinji vakanga vakunda kusvika pariri vakafira pamhenderekedzo paro. Dzimba dzakanga dzakavakwa dzichipoteredza nzvimbo iyi, kuti vairwara vagone kudzivirirwa kubva kukupisa mumasikati nekutonhora kwemanheru. Kwaiva nevamwe vakapedza usiku hwose vari mumabiravira iwaya, vachikambaira kuenda kumhenderekedzo kwedziva zuva nezuva, vaine tariro yekuporeswa isina kubudirira.” – *The Desire of Ages, p. 201.*

- c. **Kutaurirana pakati paJesu nemurume mumwechete aiva padziva kwakatanga sei? Johani 5:5-7.**

a. Nderipi basa rinoonekwa nevanhu risingagoneki kuitwa iro Jesu akaraira wakanga akaoma mutezo kuti aite – uye netuso ipi? Johani 5:8, 9 (chikamu chekutanga).

“Jesu haana kukumbira wairwadziwa uyu kuti ashandise kutenda maari. Akangoti chete kwaari, ‘Simuka, tora nhovo dzako, ufambe.’ Asi kutenda kwemurume uyu kwakabatira pashoko iroro. Tsinga dzose dzinotungamirira kufamba kwemashoko kunhengo dzemuviri nemasimba ose emuviri anofara neupenyu hutsva, uye kuita kune utano kwakauya kumakumbo ake akanga akaremara. Zvisina mubvunzo anoisa chidiso chake kuti ateerere kuraira kwa-Kristu, uye masimba ake ose anodavira kuchidiso chake. Achisimuka patsoka dzake, anozviwana pachake ava munhu aifamba.

“Jesu akanga asina kumupa vimbiso yerubatsiro rwehuMwari. Murume uyu aigona kunge akamira kuti anyunyute, akarasikirwa nemukana wake mumwechete wekuporeswa. Asi akatenda shoko raKristu, uye mukuita zvaraireva akagamuchira simba.” – *The Desire of Ages*, pp. 202, 203.

b. Muchimiro chipi chepamweya vanhu avo vakaparadzana naKristu vanoziwana vari machiri? Isaya 1:5, 6; VaRoma 7:24.

“Kuburikidza nechitema takagurwa kubva paupenyu hwaMwari. Mweya yedu ine mitezo yakaoma. Pachedu toga hatichakwanisi zvakare kurarama upenyu hutsvene zvirinani kudarika zvakanga zvakaita murume waiva asina simba kumakumbo waiva asingagoni kufamba. Pane vakawanda vanoona kusagona kuzvibatsira kwavo, uye vanodokwairira upenyu uhwo hwepamweya hunozovaunza mukupindirana naMwari; vari kushingaira kuti vachiwane asi vachikundikana.” – *Ibid.*, p. 203.

c. Mushonga chete wechimiro chakadaro ndoupi? Mabasa Avapostori 9:34.

“Muponesi ari kukotama pamusoro pezvakatengwa neropa rake, nekupfava nekunzwira tsitsi kusingatsananguriki achiti, ‘Unoda kuporeswa here?’ Anokurayira kuti usimuke uri muhutano nemurugare. Rega kumirira kuti unzwe mauri kuti waporeshwa. Tenda shoko rake, uye rinobva razozadzikiswa. Isa chidiso chako kurutivi rwaKristu. Chidiso chekumushumira, uye mukuita zvinoreva shoko rake unozogamuchira simba. Chero kuita kwakaipa kungavepo, kuchiva kunobata ushe uko kuburikidza nekugutswa kwenguva yakareba kunosunga zvose mweya nyenya, Kristu anogona uye anodokwairira kudzikinura. Anozopa upenyu kumweya uyo ‘wakafa mukudarika kwawo.’ VaEfeso 2:1. Anozosunungura vakasungwa avo vakabatwa neutera nerombo rakashata nengetani dzechitema.” – *Ibid.*

a. Nenzira ipi Kristu anotibatsira kuti tikurire? vaEfeso 2:1-6.

“Munhu semaberekerwo ake anorerekera kutevera pfungwa dzinopiwa naSatani, uye haagoni kurwisa achikurira muvengi anotyisa zvakadaro kunze kwekuti Kristu, Mukuriri mukuru, achigara maari, achitungamirira zvidiso zvake, uye achimupa simba... Satani anoziva zviru nani kudarika vanhu vaMwari simba ravanogona kuva naro pamusoro pake kana simba ravo riri muna Kristu. Apo vanogombedzera nekuzvininipisa Mukuriri mukuru kuti avabatsire, mutendi muchokwadi asina simba zvakananyisisa, achivimba akasimba pana Kristu, anogona kukunda kudzinga Satani nehondo yake yose.” – *Testimonies for the Church, vol. 1, p. 341.*

“Tinofanira kudzidza kuna Kristu. Tinofanira kuziva kuti iye ndiye chii kune avo vaakadzikinura. Tinofanira kuona kuti kuburikidza nekutenda maari mukana wedu kuti tive vagoverani vechimiro chehuMwari, uye kuti naizvozvo tipukunyuke huwori huri munyika kuburikidza nekuchiva. Ipapo tinobva tacheneswa kubva kuchitema chose, kusakwanira kwose kwechimiro. Hatifaniri kuchengeta kurerekera kuchitema kumwechete....

“Patinova vagoverani vechimiro chehuMwari, maitiro atinowana mukuzvarwa uye atinowana nekuita kwedu kukuita zvakaipa anobvisirwa kure kubva pachimiro, uye tinoitwa simba rinoraramira kune zvakanaka. Tichingoramba tichidzidza kuMudzidzisi wehuMwari, zuva rimwe nerimwe tichigoverana chimiro chake, tinoshandizana naMwari mukukurira miyedzo yaSatani. Mwari anoshanda, nemunhu anoshanda, kuti munhu agone kuva mumwe naKristu saKristu zvaari mumwe naMwari. Ipapo tinogara pamwe naKristu munzvimbo dzekudenga. Pfungwa dzinozorora nerugare uye nechivimbo muna Kristu.” – *The Review and Herald, April 24, 1900.*

b. Dongonodza rugare runouya nesimba kubva kuna Kristu. VaRoma 8:3-6.

“Mwana umwe neumwe anorarama neupenyu hwababa vake. Kana muri vana vaMwari, makazvarwa nemweya wake, munorarama kuburikidza neupenyu hwaMwari.... [Uye] upenyu hwaJesu hunobva hwaratidzwa ‘munyama yedu inofa’ (2 VaKorinde 4:11). Upenyu ihwohwo mauri hunozogadzira chimiro chimwechete nekutatidza mabasa mamwechete sezvawakaita maari. Ndizvo unozova mukupindirana nechirevo chimwe nechimwe chemurairo wake nekuti ‘murayiro waJehovha wakakwana, unoponesa mweya.’ Mapisarema 19:7. Kuburikidza nerudo ‘kururama kwemurayiro’ ‘kunozoitika matiri, isu tisingafambi nenyama, asi nomweya.’ VaRoma 8:4.” — *Thoughts from the Mount of Blessing, p. 78.*

a. Vasingabatikiri chikomborero chakanga chaiswa pamusoro pewaiva akaoma mutezo, chikonzero nei vaFarisi vakabva vatsamwa? Johani 5:9 (chikamu chekupedzisira), 10.

“Apo [wakaoma mutezo wakanga aporeswa] aifambisa achienda nenhando dzine simba dzakasununguka, achirumbidza Mwari uye achifara musimba rake idzva raakanga awana, akasangana nevaFarisi vakawanda, uye nekukuruidza akavataurira kuporeswa kwake. Akashamisika nekushaya chidokwa-dokwa uko vakanga vachiteerera nako nyaya yake.

“Vachikotamisa kumeso kwavo vakamuvhiringidza, vachibvunza chikonzero chakanga chaitea kuti atakure nhovo yake nomusi wesabata. Vakamurangaridza zvakasimba kuti zvakanga zvisiri pamutemo kuti atakure mitoro nezuya raJehovha. Mumufaro wake murume uyu akanga akanganwa kuti waiva musi wesabata; zvakadaro haana kunzwa maari kuzviwanira mhosva nekuteerera kuraira kweUyo wakanga ane simba rakadaro rinobva kunaMwari. Akapindura nekusatya akati, ‘Uyo wandiporesa ndiye wakati kwandiri: Tora nhovo dzako, ufambe.’ Vakabvunza kuti akanga ari ani wakanga aita izvi, asi haana kugona kumuziva. Vatongi ava vakaziva kuti Umwechete chete akanga aratidza pachake kugona kuita chiratidzo ichi; asi vakanga vachidisa umbowo hwaiva pachena hwekuti aiva Jesu, kuti vagone kumuwanira mhosva semupwanyu wesabata. Mukutonga kwavo akanga asina kupwanya murayiro chete mukuporesa murume airwara nomusi wesabata, asi akanga apara mhosva yokumhura zvinhu zvitsvene nekumuraira kuti atakure nhovo yake achienda.” – *The Desire of Ages*, pp. 203, 204.

b. VaJudha vakanga vagadzira sabata kuti rive rakaita sei? Mateo 23:4.

“VaJudha vakanga vatsausa murayiro zvakadaro zvekuti vakaugadzira kuti uve joko reusungwa. Zvavaida zvavo zvaiva zvisina zvazvaireva zvakanga zvava shoko rairangarirwa pakati pemamwe marudzi. Kunyanyisa sabata rakanga rakakomberedzerwa mukati nekuita kwose kwemiganhu yayiswa isingarevi chinhu. Rakanga risiri mufaro kwavari, zuva dzvene raJehovha rinokudzwa. Vanyori navaFarisi vakanga vagadzira kuti kuchengetwa kworo kuve mutoro usingatsungiririki. MuJudha akanga asingatenderwi kuvesa moto kana kunyange kubatidza mwenje nomusi wesabata. Nokuda kwaizvozvo vanhu vaiva vava kuvimba navaHedheni kuitirwa zvinhu zvakawanda izvo mitemo yavo yaivarambidza kuti vazviitire pachavo. Vakanga vasingazviratidzi kuti kana kuita uku kwaiva nechitema, avo vaishandisa vamwe kuti vavaitire vaiva nemhosva sekunge vakanga vazviitira basa racho pachavo. Vakanga vachifunga kuti ruponeso rwakanga rwuchingova rwavaJudha chete, uye kuti chimiro chevamwe vose, zvachaiva chisisina taro kare, hachaigadzirwa kuti chinyanye kushata. Asi Mwari haana kupa mirayiro isingagoneki kuteererwa navanhu vose. Mirayiro yake haitenderi miganhu isingaratidzi kufunga kwakakwana kana yechindini.” – *Ibid.*, p. 204.

a. Jesu wakanga achibatana sei nekumurayiro waMwari uye nekusabata? Isaya 42:21.

“Jesu akanga akauya kuti ‘akudze murayiro nekuurumbidza.’ Akanga asingazobvisi kuremekedzwa kwawo, asi kuti aikusimudzira....Akanga akauya kuti asunungure sabata kubva kumitoro inorema iyo yaidikanwa pariri yakanga yakarigadzira kuti rive chituko pachinzvimbo chekuva chikomborero.” – *The Desire of Ages*, p. 206.

b. Zvii zvinofanira kuitwa nezvisingafaniri kuitwa nomusi wesabata? Ekisodho 20:8-11.

“Pakati pevaishungurudzika vaiva padziva [Kristu] akasarudza chimiro chainyanyisisa kusiririsa pamusoro pachopaida kuratidza simba rake rekuporesa, uye akaraira murume yu kuti atakure nhovo yake achipfuura nemuguta kuti agone kuzivisa basa rakakura rakanga raitwa pamusoro pake. Izvi zvaizosimudza mubvunzo wezvakanga zviripamutemo kuti zviitwe nesabata, uye zvaizovhura nzira kwaari yekuti atsiure miganhu yayiswa nevaJudha mayererano nezuva raJehovha, uye kuti apupure tsika dzavo kuti dzakanga dzisina mature.

“Jesu akavataurira kuti basa rekuporesa vakanga vachirwara rakanga richipindirana nemurayiro wesabata. Rakanga richipindirana nebasa rengirozi dzaMwari, idzo dzinokwira nekudzika nguva dzose pakati pedenga nyenya kuti dzishumire kuvanhu vari kutambudzika....

“Uye munhu zvakare ane basa rekuti aite nezuva iri. Zvakakoshesa zveupenyu, zvinofanira kutariswa, vanorwara vanofanira kubatikirwa, zvinodiwa nevanoshaya zvinofanira kupiwa. Haazoshayirwi mhosva asingabatikiri kubvisa kutambudzika nomusi wesabata. Zuva raMwari dzvene rekuzorora rakagadzirirwa munhu, uye mabasa etsitsi anopindirana zvakakwana nezvinangwa zvaro. Mwari haana chidiso chekuti zvisikwa zvake zvitambudzike kurwadziwa kwakareba nguva imwe kubva mumakumi maviri nena nguva dzezuva kunogona kuporeswa nomusi wesabata kana rimwe zuva zvaro.” – *Ibid.*, pp. 206, 207.

1. Kutenda kupi kwakanga kuripo pamusoro pedziva reBetsida?
2. Ndechipi chimiro chaivapo chaipfuura zvakajairika chakakwezva kubatikira kwaKristu?
3. Kuoma mitezo kwedu kwepamweya kunogona kurapika nenzira ipi?
4. Chii chakatsamwisa vaJudha zvikurusisa pamusoro pekurapa kwezvishamiso?
5. Ndeapi mabasa anopindirana nemurayiro wesabata?

Kodzero YeMwanakomana

VHESI YEKURANGARIRA: “Nokuti Baba sezvavanoupenyu mavari, saizvozvo vo vakapa Mwanakomana, kuti ave noupenyu maari. Vakamupa simba rokutonga, zvaari Mwanakomana womunhu” (Johani 5:26, 27).

Bhuku Ratingaverenga: Thoughts from the Mount of Blessing, pp. 123-129.

“Simba rangu, [Jesu] akadaro rekuita basa iro ramunopomera ini mhosva, nderekuti Ndiri Mwanakomana waMwari, mumwe chete naye muchiro, muchidiso, uye muchinangwa. Mumabasa ake ose ekusika nekubatikira kwake, ndinoshandizana naMwari.” – *The Desire of Ages*, p. 208.

1. WAKAYENZANA NAMWARI

Sun, Mar 16

a. Kunze kwekuporeswa kwewaiva akaoma mutezo nomusi wesabata, vaJudha vakanga vachivenga Jesu nokuda kwechimwe chikonzero chipi? Johani 5:17, 18.

“Jesu aiti ane kodzero yakafanana neyaMwari...”

“Rudzi rwose rwavaJudha rwaidaidza Mwari kuti Baba, saka havaisagona kuti vasatsamwa zvakadaro kana Kristu akanga azviratidza pachake seakamira pahukama hwakafanana naihwohwo kuna Mwari. Asi vakamupomera mhosva yekumhura Mwari, vachiratidza kuti vakanga vachimunzwisisa kuti akanga achiita izvi mukuziva kwepamusorosa.” – *The Desire of Ages*, pp. 207, 208.

b. Kristu akasimudzira kodzero yemirayiro yaMwari kuva pamusoro petsika dzavanhu nenzira ipi? Mateo 15:1-9, 13

“Mhandu idzi dzaKristu dzakanga dzisina chekutura chekuti dzisangane nechokwadi chaaiunza9999. Vaigona chete kungonongedza maitiro avakajaira netsika dzavo, uye izvi zvakanga zvichiratidza kuva zvisina simba uye zvisina kukosha apo zvaiyenzaniswa nematauriro ayo Jesu akanga atora kubva mushoko raMwari uye zvinoramba zviriko zvakasikwa.” – *Ibid.*, p. 208.

- a. **Jesu akatsanangura sei hukama hwake naBaba? Johani 5:19, 20.**
- b. **Ikodzero ipi nesimba ripi zvaiva zvaBaba izvo Kristu akapupura kuti akanga anazvowo? Johani 5:21-23.**

“Vapirisita nevatongi vakanga vakazvigadza pachavo pamusoro sevatongi kuti vawanire mhosva basa raKristu, asi wakazvipupura pachake kuti waiva iye mutongi wavo, uye mutongi wepasi rose. Nyika yakanga yakapiwa kuna Kristu, uye kuburikidza naye kwakauya zvikomborero zvose kubva kunaMwari zvichienda kurudzi rwakadonha. Akanga ari Mudzikinuri asati atora chimiro chemunhu zvakangofanana nepaakanga ator chimiro chemunhu. Papa-kangova nechitema chete, pakabva pava naMuponesi. Akapa chiedza neupenyu kuna vose, uye mayererano nechiyero chechiedza chakapiwa, umwe neumwe uchatongwa saizvozvo. Uye uyo akapa chiedza, uyo anova akatevera mweya nekugombedzera kwakapfava, achitsvaka kuuwana kubva kuchitema uchienda kuhutsvene, ari zvose mumiririri nemutongi wawo.” – *The Desire of Ages*, p. 210.

- c. **Dongonodza shanduko inoitika mumaitiro apo tinoziva kuti Kristu ndiye mutongi wedu. VaRoma 2:1-3; Mateo 7:1.**

“Uyo anongosiya mweya wekutsoropodza ane mhosva yechitema chakakurisa kudarika uyo waanopomera, nekuti haapari chitema chimwechete ichocho chete, asi anowedzera kwachiri kuzvikudza nekutsoropodza kwakanyanyisisa.

“Kristu ndiye chete chiyero chechokwadi chechimiro, uye uyo unozvigadza pachake pamusoro sechiyero kune vamwe ari kuzviisa pachake pachinzvimbo chaKristu. Uye sezvo Baba ‘vakaisa rutongo rwose kuMwanakomana’ (Johani 5:22), ani nani anatora kuisa paari kuti atonge zvinangwa zvamaitiro evamwe ari zvakare kubvuta nechisimba kodzero yakafanira Mwanakomana waMwari chete. Ava vasingakundi kuva vatongi nevatsoropodzi vari kuzviisa pachavo kurutivi rwaantiKristu, ‘iye, unorwa achizvikudza pamusoro pezvose zvinonzi Mwari, kana zvinonamatwa; nokudaro kuti unogara saMwari, achizviita Mwari.’ 2 VaTesaronika 2:4.” – *Thoughts from the Mount of Blessing*, pp. 125, 126.

“Hatigoni kuverenga moyo. Pachedu tine mhaka, hatikwaniri kuti tigare mukutonga pamusoro pevamwe. Vanhu vane upenyu hunoguma vanogona kutonga chete vachitarisa zviri kunze. Kuna Iye chete anoziva zvinyuka zvemaitiro zvakananzika, uye uyo anoshanda nekupfava nekunzwira tsitsi, ndiye wakapiwa kuti aite mhedziso yechimiro chemweya umwe neumwe.” – *Ibid.*, p. 124.

a. Ivimbiso ipi inopiwa kumutendi umwe neumwe wakazvipira muna Kristu? Johani 5:24.

“Murayiro imwe neimwe uye muchipikirwa chimwe nechimwe cheshoko raMwari ndimo mune simba, upenyu chaihwo hwaMwari, kuburikidza nahwo rayiro inogona kuzadzisika uye chipikirwa chosvitswa kumagumo acho. Iye uyo kuburikidza nekutenda anogamuchira shoko ari kugamuchira upenyu chaihwo nechimiro chaicho chaMwari.” – *Christ’s Object Lessons*, p. 38.

“Basa rakakura rinoitirwa mutadzi uyo akaiswa mavara mavara uye akasvibiswa nechakaipa ibasa rekururamiswa. Kuburikidza naye uyo unotaura chokwadi anopupurwa kuti wakarurama. Jehovha anopa kumutendi kururama kwaKristu uye anomutaura kuti wakarurama pamberi pezvose zvakasikwa. Anoendesa zvitema zvake kuna Jesu, mumiririri, mutsvi nechivimbiso chemutadzi. Pamusoro paKristu anoisa chitema chemweya umwe neumwe unotenda. ‘Uyo wakanga asingazivi zvivi, wakamuita kuti ave zvivi nokuda kwedu; kuti isu tive kururama kwaMwari maari’ (2 VaKorinde 5:21)....

“Kunyange sezvatiri vatadzi tiri pasi pekuwanirwa mhosva nemurayiro, zvakadaro Kristu kuburikidza nekuteerera kwake akapa kumurayiro, kodzero yemweya unotendeuka yekunaka kwekururama kwake pachake. Kutigonekumwana kururama kwaKristu, zvakakosha kuti mutadzi azive kuti kutendeuka ikoko kunorevei kunoshanda shanduko itsva yepfungwa nemweya nemaitiro. Basa rekushandurwa rinofanira kutangira mumoyo, uye rotidza simba raro richibuda musimba rimwe nerimwe rekugona kuziva repfungwa dzemunhu; asi munhu haagoni kuvamba kutendeuka kwakadaro kwakafanana naikoku, uye anogona kuva nenhoroondo yako chete kuburikidza naKristu, uyo wakakwira kumusoro kumatenga, akatungamirira husungwa kuwusungwa, uye akapa zvipo kuvanhu.” – *Selected Messages*, bk. 1, pp. 392, 393.

b. Ndeipi kodzero yehumwari iyo Kristu akaraidza kuti akanga anayo? Johani 5:25-29.

“Nechikonzero chekuti akanga aravira musariridzwa wokupedzisira wacho wekutambudzika nekuyedzwa kwevanhu, uye ainzwisisa utera nezvitema zvevanhu; nechikonzero chekuti pachinzvimbo chedu akarwisa akakunda miyedzo yaSatani, uye achazoshanda nekutendeka uye nekupfava nemweya iyo ropa rake pachake rakadeuka richibuda kuti ayiponese – nechikonzero ichi, Mwanakomana wemunhu unogadzwa kuti aite rutongo.” – *The Desire of Ages*, p. 210.

Kristu wakapiwa simba rekuti ape upenyu kuzvinhu zvose zvinorarama.” – *Selected Messages*, bk. 1, p. 249.

a. Jesu wakatsanangura nenzira ipi chikonzero chekusatenda kweva-Judha? Johani 5:37, 38.

“Pachinzvimbo chekukumbira ruregerero pachiiitiko icho chavakanyunyuta, kana kutsanangura chinangwa chake mukuchiita, Jesu akatendeukira kuvatongi, uye wakanga achipomerwa wakabva ava mupomeri. Akavatsiura nekuda kwekuoma kwemoyo yavo, uye nokusaziva kwavo magwaro. Akapupura kuti vakanga varamba shoko raMwari, zvimwechetezvo sezvavakanga vamuramba uyo akanga akatumwa naMwari.” – *The Desire of Ages*, p. 211.

b. Chikonzero nei vaJudha vakanga vakundikana kunzwisisa magwaro? Johani 5:39, 40.

“Papepa rimwe nerimwe, zvisinei nekuti inhoroono, kana chirevo, kana chiporofita, Magwaro eChitenderano Chekare anojekeswa nekubwinya kweMwanakomana waMwari. Parizvino sezvawakanga uri mutemo wehuMwari, kuita kwose kwechiJudha kwakanga kuri kubatana kwakasimba kwechiporofita chevhangeri. Kuna Kristu ‘vaporofita vose vanomupupurira.’ Mabasa Avapositori 10:43. Kubva pachipikirwa chakapiwa kuna Adhamu, kudzika kupfuura madzibaba ose emarudzi uye hupfumi huri pamutemo, chiedza chedenga chinobwinya chakaisa pachena mutsindo wetsoka dzeMudzikinuri. Vacherechedzi vezvehuMwari vakaona Nyeredzi yeBheterehemu, Shiro waifanira kuzouya apo zviitiko zvembari zvapakapfuura pambari pavo zvichitevera zvinoshamisa. Muchibayiro chimwe nechimwe rufu rwaKristu rwakararidzwa. Mugore rimwe nerimwe rezvinonhuhwira kururama kwake kwakakwira. Kuburikidza nehwananda yekupemberera chiiitiko chakaitika chimwe nechimwe zita rake rakaziviswa. Muchishamiso chinotyisa chemunzvimbo tsvene-tsvene kubwinya kwake ndimo makwaigara.

“VaJudha vakanga vane Magwaro ari avo, uye vakafungidzira kuti muruzivo rwavo rweshoko rwekunze chete vakanga vane upenyu husingaperi. Asi Jesu akati, ‘Shoko ravo harigari mukati menyu.’ Zvavakanga varamba Kristu mushoko rake, vakamuramba zvakare ari munhu. Asi hamudi kuuya kwandiri,’ akadaro, kuti muve neupenyu.”

“Vatungamiriri vevaJudha vakanga vakanzvera dzidziso dzevaporofita mayererano nehumambo hwaMesiasi; asi vakanga vakaita izvi, asi kwete nechidiso chekurevesa kuti vazive chokwadi, asi nechinangwa chekuwana umbowo hwekuti vachengete tariro dzezvidokwa-dokwa zvavo. Apo Kristu akauya nenzira yaipikisana nekutarisira kwavo, havana kugona kumugamuchira; uye kuti vapupure kutendeka kwavo, vakayedza kuratidza umbowo hwekuti aiva munyengeri. Apo vakangoisa tsoka dzavo munzira iyi chete, zvakanga zvava nyore kuti Satani asimise kupikisa kwavo Kristu. Mashoko chaiwo aifanira kunge akagamuchirwa seumbowo hwehuMwari hwake aidudzirwa achimupikisa. Ndizvo vakashandura chokwadi chaMwari kuva manyepo.” – *Ibid.*, pp. 211, 212.

a. Chii chakatungamirira vaJudha kuti varambe Jesu vachitsvaka vadzidzisi vemanepo? Johani 5:41-44.

“Jesu akati, ‘Handigamuchiri kukudzwa kunobva kuvanhu.’ Kwakanga kusiri kukwezva kwevatongi, kana kutendedza kwavo kwaaiva nechidiso nako. Haai-gona kugamuchira kukudzwa kubva pakutendedza kwavo. Akanga akapiwa kukudzwa nesimba rekudenga. Dai akanga ane chidiso nako, ngirozi dzingadai dzakauya kuti dzimupe kuremekedzwa; Baba vangadai zvakare vakapa umbowo kuhuMwari hwake. Asi nokuda kwekuitira ivo pachavo, nokuda kwerudzi urwo ivo vaiva vatungamiriri varwo, akanga achidisa vatongi veva-Judha kuti vanzwisise chimiro chake vagogamuchira zvikomborero zvaakauya kuti ape kwavari.

“Ndakauya nezita rababa vangu, asi hamuna kundigamuchira; kana mumwe akasvika nezita rake amene, muchamugamuchira iye.’ Jesu akauya nekutendera kwaMwari, akatakura mufananidzo wake, achizadzisa shoko rake, achitsvaka kukudzwa kwake; zvakadaro haana kugamuchirwa nevatungamiriri vaiva mulstraeri; asi kana vamwe vaizouya, vachizviti ndivo Kristu, asi vachitungamirirwa nezvidiso zvavo pachavo uye vachitsvaka kukudzwa kwavo pachavo, vakanga vachizogamuchirwa. Uye chikonzero nei? Nechikonzero chekuti uyo unotsvaka kukudzwa kwake pachake une kukwezva kunofadza kuchidiso chekuzvikwiridzira chiri mune vamwe. Kukukwezva kunofadza kwakadaro vaJudha vaidavira kwakuri. Vakanga vachigamuchira mudzidzisi wenhema nechikonzero chekuti akanga achinyengedza kuzvikudza kwavo kuburikidza nekutendera mifungo yavo netsika dzavo zvaivafadza. Asi dzidziso yaKristu yakanga isingapindirani nemaonero avo. Yakanga iri yepamweya uye yaida, kuzvipira kubva kuchidini; naizvozvo havaigona kuigamuchira. Vakanga vasingazivi Mwari, uye kwavari inzwi rake kuburikidza naKristu rakanga riri inzwi rewavaisaziva.

“Chinhu chimwechete ichochi hachisi kudzororwa here mumazuva edu? Hapana here vakawanda, kunyange vatungamiriri vezvitendero, vari kuomesa moyo yavo kuMweya Mutsvene, vachiita kuti zvisava nyore kwavari kuti vazive inzwi raMwari? Havasi kuramba shoko raMwari here, kuti vachengete tsika dzavo pachavo?” – *The Desire of Ages*, pp. 212, 213.

1. Isimba nekodzero ipi iyo Kristu aiti anayo?
2. Ukama hupi nguva dzose hwakanga huripo pakati paJesu naBaba?
3. Nderipi simba rinopa upenyu iro Kristu anaro?
4. Tsanangura Johani 5:39.
5. Dongonodza tuso yekuramba Jesu saMesiasi kwevaJudha.

Jesu Unopa Zvokudya Kuvanhu Vazhinji

VHESI YEKURANGARIRA: “Asi Jesu wakati kwavari, havafaniri havo kuenda. Imi muvapei zvavangadya” (Mateo 14:16).

Bhuku Ratingaverenga: Testimonies for the Church, vol. 6, pp. 341-348.

“Kazhinji tinonokera, tisingadi kupa zvose zvatinaivo, tichitya kuti tishandise uye kuti zvishandisirwe kune vamwe. Asi Jesu akatirayira isu kuti, ‘Imi muvapei zvavangadya.’ Rayiro yake chipikirwa; uye kumashure kwayo kune simba rimwechete rakapa zvokudya kuvazhinji paritivi rwegungwa.” – *The Desire of Ages*, p. 369.

1. MWEYA INE NZARA

Sun, Mar 23

a. Kunze kwevadzidzi, ndivanaani vamwe vakaenda naJesu apo akaenda mhiri kwegungwa reGarirea Paseka isati yasvika? Johani 6:1, 2.

“Kristu akanga aenda kunozorora kunzvimbo yakavanda nevadzidzi vake, asi nguva iyi isinganyanyi kuwanikwa yerunyararo rwerugare yakavhiringidzwa pasina kupera nguva. Vadzidzi vakafunga kuti vakanga vazorora uko kwavakanga vasingazovhiringidzwi; asi munguva shoma iyo vazhinji vakanga vakaungana pavakashaya Mudzidzisi wehuMwari, vakabvunza vachiti, ‘Wayenda kupi?’ Vamwe pakati pavo vakanga vaona nzira iyo Kristu nevadzidzi vake vakanga vaenda nayo. Vazhinji vakaenda nemigwagwa kuti vanosanganana navo, apo vamwe vakatevera vari muzvikepe zvavo vachipfuura nemumvura. Paseka yakanga yoda kusvika, uye, kubva kure nepedyo, gurumwandira revapfuuri vaiva vari munzira kuenda Jerusarema vakaungana kuti vaone Jesu. Vakaramba vachiwedzerwa huwandu hwavo, kusvika vakanga vakaunganapo vakasvika zvuru zvishanu zvevarume chete pasina vakadzi nevana. Kristu asati asvika kumhenderekedzo, vanhu vazhinji kwazvo vaiva vakamumirira. Asi akasvika asingazviratidzi kwavari, akamboita nguva shoma ari kwake nevadzidzi vake.” – *The Desire of Ages*, p. 364.

b. Dongonodza chimiro chepamweya chevanhu vaiva vachiungana. Mako 6:34.

a. Kristu chii chaakaziva nekupfava chaidiwa nevanhu chakanga chakavakoshera – uye akashandisa sei mukana yu kuyera kutenda kwemudzidzi wake, Firipi? Johani 6:3-6.

“Kubva parutivi rwechikomo [Jesu] akatarisa pamusoro pevanhu vazhinji vaifamba, uye moyo wake wakabva wamutswa nekunzwira tsitsi. Akanga avhiringidzwa, uye ashayiswa nguva yekuzorora, asi haana kushayiwa kutsungirira. Akaona kukosha kwakakurisa kwaida kubatikira kwake apo akanga achiongorora vanhu vaiuya uye vaingoramba vachiuya. ‘Akamutswa maari kuvanzwira tsitsi, nechikonzero chekuti vakanga vakaita semakwai asina mufudzi.’ Achisiya kwaiva nerunyararo kwakavanda, akawana nzvimbo yakasununguka apo aigona kushumira kwavari. Vakanga vasina kuwana rubatsiro kubva kuvapirisita nevatongi; asi mvura dzinorapa dzeupenyu kubva kuna Kristu apo akanga achidzidzisa vanhu vazhinji nzira yeruponeso.

“Zuva iri rakaratidzika kwavari sekuti denga rakanga rauya panyika, uye vakanga vasingazivi zvachose kuti yakanga iri nguva yakareba zvakadini kubvira pavakanga vambowana zvokudya.

“Munguva yakareba zuva rakanga rapera. Zuva rakanga rovira kumavirira, uye zvakadaro vanhu vakanga vachiramba vachingotendera varipo. Jesu akanga ashanda zuva rose asina kudya kana kuzorora. Akanga asuruvara kubva kukuneta nenzara, uye vadzidzi vakamunyengetera kuti amire kubva kukushanda kwake nesimba. Asi akanga asingagoni kuzvibvisa pachake kubva kuvanhu vazhinji vairamba vachimanikidzana vachiuya kwaari.

“Uyo wakanga achidzidzisa vanhu nzira yekuwana rugare nemufaro wakanga achifungisa zvakare pamusoro pezvavaida zvakakosha zvepano pasi zvimwechetezvo nezvavaida zvakakosha zvepamweya yavo. Vanhu vakanga vaneta uye voziya. Paiva naana amai vaiva nevana numaoko avo, uye vana vadiki vaibatira pazvipfeko zvavo. Vazhinji vakanga vakamira kwenguva yakareba....

“Vazhinji vakanga vabva kure, uye vakanga vasina chavakanga vadya kubvira mangwanani. Mumadhorobha nemisha yaiva yakapoterredza, vaigona kutenga zvokudya.... Asi Jesu akati, ‘Imi muvapei zvangadya,’ uye ipapo, achitend-eukira kuna Firipi, akabvunza akati, ‘Tingatengepiko zvingwa, kuti vanhu ava vadye?’ Izvi akazvitaure kuti ayere kutenda kwemudzidzi.” – *The Desire of Ages*, pp. 364, 365.

b. Firipi akaita sei? Johani 6:7.

“Firipi akatarisa pamusoro pegungwa remisoro yevanhu, uye akafunga kuti zvisaiva nyore zvakadini kuti vape zvokudya kuti zvigutse zvidiso zvevanhu vakawandisa zvakadaro. Akapindura kuti zvingwa zvamadenari anamazana maviri hazvingavaringani, kuti mumwe nomumwe atore zvishoma.” – *Ibid*.

a. Ndeapi mashoko akapiwa naAndreasi kuna Jesu – uye ipapo Ishe akarayira vadzidzi kuti vaite sei? Johani 6:8-10.

“Jesu akabvunza kuti ndezvokudya zvakawanda zvakadini zvaigona kuwanikwa pakati pevanhu vaiva vakaungana. ‘Pano panomukomana,’ akadaro Andreas, ‘unezvingwa zvishanu zvebhari nehove mbiri; asi izvi zvingakwanira sei vanhu vazhinji vakadai?’ Jesu akarayira kuti izvi zviuyiswe kwaari. Ipapo akarayira vadzidzi kuti vagarise vanhu pasi pahuswa mumapoka evanhu makumi mashanu kana churu, kuchengetedza kurongeka, uye kuti vose vave zvapupu zvezvaakanga ava kuda kuita.” – *The Desire of Ages*, p. 365.

b. Tsanangura matanho ayo Kristu akatora mukuwedzera zvimwe zvokudya zvakawandisa – uye zvidzidzo zvipi zvatinogona kudzidza kubva pane izvi. Mateo 14:19; Mako 6:37-41; Johani 6:11.

“Jesu haana kutsvaka kukwezva vanhu kwaari nekugutsa chidiso chezvinodhura zvakananyisisa. Kumhomho yakakura yevanhu iyoyo, yakaneta uye ine nzara mushure mezuva rakareba, rinofadza, muripo waivapo yakanga iri vimbiso yezvose simba rake uye kubatikira kwake kwakapfava kwavari mune zvakajairika zvinodiwa zvakakosha zveupenyu. Muponesi akanga asina kuvimbisa vateveri vake zvinodhura zvakananyisisa zvenyika; zvinovawira zvaigona kuva kuvharirwa mukushaya; asi shoko rake rinovimbiswa kuti zvavanoda zvakakosha zvichapiwa, uye wakavimbisa izvo zviri nani kudarika chinhu chiri panyika – kugara kunonyaradza kwehuvapo hwake pachake.” – *The Ministry of Healing*, pp. 47, 48.

“Muchiratidzo ichi, Kristu wakagamuchira kubva kuna Baba; akabva apa kuvadzidzi, vadzidzi vakapa kuvanhu, uye vanhu vakapanana pachavo. Saka vose vakabatanidzwa kuna Kristu vachazogamuchira kubva kwaari chingwa cheupenyu, vagochipa kune vamwe. Vadzidzi vake ndivo nzira yakasarudzwa yekutaurirana pakati paKristu nevanhu.” – *Ibid.*, p. 49.

c. Pachidzidzo chipi chiri pamusoro pekushumira kwazvokwadi chatinorangaridzwa isu ipapa? Isaya 61:6.

“Vadzidzi vakauyisa zvose zvavakanga vanazvo kuna Jesu; asi akanga asina kuvakoka kuti vauye vadye. Akavarayira kuti vape zvokudya kuvanhu. Zvokudya zvakawedzerwa zvizhinjisisa mumawoko ake, uye mawoko evadzidzi, achitambanudzirwa kuna Kristu, haana kumbova asingazari. Zvishoma zvaiva zvachengetwa zvakagutsa vose. Apo vanhu vazhinji vakanga vapiwa zvokudya, vadzidzi vakabva vadya pamwe naJesu zvokudya zvakakosha, zvakapiwa nedenga.” – *Ibid.*

a. Chii chatinofanira kudzidza kubva parayiro yakakosha iyo Jesu akapa apo akapedza kupa zvokudya kuvanhu vazhinji? Johani 6:12, 13.

“Apo matengu ezvimeu zvakasara akawunganidzwa, vanhu vakafunga pamusoro peshamwari dzavo dzaiva kumba. Vakanga vachida kuti vave nemugove muchingwa icho Kristu akanga aropafadza. Zvaiva mumatengu zvakagoverwa pakati pevanhu vazhinji vaiva nechidokwa-dokwa, uye zvakatakurwa zvichienda munzvimbo dzose dzaiva dzakapoterredza.” – *The Desire of Ages*, p. 368.

“Jesu akarayira vadzidzi vake achiti, ‘Vunganidzai zvimeu zvakasara, kuti kurege kurashika chinhu.’ Johani 6:12. Mashoko aya aireva zvakawanda kudarika kuisa zvokudya mumatengu. Chidzidzo ichi chakanga chichimirira zvinhu zviviri. Hapana chinofanira kurasika. Hatifaniri kurega ichienda mikana yepano panyika. Hapana chatinofanira kushayira hanya icho chinoshanda kubatsira munhu. Regai zvose zviwunganidzwe pamwe izvo zvinobatsira zvakakosha zvinodiwa neavo vari panyika vane nzara. Nekubatikira kumwechete tinofanira kubatisisa chingwa chinobva kudenga kuti tigutse zvakakosha zvinodiwa nemweya. Tinofanira kurarama neshoko rimwe nerimwe raMwari. Hapana icho chakataurwa naMwari chinofanira kurasika. Hatifaniri kushayira hanya chero shoko rimwe rine chekuita neruponeso rweu rwusingaperi. Hapana kana shoko rimwe rinofanira kudonha pasi serisina basa.” – *The Ministry of Healing*, p. 48.

b. Kunyange apo zvinogona kuratidzika zvisina kusununguka kana kuti zvisingagoneki, ndechipi chimiro chemuKristu chatinorayirwa kuti tivandudze? Isaya 58:6-8; 1 Peter 4:9.

“Mudambudziko rinongoyerekana raitika roga roga tinofanira kutsvaka rubatsiro kubva kwaari ane zvokushandisa zvisingaperi pakurayira kwake....

“Apo tinoona zvakakosha zvinodiwa nevarombo, nevasingazivi, nevanotambudzika, kakawanda zvakadini apo moyo yedu inonyura. Tinobvunza kuti, ‘Rinobatsirei simba redu rine utera nezvokushandisa zvedu zvisihoma kuti zvipe kune zvakakosha zvinodiwa zvinotyisa izvi? Hatigoni here kumirira umwe munhu une kugona kwakakurisa kuti atungamirire basa, kana boka revanhu vanoshandira pamwe kuti variite?’ Kristu anoti, ‘Imi muvapei zvaavangadya. Shandisai zvinhu, nguva, kugona, kwamunako. Unzai zvingwa zvenyu zvebhari kuna Jesu.

“Kunyange zvokushandisa zvenyu zvinogona kunge zvisingakwani kuti zvipe zvokudya kuzvuru, zvinogona kukwana kupa zvokudya kune umwechete. Muruwoko rwaKristu zvinogona kupa zvokudya kuvazhinji. Sezvakaita vadzidzi, ipa zvaunazvo. Kristu unozowedzera zvizhinjisisa kuchipo ichocho. Unozopa muripo kukutsamhira paari kwakatendeka, kusina kunyengera. Izvo zvinoratidzika zvirira kupa kusina kukwana kunozoratidza kuva mutambo wakapfumiswa.” – *Ibid.*, pp. 49, 50.

a. Ndechipi chimiro chinoshamisa chaMwari chatisingafaniri kumbobvira takanganwa? Mapisarema 37:25, 26; VaFiripi 4:19.

“Inyasha dzaMwari pazvishoma zvapiwa zvinoita kuti zvikwane zvose. Ruwoko rwaMwari runogona kuzviwedzera zvichiva zvizhinjisisa kakapetwa kazana. Kubva pane zvaanoshandisa anogona kugadzira tafura murenje. Neku-bata kweruoko rwake anogona kuwedzera zviripo zvisingakwani uye ozviita kuti zvikwane kune vose. Rakanga riri simba rake rakawedzera zvingwa nezviyo mumawoko evanakomana vevaporofita....

“Apo Jesu akarayira vadzidzi vake kuti vape vanhu vazhinji zvokudya, vakapindura vakati, ‘Isu hatinezvingwa zvingapfuvura zvisihanu, nehove mbiri, asi kana tikaenda kundotengera vanhu ava vose zvokudya.’ Ruka 9:13. Zvinokwanei pakati pevanhu vakawanda kudai?

“Chidzidzo ichi ndechevana vaMwari munguva dzose. Apo Jehovha anopa basa kuti riitwe, vanhu ngavarege kumira kuti vabvunze mukuva nepfungwa kwezvakarayirwa kana tuso ingagona kubuda yekushanda kwavo kuteerera. Zvavangapa zviru mumaoko avo zvinogona kuratidzika kusakwana pane zvakakosha zvinodiwa kuti zvizadziswe; asi mumaoko aJhovha zvinozorati-dza zvakanwanda kudarika zvinokwana....

“Kunzwisisa kwakakwana kwehukama hwaMwari kune avo vaakatenga nechipo cheMwanakomana wake, kutenda kwakakurisa mukuenderera mberi kwezvinangwa zvake munyika – ichi ndicho chinodiwa chakakosha chikuru chekereke nhasi. Ngakurege kuwanikwa vanorasa nguvan vachidemba kusakwana kwezvokushandisa zvavo zvinooonekwa. Kutaridzika kwekunze kunogona kunge kusingapi tariro, asi simba nekuvimba muna Mwari zvinozovandudza zvekushandisa. Chipu chinouyiswa kwaari nekupa kune kutenda uye nemunamato wechikomborero chake, anozowedzera zvizhinjisisa sezvaakawedzera zvokudya zvizhinjisisa zvakapiwa kuvanakomana vevaporofita uye kuvanhu vazhinji vaiva vaveta.” – *Prophets and Kings*, pp. 241-243.

1. **Dongonodza maitiro evanhu mukuteerera kushoko raKristu.**
2. **Mwari wakapa zvavaida zvakakosha zvavo zvepanyama nenzira ipi?**
3. **Tinodzidza chii kubva panzira iyo Kristu akachengeta vanhu vazhinji vari mukurongeka?**
4. **Chii chandinofanira kurangarira nguva dzose ndinotaurirwa nekukasira kuti, “Imi muvapei zvavangadya”?**
5. **Doma nguva idzo apo kubatikira kwaMwari kwauri kwakanga kuchishamisa zvikuru.**

Zvipo Zvemasabata Ekutanga



Sabata, January 4

Sabata, Jan 4 Zichashanda kumuzinda unoshanda zvakasiyana siyana zvehutano nezvedzidzo kuParaguay

Zvipo zvenyu zvamuchapa pachena zvichamutsiri-dza utano nekutenda kwevazhinji. (tarisa p. 4)



Sabata, February 1

Zichashanda Kubatsira Pamatanbudziko Anouyisa Kurasikirwa Pasi Rtee

Chipo ichi chinopa rubatsiro kune umwe neumwe ari munzvimbo dzinowirwa nenjodzi dzinoyisa kurasikirwa, dzine zvirwere, dzinofiwa, kana zviniro zvinopa kutanbudzika. (tarisa p.25)



Sabata, March 1

Zichashanda pamuzinda wezvedzidzo "weChildren of Character"

Kubatsira kupedzisa kuvaka chivakwa chitsva chevana vadiki vari kutanga kudzidza muRomania. (tarisa p. 46)